

MWEYA IRI

MUTORONGO IYE ZVINO



Ndatenda. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

Baba veKudenga, tinoKutendai, nhasi, nokuda kwemukana uyu wekuungana pamwe chete kamwe zvakare, tichiziva kuti rimwe zuva tichaungana kekupedzisira, sevanhu vanofa, shure kwazvo tozoungana tiri panzvimbo yakabwinyiswa pamwe chete neMi, uye vadzikinurwa vose vemumazera ose vachange vakaungana ipapo.

² O, moyo yedu inorova zvikuru, nezve... uye nokutarisira kukuru, takamirira kuti nguva iyoyo isvike! Naizvozvo, kutya kwese kunobva patiri. Hatina chokutya, hapana chatinovhunduka. Tinotarisa kuvimbiso iyo Mwari wemuna Zienda nakuenda akatiitira, uye tinoziva kuti iChokwadi. Ndicho chikonzero tichirarama. Ndizvo zvatinoraramira, nhambo iyoyo, nguva iyo, apo ichi chinofa chichashandurwa, uye tichaitwa saiye, zvino pachange pasisina hurwere, pasisina kusuwa, pasisina kushushikana kwemoyo. O, zvichange zvapera zvose ipapo. Uye nomufaro mumoyo, isu, mukutenda nokushinga, tinotarisa Zuva iri.

³ Ndicho chikonzero takaungana pano nhasi, Ishe, kureurura kukanganisa kwedu nokukumbira tsitsi. Ndicho chikonzero takatarisa artari iyi mangwanani ano, nokuti tinoziva kuti tinofa, uye pane kukanganisa kwakawanda matiri, uye takazara nemhosho. Asi tauya kuzoreurura kukanganisa kwedu, zvino totarisa kuna Baba vedu voKudenga nemoyo yakazaruka, kuitira maropafadzo nekuvandudzwa kwesimba nokutenda, izvo zvaAnotipa panguva ino, sezvo taungana pano zviri maererano nevimbiso, “munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu.” Nokuti tinotaura kuti takabva murufu tichipinda muUpenyu, kubudikidza nevimbiso yaKe, uye takasimudzirwa muhupo hweKudenga, tigere pamwe chete naYe zvino. Dai Akatidzidzisa mangwanani ano zvinhu izvo zvaAnoda kuti tizive, uye atipe Chingwa cheUpenyu, kuti tigoraramiswa munguva iri mberi kwedu. Zviitei, Ishe. Uyu ndiwo munamoto wedu watinokumbira nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

Garai henyu pasi.

⁴ Mangwanani akanaka, kunemi mose. Uye zvakanaka zvikuru kuungana zvakare pamwe chete nemi mangwanani ano, muhupo uhu hweKudenga hwekushumira.

⁵ Ndati nonokei zvisroma, tava ne... kumwe, kudaniurwa kune zvimwe zvinhanho zvakaipisisa munguva shoma yapfuura;

mukomana anga arerepo, ave kufa. Uye semazvirokwazvo ekumira kwandakaita pano, Ishe vabata mutumbi wake ndokumudzosera munzira. Saka . . .

⁶ Uye mu—mu—mumwe mukomana akamira pano, anova mwanakomana wehama yangu. Vanga vari maKatorike chaiwo, pakutanga, asi vaenda kumisa mangwanani ano zvino chimwe chinhu chikavaudza kuti vauye pano. Uye zvino vari . . . Pane shanduko. Saka vari—vari kuuya zvino kumba, uye vogadzirira kubhabhatidzwa mumvura. Saka zvadaro pane—pane . . . zvinongori zvinhu zvinoshamisa zvinoitwa naIshe wedu nguva dzose. Ari kungoramba nguva dzose achiita zvinhu. Vauya kuti vapinde mukati, zvino vatadza kupinda mukati. Vati hapatomborina nzira yekuti vapinde mukati.

⁷ Ini ndikati, “Zvakanaka, muri kuda kutaura neni,” uye ndikati, “saka, chingouyai kumba, zvino tinozokurukura nezvazvo, ikoko.”

⁸ Saka ndakafunga, munzira yangu yekuenda kuNew York zvino, kumusangano uyu uri kuuya, kuti zvinezenge zvakanaka zvikuru . . . Ndinoziva kuti ndaizowana simbazve kana ndauya zvino—zvino ndobatsira kubatidza moto wangu kubva pamoto wamanga muinawo mose, zvino tamira kwezuva rimwe chete, mangwanani ano. Zvino takasvika nezuro, marimwezuro, masikati.

⁹ Zvino tinofanira kuchienda. Ndanga ndichazoenda, masikati ano, asi ndinofunga kuti ndichaenda . . . Zvino tichasimuka mangwanani, mangwanani chaiwo, rungwanangwana kwe . . . Tinogona kuzova nemazaya echando mumigwagwa, nezvimwewo, pakati penzvimbo ino neNew York. Ndinofanira kupfuura nemuVirginia, nokupfuura nemumakomo, uyezve nokupfuura nemuAllegheny’s, uye nechezasi mujinga me—meAdirondack.

¹⁰ Saka tichatangira, ndakanganwa, inhandare yemutambo ikoko, itsva. Vakapwanyira pasi nhandare yeSaint Nicholas yakare, ndinonzwisisa kudaro. Vakavaka itsva iyi. Uye sokuziva kwangu, tichawana kuda usiku hwepakutanga uho hwamboti . . . uho hwati hwambopiwa. Saka tinotenda nokuda kwaizvozvo, kuboka guru revanhu vePentecosti vemuNew York. Uye ndinofunga kuti tine machechi akawanda ari kushandira pamwe, uye tiri kutarisira nguva huru.

¹¹ Uye tichadzoka, Ishe vachida, pane imwe nguva svondo rinotevera. Uye—uye kana kuri kuda kwaMwari, sei, tinotarisisira kuuya musi weSvondo, mushure mesvondo, ku—kushumiro yeSvondo mangwanani.

¹² Uyezve ndazongosvika ndisingatarisirwe kumufundisi wedu zvakare, sezvandinogaraita, munoono, uye—uye ndafunga kuti pamwe kana ndikapinda, uye ndisina kana kumbokumbira. Uyezve nokuda kwekuti pane boka rakanaka pano, nevanhu

vandiri kuona vanobva kunze kweguta, vari pano; ndafunga kuti zvichida, manheru ano, kana mufundisi vasina chimwe chinhu chakatsaurwa, kuti zvingaita kuti tinozova neshumiro duku manheru ano, inongori pfupi, uye, zvakanaka, zvichida tonamatira vanorwara. [Hama Neville neungano vanopembera—Mupepeti.] Ndatenda.

¹³ Tiri kutarisira kunamatira vanorwara nhasi manheru, totaura nezvekupodza kwaMwari no—nokunamatira varwere. Kasikai kutanga kuitira kuti tigokasika kubuda. Uye kana mufundisi vachida, chii... Munowanzotanga na seven-thirty. Ndizvo here? Ko kutanga na seven nhasi manheru, seven? [Hama Neville vanoti, “Amen.”—Mupepeti.] Uye regai nditange na seven-thirty, zvino zvinozoita kuti ini ndinge ndabuda na eight kana eight-thirty, uye zvinopa vanhu nguva zvino yoku—yokuenda, kana zvaka—zvakanaka—naka. Munhu wese aseka panda—pandati eight, kana eight thirty. Ndi—ndi—ndinotarisa kunge ndabuda nenguva idzodzo. Pakunamatira varwere, munoziva, hatizoziva.

¹⁴ Saka takava ne—nenguva yakanakisa kubva patakakusiyai muMatsutso ano apfuura, pakutanga, uye Ishe vakatiropafadza muzvinhu zvakanaka zviku. Izvo... Uye nhasi manheru, kana Ishe vachida, ndinoda kukutaurirai nezvekushanyirwa kwandakapedzisira kuva nako, kubva kuna Mwari, muColorado, masvondo mashoma apfuura. Uye ndizvo zvandafunga kuti ndokuunzirai zvino, zvichida zvodenha kutenda kuitira shumiro yakanaka yekupodzwa kwevarwere nhasi manheru, yevarewe nevanotambudzwa.

¹⁵ Zvino, mangwanani ano, tochinyatsopinda chaimo mushumiro, ini... Pane chimwe chinhu chakaro va moyo sokunge mwedzi wapfuura. Uye zvinogona kuita sokunge, zvino, ndinofunga kuti vari... Vari kurekodha izvi here netepi? Vari kurekodha izvi here? Hongu. Zvakanaka. Kuitira kuti ndizoziva apo, kana tepi ichinge yaenda kune vamwe. Handikwanise kutaura kuti izvo zvandiri kuzotaura nezvazvo mangwanani ano... Handikwanise kutaura kuti ndi—ndi—ndizvo... Ndinoziva kuti ndizvo chaizvo, munoona, chikamu cheMharidzo chinenge chiri chemazvirokwazvo. Asi chinhu, chandiri kuda kuita, mubvunzo uri mupfungwa yangu. Chinoratidzika kunyatsove chemazvirokwazvo. Uye zvakanaka kubvira pandapinda, uye kubvira ini... zvakanaka kwandiri, ndanga ndiri kutya zviku kuti ndingazotaura chinhu chisiri icho zvino ndozosiya maonero asiri iwo pavanhu. Uye zvaka... Uye ini...

¹⁶ Ndanga ndine zvinyorwa zvandanyora pasi, pamusoro pezvandanga ndiri kuzotaura, ndabvisa chimwe chikamu chazvo, kuitira kuti ndisazviite kuti zvinge zvakananyisa kusimba. Nokuti, munoona, kana—kana munhu... Ndi—ndinoda Ishe Mwari, uye, nzira yoga yandinoziva kuti ndinoMuda, ndeyekuti ndinokudai. Maona? Ndiyo nzira yoga

yandinoziva. Uye zvakadaro ha—handidi kuva nechimwe chinhu chakazarurwa kwandiri zvino ndorega kukuudzai, kana ndichifanira kukuudzai. Zvino ndinotya kuti ndikataura chimwe chinhu chakati nyanyisei kusimba, zvinogona kugumbura mumwe munhu. Uye, munoziva, zvaka... Unofanira kutoti pose paunouya papuratifomu zvino wonzwa kunyatsofemerwa kutaura zvaunenge uchida kuzotaura. Ndzivo zvega. Uye pane dzimwe nguva unogona kutaura chimwe chinhu, zvino mumwe munhu anozowana ma... maonero akarekera kune rimwe divi pazviri, zvino vobva vamhanya nekudivi *iroro*; uye zvino mumwe munhu anozoti, “O, izvi ndizvo *izvi*, munoono.”

¹⁷ Asi ndinoda kuti muzive kuti izvo zvandiri kuzotaura ndezve kungofungidzira, uye shoko rokuti *kufungidzira* rinoreva kuti “kuita zvinhu usina mvumo.” Saka ini... Ha—handisi kuti ichi ichokwadi, asi inongori pfungwa duku yandingangodonhedzera kwamuri, kuitira kuti mugoiyera zvino moona kuti munofungei nezvayo. Uyezve ichange, chaizvo—izvo, icha—ichange iri yeMagwaro, nokuti hapana zvimwe zvandingaparidze...

¹⁸ Asi ndiyoyi nguva yacho here? Izvi zvasvika here panguva ino, uye zvinhu izvi ndizvo here zvazvainge zviri kureva? Ndinonamata, nezvose zviri mandiri, kuti handiyo. Maona? Ndinonamata kuti hazvisizvo, kuti handiyo nguva yacho. Zvichaitika, asi zvati zvasvika here panguva yacho? Munoono, ndizvo zvandisiri kuziva. Zvino, munhu wese anzwisisa here, zvizere, kuti handizive? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndango... Ino ndiyo nguva yacho here? Kana iri iyo, Mwari vatinzwire ngoni. Asi, kana isiri iyo nguva yacho, regai... ichauya.

¹⁹ Zvino, patichangokwanisa, tine hurongwa hwerwendo mberi kwedu, Ishe vachida. Uye ndinofanirwa kuenda mhiri kwemakungwa, mushure chaimo meKisimusi, muEurope neAsia; Europe, kunyanya. Zvadaro ndozodzoka kuno kuUnited States, kwemasevhisi mashoma, zvino ndozodzokera zasi kuSouth Africa. Ndinotanga nemusi wechipiri wa—waGunyana, muDurban, ndozobva nemusi wechipiri, ndinofunga, kusvikira zvichida musi wegumi, zvino ndinozova nemazuva matatu kubvako ndichienda kuJohannesburg nokuzotanga zvakare. Asi ndinofunga kuti mwedzi waKubvumbi, tinotangira kunyika dzekuScandinavia, muNorway neSweden ne—neFinland, ne—neHolland neSwitzerland neGermany, ne—neuko muEurope. Saka mugotinamatirawo.

²⁰ Tine mimwe misangano mishoma kuno, inguva yeKisimusi zvino, mushure chaimo meKisimusi. Garazviya, tinoda kuva pano muKisimusi, kumusha. Vana vari kuda kuuya kumba, muKisimusi. Uye ti—tinoda Arizona, asi munoziva chi—chinhu chatinoshuvira, uye hatikwanise kuchikanganwa, ikereke ino nemi imi vanhu. Hazvinei nekwatanenge taenda, zvatinoita,

zvakango . . . Vana, ini, mudzimai navose. Hakuna imwe nzvimbo seino. Ndizvozvo. Hakuna imwezve nzvimbo.

²¹ Ndakafamba nemumakungwa manomwe, uye nda—ndakasvika nzvimbo dzose, asi hakuna imwe nzvimbo yakayereswa kwandiri senzvimbo ino duku ipo pano. Ndiyo chaiyo. Imbobva kwairi kamwe chete, kana uchida kuziva. Panongori nechimwe chinhu maererano nepano. Ndaparidza kwese pasi rose, zvachose, uye handisati, nguva ipi zvayo, nzvimbo ipi zvayo, yandakambonzwa Mweya waMwari, nekusununguka nezvimwe, sezvandinoita kana ndakamira ipo pano. Ndiyo chaiyo.

²² “Mwari, iitei kuti . . .” Sezuva randakaisa dombo riya repakona uko, ndakati, “Ishe Mwari, musairega ichiwa.”

Vanhu vakati, “Mukati memwedzi miviri, ichange yave garaji.”

²³ Ndakati, “Musairega ichiwa, Ishe. Regai inge yakamira, uye vanhu vange vari muno vachiKurumbidzai apo Jesu paanodzoka.” Ndinovimba kuti zvichange zvakadaro.

²⁴ Zvino ngatizarurei Bhaibheri zvino, uye—uye titarisire kuti Ishe vatipe maropafadzo aVo. Uye tinoda kuverenga mamwe Magwaro. Ndine Magwaro akanyorwa pasi pano ayo andiri kuda kutaura nezvawo, pamwe nezvinyorwa. Zvino ndinoda kuverenga kubva pane nzvimbo nhatu kubva muBhaibheri, uye ndichadzipa kwamuri, kutanga. Ndinoda kuverenga muna Judhasi 5 ne 6. Judhasi rinongori Bhuku rimwe, munoziva. Uye zvakare ndinoda kuverenga Petro weChipiri chitsauko 2, 4 ne 5. Uyezve ndinoda kuverenga Petro weKutanga, 3:18 kusvika 20.

²⁵ Chidzidzo changu mangwanani ano, Ishe vachitendera, ndechokuti: *Mweya Iri Mutorongo Iye Zvino*. Uh-huh. *Mweya Iri Mutorongo Iye Zvino*, yakapfigurwa, yakatongerwa kuparara nokusingaperi. Hazvichabviri, hapana nzira yokuti vangaponiswa, munoona, mweya yakaiswa mutorongo iye zvino.

²⁶ Zvino ngativerengei muBhuku raJudhasi, kutanga. Ndinotenda ndanyora pasi pano senzvimbo yokutanga, muna Judhasi; uye zvakare umu muna Petro weChipiri, zvino tevere—tevere umu muna Petro weKutanga. Zvino, Judhasi, ndinoda kuverenga yose; asi kungochengetedza nguva, nokuti dzatove ten-thirty nechekare, ndichatanga kuverenga ndima yechi 5. Zvino, Judhasi aive munun’una, waJesu Kristu, munun’una wake wekunaamai, sokuziva kwedu tose. Maona? Aive mwanakomana waJosefa.

Zvino ndinoda kukuyeuchidzai, kunyange imi maizviziva henyu kamwe kare zvose, kuti Ishe, akati amborwira vanhu munyika yeEgipita, mushure akazoparadza avo vakanga vasingatendi.

27 Akavaponesa, kutanga, ndokuvabuditsa kubva muEgipita, zvino akazovaparadza nokuda kwekuti havana kuenderera mberi nemharidzo yavo, munoono.

Navatumwa vasina kuchengeta hukuru hwavo, asi vakasiya pavaifanira kugara, wakavachengeta mushanduko pa...mungetani dzokusingaperi pasi perima guru kusvikira pakutongwa kwezwa guru.

28 Ngirozi dzakambogara Kudenga, dzikasachengetedza nzvimbo yadzo uye nechinhano chadzaive, dzikawa, uye zvino dziri mungetani dzemuna Ziendanakuenda dzerima, ngetani dzekusingaperi dzerima, dzakachengetwa muchinhano ichi kusvikira paKutongwa kweZuva guru apo padzichatongwa pamwe chete nevamwe vose vasingatendi.

29 Zvino muna Petro weChipiri, chitsauko 2, kutanga nendima 4, rinongova bhuku rimwe kana maviri shure kwaro, munoono.

Nokuti kana Mwari asina kurega vatumwa vakatadza, asi wakavakandira mugehena, nokuwaisa mungetani dzerima, kuti vachengeterwe kutongwa;

Akasaregawo nyika yakare, asi wakaponesa Noa, nevanhu vasere, muparidzi wokururama, nguva yaakavuisa mvura zhinji panyika yavanhu vakanga vasingadi Mwari;

30 Haana kuregerera Ngirozi, ndokudziisa mungetani dzerima, zvino ndokupomera nyika yose nokuparadzwa, kwa—kwaNoa.

31 Zvino muna Petro weKutanga, chitsauko 1 ne...Petro weKutanga, chitsauko 3, uye kutangira pandima 18, tinoverenga zvakare. Zvino, nyatsoteereresai zvino.

Nokuti naKristu wakatambudzika kamwe chete pamusoro pezvivi, iye wakarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiyise kuna Mwari, akaurawa hake panyama, asi akararamiswa paMweya... akaurawa hake panyama, asi akararamiswa paMweya:

Mauri akandoparidzirawo mweya iri mutorongo; akaparidzira vanhu ava vaiva mutorongo;

Yakanga pane dzimwe nguva isina kuteerera, panguva iyo moyo murefu waMwari, uchimirira kugadzirwa areka pamazuva aNoa, mukati mayo vashoma, vanova, vanhu vasere vakaponeswa nemvura.

...mufananidzo werubhabhatidzo runokuponesai zvino (rusingarevi kubviswa kwetsvina yenyama, asi kutsvaka hana yakanaka kuna Mwari,) nokumuka kwaJesu Kristu:

Iye ari kurudyi rwaMwari; wakapinda kudenga, vatumwa namadzishe namasimba zvikaiswa pasi pake.

Ngatinamatei zvakare.

³² Zvino, Baba voKudenga, mu—mudungwe wakadai weMagwaro pano, zvapupu zvitatu, nzvimbo nhatu muMagwaro dzichipupura. Uye Makataura Mushoko reNyu, kuti, “Nemiromo yezvapupu zviviri kana zvitatu, shoko rose ngarisimbiswe.” Zvino ndinoKukumbirai, O Mwari, kuti Muuye kuvanhu uye Mugodudzira Shoko rino, Mharidzo ino, nemaonerwo ainofanira kunge iri, kuti murume wose, mudzimai, mukomana, kana musikana, vagonzwisisa muchiyero icho chaMakavatemera kuti vanzwisise, uye zvino nokuziva kuti zvapupu zvitatu izvi zvinopupurira Chokwadi.

³³ Uye ndinonamata kuti Muchatumira Mweya Mutsvene pamusoro pedu iye zvino. Uye tichatarisa kune uYo Anova iye Mambo wedu, ari pakati pedu mangwanani ano, Ishe Jesu Kristu; apo patasimudzirwa nokutenda zvino, tigere munzvimbo dzeKumatenga maAri. Tinomirira Mharidzo yaKe. Itaurei nematiri, Ishe, muinzwe nematiri, patiri kuKukumbirai kuti Mudzingise miromo inotaura nenzeve dzinonzwa, kuitira kuti zvigopa ruremekedzo nekubwiya kune Uyo Anova Magwaro. Nokuti tazvikumbira nemuZita raKe. Amenii.

³⁴ Zvino, rangarirai shumiro nhasi manheru, shumiro yekupodzwa kwevarwere. Handifunge kuti zvichange zvine basa kupa makadhi omunamato, saka tichangonamaira varwere. Ndine chinhu chandinoda kukuudzai, uye ndi—ndine tariro yokuti zvichazounza ungano panzvimbo yokuti pachazova nemhando dzakasiyana dzekupodzwa. Ndinoziva kuti zvichadaro kana tikangozvitenda nenzira iyoyo.

³⁵ Zvino iyi, mweya zvino iri mutorongo, mweya iri mutorongo iye zvino!

³⁶ Zvino, mweya wemunhu hausi mutumbi wemunhu, munhu wemukati. Maona? Zvino munhu wemukati chimwe chinhu ndiwo hu—hunhu hwemweya. Zvino kana hunhu hwemunhu... Paakati, “Takafa,” Magwaro anotitaurira zviri pachena kuti, “takafa, uye upenyu hwedu hwakavanzwa muna Mwari kubudikidza naKristu, takasimbiswa imomo neMweya Mutsvene.” Zvino, hazvirevi kuti mutumbi wako wakafa; hausi mweya wako wakafa. Hunhu hwemweya wako hwakafa; munoona, hunhu, anova munhu wemukati. Hunhu hwemunhu wako wemukati ndi—ndiMwari, kana wakabarwa patsva. Kana usina, ndewenyika. Chinhu chose chine mavambo chinofanirwa kuguma, saka nokudaro nzira yoga yaunogona kuva neUpenyu hwemuna Ziendanakuenda kuva neUpenyu usina mavambo. Zvino upenyu hwako hwakatanga pawakaberekwa, apo Mwari akafemera mweya weupenyu mumhino dzako ndokubva wava mweya unorarama, zvino ndipo pawakatangira ipapo. Asi apo iwe...

³⁷ Hunhu hwaive mauri, hwekuzvarwa kwako hwaive hwemunyika, wapakatsanurwa kubva kuna Mwari, waive

mhuka zvezmazvirokwazvo. Ndizvo chaizvo. Munhu wose anoziva kuti tiri mhuka. Vangani vanoZviziya? Isu, tiri mhuka, tiri mhuka dzine ropa rinodziya, asi ndizvo zvatiri pamasikirwe epanyika. Asi, munoona, chakaisa mutsauko pakati pedu nedzimwe mhuka, kuti—kuti Mwari vakaisa munhu wemukati patiri. Maona? Zvino, dzimwe mhuka hadzisungirwe kupfeka nguwo. Hapana imwe mhuka inofanirwa kupfeka nguwo kuti ivanze kunyadziswa kwayo, asi isu. Isu ndisu toga tinodaro, nokuti tine munhu wemukati. Asi, munoona, Mwari, pakutanga, vaiziva kuti munhu aizenge akaita sei. Zvino akasika nyika, zvino ndokuunza mhando dzakasiyana dzemhuka, kubvira pane iyo yepasi-pasi kusvikira kune yekumusoro-soro; uye mhuka yepamusoro-soro yakauya, yaive munhu.

³⁸ Zvino zvakare, kutanga, munhu akagadzirwa, aive munhu wemweya, ari mumufananidzo waMwari.

³⁹ Izvo, “Mwari Mweya,” Mutsvene Johane 4. Zvino, “Iye mwe—Mweya. Uye avo vanoMunamata, vanoMunamata muMweya nemuZvokwadi. Uye Shoko reNyu iZvokwadi.” Zvino, tinoMunamata muMweya nemuZvokwadi. Iye Munhu we—weMweya.

⁴⁰ Zvino pakanga pasina munhu anorima ivhu, zvino Mwari vakaumba munhu kubva muguruva renyika.

⁴¹ Zvino Akatora kubva parutivi rwake, chinhu chakagadzirwa kubva paari, mbabvu; uye, kubva ipapo, akapatsanura munhu uyu aive nehunhu huviri, uhwo hwaive huri zvose pamwe chete hwechidzimai nehwechirume. Zvino akabvisa hwechidzimai, nokuti hwaive rudo, zvino Iye ndokuhuisa mumunhu anonzi Evha, uyo akadanwa naAdhama kunzi Evha, uyo aive mudzimai wake. Ndipo apo rudo rwake, rwepanyama, rudo rwefiriyo, rwakabatirira kumudzimai wake. Ndizvo zvinofanira kunge zvakaita murume nhasi, naiyewo mudzimai kumurume wake. Murume, munhurume; mudzimai, munhukadzi.

⁴² Uyezve, munoona, mushure mokunge Apedza kuumba munhu mumufananidzo waKe pachaKe, “Akavasika, murume nemudzimai,” pakanga pasina munhu airima ivhu. Zvino Akamuisa muguruva renyika, nokudaro akave. . . aive munhu uya. Munhu uyu aive mhuka, munoona, aive mhuka; asi Akaisa uyu mweya waMwari, hupenyu, maari, uye ndokumuumba panheyo yekuti anozogona kuita sarudzo. Uye zvino munhu uyu. . .

⁴³ Zvino tinofunga kuti tiri chimwe chinhu. Ingorangarira, tinombori chii? Chivhinga chevhu. Ndizvo zvoga. “Zvino nokuti uri huruva, uchadzokera kuhuruva.” Saka kana uchiona munhu uyu achifamba achidzika nemugwagwa, achifunga iye kuti mumwe munhu, munoziva, uye ane kakudzidza nezvimwewo; rangarira, anongori murwi weguruva remuIndiana. Ndizvo zvoga. Uye mudzimai uya akapfeka chikabudura, achiputa

midzanga yefodya achiita zvaanoita achidzika nemugwagwa, achizvonyongoka sokunge ndiye muridzi wenyika yose, murwi weguruva remuIndiana, uye ndiyo nzira yekudzokera kwazviri kuita. Nokudaro hapana zvikuru zvauri kubvira pakutanga, munoono. Saka izvi, ndizvozvo, ndizvo zvauri.

⁴⁴ Asi, munhu wemukati ari imomo, munoono, munhu wemukati iyeye ndiye ari kushandwa naye naMwari, munoono. Kana Akangokwanisa bedzi kuwana hunhu uhu, mweya uya, kuti uwirirane naYe, zvararo hunhu huya hunofa, hunhu pamwe nerudo rwenyika zvinofa, uye zvinhu zvenyika zvafa. Maona? Nokuti, “Kana uchida nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harumo mauri.” Maona? Zvino munhu anofanira kuzvarwa patsva. Saka, hunhu uhu hunofanira kufa, zvinho hunhu hwaMwari hunouya hwogara mauri. Uye Mwari ndicho chinhu choga chiripo chisina mavambo kana chisingazogume.

⁴⁵ Saka, nokudaro, Akazvibanidza, munoono, uye ndokutora munhu uyu, wenyika, neMweya uyu wekusingaperi remunaZiendanakuenda, ndokuzviisa pamwe chete. Nokuda kwekuti, Mwari vakazviratidza pachaVo naimomo, kuti Akava munhu paAkava Kristu Jesu, uye Aive Mwari, munoono. Mwari aiva muna Kristu; kuti, munoono, aigara maAri, achiyananisa nyika kwaAri. Uye, kubudikidza neMunhu uyu akakwana, mumwe nomumwe wedu asina kukwana achitenda muna Mwari uye akagamuchira Izvozvo, anobva ava iye kukwaniswa kwaKe.

⁴⁶ Uye haAna kusiya mutumbi waKe uchiona kuora, uye haAna kana kusiya mweya wake mugehena, asi akamumutsa nezuva retatu, uye Anorarama nokusingaperi. Uye tichava nemutumbi wakafanana nemutumbi waKe pachaKe wakabwinyiswa.

⁴⁷ Ndosaka tichibhabhatidzwa muZita raKe, kuti tigouya muZita raKe, murufu rwaKe, mukumuka kwaKe, kuti tichamuka zvakare, tichipupura kunyika kuti tave neUpenyu utsva, uye kuti munhu wakare akafa. Takaviga hunhu huya hwekutanga. Maona? Hunhu huya hwekutanga hwakapera, uye zvino tave nehunhu hwaKe. Anorarama matiri, uye hatiite kuda kwedu. Tinoita kuda kwaKe. Hatifungi pfungwa dzedu. Pfungwa, pfungwa ndidzo dzinofunga. Pfungwa yaiva muna Kristu Jesu iri mumutendi wose. Munoono, ndipo—ndipo pane munhu wemukati, uye ndizvo zvatiri kutaura nezvazvo. Zvino, ndicho chikamu chandiri kufunga nezvacho iye zvino, icho chiri matiri, munhu wemukati.

⁴⁸ Zvino, kana tikacherechedza, mazviri, pane zvinhu zvakanwanda zvinoitika pane dzimwe nguva, uye tinonetseka kuti sei zvamboitika, uye tozvibvunza pachedu, uye tinobvunzawo vamwe. Asi pakupedzisira, mushure mechinguva, tinoona kuti, kana tiri Makristu, zvinoshandira zvose mukunaka, neimwe nzira. Makambozviona. Makristu ose anozviona. Tinonetseka kuti sei takazviita.

⁴⁹ Ndainetseka pane dzimwe nguva, pandakatanga kuverenga Bhaibheri, “Sei Mwari akarega Abrahamama, munhu mukuru uya, akamirapo ndokuti Sara akanga asiri mudzimai wake?” Uye kuti Akamusiya akamirapo ndokunyepa pamusoro pazvo, pamwe nezvinhu zvaakaita, uyezve kuti Akarega Abrahamama achisiya nyika yechipikirwa iyo yaAkanga amuudza kuti asasiye. MuJudha wese anosiya nyika yechipikirwa anenge adzokera shure, nokuti Mwari akaipa kwavari ndokuvavimbisa kuti vagaremo, munoona, zvino vakaisiya. Saka akaenda zasi kuGera. Asi dai zvakunge zvisiri izvozvo. . .

⁵⁰ Uye zvino Abhimereki, mambo uya zasi munyika yavaFiristia, akawira murudo naSara uye akanga achazomuroora, uye akanga ari murume akanaka, murume akarurama. Zvino mushure mokunge zvichida. . . Izvi zvinoita sezvinoshamisa, asi kuzviita kuti zvine zvemazvirokwazvo kwamuri. Mushure mokunge ageza manheru apfeka hanzu dzake dzokurarisa, nokuita munamoto wake ndokunorara, Ishe vakazviratidza kwaari ndokuti, “Wakafanana nemunhu akafa,” zvino murume uyu hapana chaakanga aita. Maona? Akanga anyatsonyengerwa, nevaviri Abrahamama naSara. Ndizvozvo. Akati, “Watora mudzimai wemumwe murume, munoona. Uye Ha—Handizombonzwi minamoto yako, zvisinei kuti wanamata zvakadini. Wakafanana nemunhu akafa. Asi murume uyu muporofita wangu.” Maona?

⁵¹ Munoona, zvakaoma kuzvinzwisisa, munoona. Asi dai zvakanga zvisina kudaro, hataizoziva zvakaita nyasha.

⁵² Sei akaenda akanoroora Hagari, mushure mokunge ane mudzimai akarurama saSara? Uye akanga asingade kuzviita, munoona, asi Sara akamuudza. Uyezve Ishe vakamuudza, “Iwe teerera kune zvawaudzwa naSara.” Sei? Paifanira kuva naIshmaeri, “kuti murandakadzi nemwana wake havazodyi nhaka pamwe chete nemudzimai akasununguka nemwana wake.” Munoona here zvandiri kureva?

⁵³ Zvinhu zvose izvi mifananidzo. Seiko muporofita uya akatozofanira kuroora chipfeve uye nokuva. . .nevana ava, ndokuva nevana vaviri naye? Sechiratidzo. Ko sei mumwe akavata nedivi rerudyi kwemazuva mazana matatu nemakumi mana, uye ndokuvata kwemazuva akati nerimwe divi saizvozvo? Sechiratidzo. Mumwe akakurura hanzu dzake ndokufamba pamberi peIsraeri. Uye, zvino, zvinhu zvose izvi, zvaive mifananidzo nemimvuri, munoona; uye tinofanira kuva nezvinhu izvozvo, kuti zvizadzise.

⁵⁴ Uye, nguva dzakawanda, zvinhu zvinoitika kwatiri zvatinetseka kuti ko sei zvadaro. NdiMwari vari kufanotiratidza chimwe chinhu.

⁵⁵ Zvino, semukomana muduku, uye munoziva nhoroondo yeupenyu hwangu, ndai—ndaitenda nguva dzose, kubvira

pandinotanga kurangarira...Chimwe chezvinhu zvekutanga zvandinorangarira...Zvino izvi, zvino, unogona kunge wakandiudza chimwe chinhu nezuro, zvino ndochikanganwa nhasi. Asi pane zvimwe zvinhu, kumashure, zvakaitika mumazuva ehuduku hwedu, vazhinji vedu takadaro, kuti tinoramba tichirangarira. Zvino izvi zvinoita sekushamisa pakuzvitaure, asi ndinorangarira pandaikambaira, ndakapfeka rokwe refu. Vana vaduku, zvino vamwe venyu imi vanhu vezera rangu munozvirangarira, vacheche vaipfeka marokwe marefu-refu. Zvino ndinorangarira ndichikambaira, ndichibvisa mazaya echando kubva patsoka dzasekuru vangu ndichiadya, pavainge vapinda mumba zvino vakamira pachoto.

⁵⁶ Zvino chinhu chinotevera chandinorangarira chakaitika muupenyu hwangu, chaive chiratidzo, chokutanga chandakambove nacho, uye ndokundiudza kuti ndaizogara chikamu chikuru cheupenyu hwangu pedyo neguta rinonzi New Albany. Zvino ndaive kamwana kemumakomo kumusoro ikoko, pasina kana chiremba pandakazvarwa. Uye—uye ndi—ndi... Munoziva, ivo...ndagara pano zvingangoita makore makumi mashanu, ipo pano; chiratidzo.

⁵⁷ Uyezve ndaigara ndichiziva kuti kuna Mwari pane imwe nzvimbo, uye semukomana muduku Akataura neni, “usamboputa, kana kunwa doro, kana kusvibisa mutumbi wangu,” zvichireva kurarama zvetsvina nemadzimai nezvimwewo. Ndakagara ndichizvitya nguva dzose, uye ndaive mujaya.

⁵⁸ Zvino ndainge ndaenda kunovhima pane imwe nguva, hunoita sehunhu hwechipiri kwandiri, kuda kuvhima. Zvino ndainge ndichivhima nemumwe mukomana, Jim Poole, mwana akaisvorurama. Ndinofunga kuti mwanakomana wake anouya pakereke pano, Jim muduku, uye imhuri yevanhu vakanaka. Ndinoziva vekwaPoole. Jimmy neni tairara pamwe chete nokugara pamwe chete kubvira tiri vakomana vaduku tiri kuchikoro. Takasiyana kuda nemwedzi mitanhatu, pazera. Zvino Jimmy akaita kuti pfuti yake ipfure, zvino iyo ndokundipfura mumakumbo ari maviri, nepedyo-pedyo neni, nechifefe. Ndakaendeswa kuchipatara, zvino, ikoko, ndirere ndave kufa, pasina penicillin kana chimwe chinhu mumazuva iwayo. Uye, zvino, vaiva vakaisa jira rerubber pasi pangu, uye ndinoziva usiku ihwohwo...Vakange vachizoopareta mangwanani aitevera.

⁵⁹ Vakangatora ndokusuka maronda acho, uye nhindi huru dzenyama dzakanga dzaputitswa, zvino vakangatora chigero ndokudzicheka, zvino ndakatozobata mawoko emumwe murume. Zvino vaiva naFrankie Eich, achangobva mukuzviuraya, zvino vakatozobata, ndokukatanura maoko angu kuti abve paruwoko rwake, pavainge—pavainge vapedza. Ndakazhamba pamwe nekuchema, uye ndainge ndakabatirira

sezvizvi, uye ivo vachicheka vachibvisa chimwe chikamu chegumbo. Ndaive nemakore gumi nemana ekuberekwa, ndaingori mukomana.

⁶⁰ Zvino manheru iwayo ndakaedza kukotsira, uye ivo... Ndakamuka, chimwe chinhu chakaita ruzha rwekudira pasi. Zvino herinoi ropa, raida kusvika chikamu chepakati chegarani, ndinofungidzira, rakanga rabuda mutsinga. Zvino vakanga...vakatora x-ray, uye ndokuti mbumburu yakanga iri pedyosa netsinga iya huru, kumativi ose, zvokuti kakungomaranzura kaibva kanyatsoidimbura nepakati, zvino ndaibva ndatanga kubuda ropa. "Zvakanaka," ndakafunga, "aya ndiwo magumo angu." Zvino ndakaisa maoko angu pasi sezvizvi ndokurwusimudza mudenga, zvino ropa rakanga richimhanya richidzika nemawoko angu, raive ropa rangu ini randaiva ndirere mariri. Ndakadana, ndokuridza bhero. Mukoti ndokuuya, ndokungoripukuta netauru nokuti hapana zvimwe zvavaigona kuita.

⁶¹ Zvino mangwanani akatevera, ndiri pasi pezvinhano zvairukutisa, vakanga vasingawedzeri ropa mumazuva iwayo, munoziva, saka vaka—vakandiopareta. Zvino vakandipa ether. Zvino ini...Ether yakare, ndinofungidzira munorangarira, ndiwo mushonga wekukotsirisa wakare. Zvino ndakabatikana ne ether iyi, pandakapepuka, ndakanga ndobva mukubatikana ne ether iyi mushure memaawa masere. Vakanga vandipa yakazowanda, vakafunga kuti handichagoni, handina kukwanisa kumuka. Vakataadza kundimutsa.

⁶² Ndinorangarira Mai Roeder vakamira pandaive, uko muchipatara. Handife ndakakanganwa mudzimai iyeyu. Zvisinei kuti chii chaitika, handikwanise kumukanganwa. Akanga angoriwo mudzimai wechidiki panguva iyoyo. Murume wake ndiye akanga ari supuritendenti zasi kuno kunogadzirwa motokari. Uye ndi—ndinorangarira akamira pandiri, iye naMai Stewart. Zvino ndivo vacho vakabhadhara chikwereti changu chekuchipatara. Ini...Takanga tisina kana chikafu chokudya, mumba, saka taizobhadhara sei chikwereti chekuchipatara, mazana emadhora? Asi iye, kubudikidza nesosaiti yemuchechei mavo neve Ku Klux Klan, vakandibhadharira chikwereti chekuchipatara, maMason's. Handikwanise kuvakanganwa. Maona? Zvisinei kuti vanoitei, kana kuti chii, ndinoramba...pane chimwe chinhu, uye chinogara neni, munooona, zvavakandiitira. Uye vakabhadhara chikwereti kuna Chiremba Reeder. Achiri mupenyu, anogara muno muPort Fulton, anogona kukuudzai nyaya yacho.

⁶³ Pandakabva mukubatikana ne ether iyoyo, pane chimwe chinhu chakaitika kwandiri ipapo. Ndagara nguva dzose ndichitenda kuti chiratidzo. Nokuti, ndaive ndarukutika zvikuru, uye ini...Vakafunga kuti ndakanga ndave kufa. Mudzimai uyu akanga ari kuchema. Pandakazarura meso angu,

ndichigona kutarira, ndakamunzwa achitaura, uye zvararo ndakakotsira zvakare, ndokumuka, kaviri kana katatu. Zvino ipapo ndakava nechiratidzo zvino. Zvino ndakava . . .

⁶⁴ Kuda mwedzi minomwe yakatevera, ndakatozodzokera kunobviswa mbumburu dzechife nehanzu dzekuvhimisa dzaive netsvina kubva mumakumbo angu; chiremba haana kuzviona. Nokudaro ndakava nechepfu muropa, makumbo ari maviri akanga azvimba zvakapetwa kaviri zasi kwangu, uye vaida kudimbura makumbo angu muzasi muchiuno. Zvino ndakango . . . Ndakati, “Kwete, chingokwirai kumusoro mobvisira kumusoro *kuno*.” Zvanga zvakandiomera, munoono. Zvino pakupedzisira, Chiremba Reeder naChiremba Pirtle, wekuLouisville, vakazoita oparesheni yacho, ndokucheka zasi imomo ndokuibuditsa; uye nhasi ndine makumbo akaisvonaka, nenyasha dzaMwari.

Asi pasi pe—pechiratidzo chokupedzisira chandakava nacho . . .

⁶⁵ Chiratidzo chokutanga, pandakapepuka, zvino ndakazopinda muchinhano chokuona chiratidzo. Zvino ndakafunga kuti ndaive mugehena, zvakajeka sezvazviri . . .

⁶⁶ [Imwe hama muungano inoti, “Ruregerero, changamire.”—Mupepeti.] Uh-huh. [“Pane mudzimai nechepano afenda, pakarepo.”] Zvakanaka, mumwe munhu ngaaise maoko ake pamusoro pake, uye mudzimai . . . zvichida muisei kune mhupo. Zvino chero amire ipapo, isai maoko enyu pamusoro pake.

Ngatinamatei.

⁶⁷ Ishe Jesu vanodikanwa, dai hanzvadzi yedu iri kurwara mangwanani ano, uye afenda mukamuri, dai nyasha dzeNyu nesimba nemasimba . . . pane maoko akaiswa pamusoro pake iye zvino, akamirira iMi. Uye Gwaro rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.” Uye zvino dai hanzvadzi yedu yabuda kubva muhurwere uhu, uye agopodzwa kuti Mwari vawane mbiri. NemuZita raJesu Kristu tazvikumbira, pamwe nokumukumikidza kwaMuri. Amen.

⁶⁸ Zvino muendesei pane mhupo. Hamuna—hamuna mweya wekufema wakakwana. Ndiri kuzvinzwa pano, zvakanyatsoipa zvikuru, zvikuru. Manzwiwo ekunge uchatofenda, pano papuratifomu. Ndazvinzwa, kana kana kashanu pano. Kana paine . . . paanenge ave kungonzwa zviri nani, ko, muendesei uko kwaanogona kuwana mhupo. Zvakanaka. Uh-huh. Munoono, hamuna mweya wekufema wakakwana, munoziva. Vanhu vanosika, mumwe nomumwe wedu, masikweya emafiti akawanda angori ezvirwere. Kana uine, paine munhu ane mvura here ipapo, kana chimwe chinhu chokuisa pane hanzvadzi. Ari—ari kufanira, zvakana zvino. Maona? Zvakanaka. [Imwe hama muungano inoti, “Nazvino ngatizarurei mikova, Hama

Branham.”—Mupepeti.] Hongu, zvichida kana mukagona kuzarura mikova, zvichida, kana kuti wedzerai mweya zvisvishoma, sokukwanisa kwehu, neimwe nzira, munoona.

⁶⁹ Zvino panguva iyi, sezvandakava nechiratidzo ichi, uye ndichifunga kuti nda—ndakanga ndapfuura kubva muhupenyu huno ndichipinda mukutambudzwa.

⁷⁰ Zvino mwedzi minomwe yakatevera, pano paClark County Memorial Hospital, ndakava neoparesheeni yechipiri. Zvino panguva iyi, pandakamuka, ndakafunga kuti ndaive ndakamira Kumadokero. Ndakava nechimwe chiratidzo. Zvino paiva neMuchinjikwa mukuru wendarama muchadenga, uye Kubwinya kwaShe kwaiyerera kuchibva pamuchinjikwa uyu. Zvino ndakamira ndakatambanudza maoko angu sezvizvi, uye Kubwinya uku kwakanga kuri kuzara muchipfuva changu. Zvino ini... Chiratidzo chakandisiya. Baba vangu vakanga vagerepo vakanditarisa, pakauya chiratidzo.

⁷¹ Ndakagara ndichinzwa, imi... Vanhu vose vanondiziva makore ose aya, vanoziya kuti ndakagara ndichida kuenda Kumadokero. Munoziva zvazviri. Chagara chiri chimwe chinhu Kumadokero. Asi nokuti munzveri wenyeredzi akandiudza pane imwe nguva, chinhu chimwe chete, kuti ndinofanira kuenda Kumadokero... Nyeredzi, padzinopesana pamakwara adzo nezvimwe zvakadaro, ndakaberekwa pasi pechiratidzo ichochi, uye handaizombobudirira Kumabvazuva; ndaitofanira kuti ndiende Kumadokero. Zvino gore rakapera ndakaenda, Kumadokero, kuti ndizadzikise icho chagara chiri icho chishuwo cheupenyu, munoona, kuti—kuti ndizviite.

⁷² Sei ndiri ikoko? Ndicho chinhu chisinganzwisike. Kugara kunze uko murenje, ndichibhadhara zana negumi remadhara, rendi, uye hepanoi pane imba igere kumusoro kuno, imba yemufundisi, yandakapiwa, munoona. Asi kutevera Ishe, munoona, ndizvo—ndizvo zvoga zvandinoziva kuita. Uye munoziva zviratidzo pamwe nezvakaitika kunze uko. Zvino—zvino mune izvi ndinoda kuti kune... .

⁷³ Zvino kana hanzvadzi yedu yave kunzwa kakurukutika, Hama Roy, uye acha... mungada kumubuditsa kune imwe nzvimbo zvino momugadzika mune imwe kamuri nehekuno uku, kwaanogona kuwana mweya wakawedzerwa kana zvimwewo, uye zvakangonaka zvachose, nokuti, ndinonzwa kuti anoita zvakana kana zvino, munoona. Zvakana kana. Ari kungonzwa kuda kufenda, ari kurwara. Uye saka ndi—ndinokutaurirai, kana aka... kana muchida kumuunza kuno uko mweya... simudzai mafasitera aya, Hama Roy, zvino kana hanzvadzi ichida kuuya muno, izvozvo—izvozvo zvinenge zvakana kana. Onai, kana achida ku—kuuya iko kuno, zvakana kana, musambotya icho.

⁷⁴ Ndinoda kuisa maoko pamusoro pake paanopfuura nepano. Mose muchandiregererawo kweminiti. Uye Mwari vandiregerere nokuti . . . Izvozvo, zvakanaka, hama.

⁷⁵ Baba voKudenga, uyu mwanasikana weNyu ari pano agere pano mangwanani ano, uye auya kuzonzwa Mharidzo, zvino ndokuwana. . . Satani ari kuedza kumudzivisa kubva pairi, asi haakwanise kuzviita. Haagoni kuzviita. “Satani haagoni, nemuZita raJesu Kristu.”

Zvakanaka. Zvakanaka, mukova uyo, ndinofunga kana vashoma . . . ? . . . hama, zvino mweya unogona kupfuura nepano, kwamuri.

⁷⁶ O, ungataure pamusoro pemweya usina kuchena, ufanira kumbopinda mune dzimwe nzvimbo dziri mhiri kwemakungwa pavanotsikirirana mumwe pamusoro pemumwe, vane maperembudzi nekenza. Uye, o, ini zvangu, unototadza kana nokufema, munoziva, muzvinhu zvakadaro. Vakaradzikwa muzvivakwa zvikuru-kuru, zvakangozara ne—nezvirwere. Uye munoziva kuti maperembudzi anoita sei. Ipapo, varerepo vasina nzeve, chimwe chikamu chepakati chekumeso chakadyiwa, uye vasina maoko, nezvidzitsi zvetsoka, nezvinhu zvakadaro, varere, vakaturikidzwa mumwe pamusoro pemumwe. Uye vazhinji vavo vachifa ipapo, varere ipapo, kubva pakutsikirirana mumwe pamusoro pemumwe, vaine pavanenge vachiedza kupinda, munoziva, kuti vanzwe Mharidzo.

⁷⁷ Uye zvino—zvino mune izvi, ndinokuudzai zvakaitika. Muchiratidzo chandakava nacho, ndichadzokera kumashure, nokuti ndaunza, zviratidzo zviviri, kukuratidzai nezvechimwe chazvo. Ndaizenge ndiri kunze Kumadokero. Ndaigara nguva dzose ndichizvishuvira.

⁷⁸ Uye zvino, chinangwa cheMharidzo mangwanani ano ndechekugadza kereke, mune zvose zvaAchandiita kuti ndiigadze, sokuziva kwangu, kusvikira . . . pandinenge ndichienda mberi. Zvino ichi chakandijekera, saka ndaida kusvitsa kereke. Zvino, izvi zvakanangana netabhenakire ino bedzi, munoona, ipo pano. Zvino, uye muchiratidzo ichi, chokutanga, hezvinoi zvakaitika.

⁷⁹ Mushure mokunge chiratidzo chandirova, uye ndaiva ndarukutika zvikuru, uye ndakanga ndarasikirwa neropa riya rose, ndokuenda. . . Ndakafunga kuti ndakanga ndiri kunyura muna Ziendanakuenda risina magumo. Vazhinji venyu makambondinzwa ndichizviturea kumashure uko, uye—uye ndichinyura muna Ziendanakuenda risina magumo. Kutanga, ndakaita sokunge ndiri kupfuura nemumakore, zvino tevere nemurima, uye ndichinyura ndichidzika pasi, pasi, pasi. Zvino chinhu chokutanga munoziva, ndakapinda munzvimbo yevakarasika, zvino imomo nda—ndakazhamba. Zvino ndakatarisa, zvino ikoko, zvinhu zvose, pakanga pasina

hwaro kwazviri. Handaigona kumira kudonha. Nemuna Ziendanakuenda, zvaiita sokunge, ndainge ndichizodonha. Pakanga pasina pekuzomira, kupi zvako.

⁸⁰ Uye zvino mutsauko wakadini kubva kuchiratidzo chandakava nacho kuno, nguva shoma yapfuura, chokunge ndiri muKubwinya pamwe nevanhu, mutsauko wacho! Asi mune izvi, pandainge ndiri kudonha, pakupedzisira, nda—ndakadanidzira kuna baba vangu. Nokuti, ndaingova mwana muduku, ndizvo zvoga zvandaita. Ndakadanidzira kuna baba vangu, zvino baba vangu vakanga vasipo ikoko. Uye ndakadanidzira kuna amai, “Mumwe munhu ndibatewo kani!” Kwakanga kusina amai ikoko. Ndakanga ndiri kungoenda. Zvino ndakadanidzira kuna Mwari. Kwakanga kusina Mwari ikoko. Kwakanga kusina chinhu ikoko.

⁸¹ Zvino mushure mechinguva ndakanzwa ruzha rwekuungudza kwakaipisisa rwandati ndambonzwa, uye aive manzwiwo aityisa zvikurusa. Hapana nzira. . . Kunyange moto chaiwo unobvira unenge uri mufaro uchienzaniswa nezvaive zvakaite izvi. Zvino zviratidzo izvozvi hazvina kumbobvira zvambokanganisa. Uye aingori mamwe emanzwiwo akaipisisa andati ndambova nawo, uye chii. . .

⁸² Ndakanzwa ruzha, zvaiita sokunge mune kutyisa kwezvi—zvi—zvipoko. Zvino pazvakadaro, ndakatarisa, zvaiuya, aive madzimai. Uye vaive nezvinhu zvegirinhi, ndakangogona kuona chiso chavo, uye vaiva nezvinhu zvegirinhi pazasi pemaziso avo. Uye maziso avo aita sokunge aienda shure, semadzimai nhasi vanopenda maziso avo, achienda shure sezvizi, uye maziso nechiso bedzi. Zvino vakanga vachingoti, “Ooh, ooh, ooh, ooh!” O, ini zvangu!

⁸³ Ndakangodanidzira, “O Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Ivai netsitsi, O Mwari! Ko Muripiko? Kana Mukangondirega ndichidzokera ndinoraramazve, ndinoKuvimbisai, kuzova mukomana akanaka.” Zvino, ndicho chinhu choga chandakagona kutaura. Zvino, Mwari vanoziva, uye Musi weKutongwa, Vachanditongera chitaurwa ichochi. Ndizvo zvakataura, “Ishe Mwari, regai ndidzokere, uye ndinoKuvimbisai kuti ndichava mukomana akanaka.”

⁸⁴ Zvino pandakapfurwa, ndakanga ndamboreva nhema, potse kunge ndakatoita zvose zvaigona kuitwa, chinhu chimwe chete chandinotaura. . . regai ndichingozvichenesa ndichiri ipo pano zvino. Zvino pandakatarisa pasi ndokuona kuti ndakanga ndapfurwa nepakati, potsepote, ndakati, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Munoziva kuti handina kumboita upombwe.” Ndicho chinhu choga chandaigona kutaura kuna Mwari. Ndakanga ndisati ndambogamuchira ruregerero rwaKe, nezvimwe zvinhu zvose izvi. Ndakangoti, ndakagona kuti, “Handina kumboita upombwe.”

⁸⁵ Uyezve vakandibuditsa imomo. Zvino, imomo, ndakachema, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Ndichava mukomana akanaka, kana Mukangondirega ndichidzokera,” nokuti ndaiziva kuti kwaiva naMwari pane imwe nzvimbo. Uye saka ndibatsirei, zvisikwa zviya zvinotyisa zviru kwese-kwese, ini ndakange ndiri mutsva achangosvika. Uye manzwiwo anovhundutsa, anotyisa, asina humwari imomo. . . Zvairatidzika semaziziso makuru, mazitsiye akabuda sezvizi, uye achienda shure seekiti, sekumashure sezvizi; uye nezvinhu zvegirinhi, uye sokunge zvakanga zvaora kanawo zvimwe.

Uye vakanga—vakanga vari kuti, “Ooh, ooh, ooh!” O, manzwiwo akaita sei! Zvino pandaka. . .

⁸⁶ Zvino kamwe-kamwe, ndakange ndadzoka kuupenyu hwepano pasi zvakare. Chinhu ichocho chagara chichindinetsa. Ndakafunga, “O, zvisaitike kuti ndinofa ndakaenda kunzvimbo yakadaro; hakuna mumwe munhu anofanira kuenda kunzvimbo yakadaro.”

⁸⁷ Mwedzi minomwe yakatevera, ndakava nechiratidzo chokunge ndakamira Kumadokero, uye ndichiona muchinjikwa uya wendarama uchiburukira pandiri. Zvino nda—ndakaziva kuti pane kumwe kune nzvimbo yevakarasika.

⁸⁸ Zvino, handina kumbonyanya kuzvicherechedza kusvikira mavhiki mana apfuura. Mudzimai. . . Handina kumbozvifunga nenzira iyi. Kuda mavhiki mana apfuura, mudzimai neni takadzika zasi kuTucson, kunotenga zvinhu. Zvino patainge tigere. . . Mudzimai, takadzika munzvimbo yepasi, zvino—zvino paiva neboka revakomana vairatidzika sevasikana vaiva nevhudzi ravo rakakamwa, munoziva, sezvinoita madzimai, ne—nevhudzi repahuma rakakamirwa kuno kumberi, vakapfeka midhebhe iri mudenga chaizvo, sokunge, ndinofunga mabeatnick, kanawo zvimwe zvamunovadana nazvo. Zvino vakanga vari imomo, uye munhu wose aivatarisa, uye misoro yavo yakanga yakakura sezvizi, semadzimai akagerwa zve “waterhead” zviya, munoziva. Zvino vaive zasi ikoko.

⁸⁹ Zvino mumwe mudzimai wechidiki akauya nepo, zvino ndokuti, “Munofungei nezvazvo?”

⁹⁰ Ndikati, “Zvino unofanira kunge uri kuzvinyarira, kana uchifunga zvakadaro.” Ndikati, “Ane kodzero yekuzviitawo yakafanana neyako. Hapana kana mumwe wenyu ane kodzero.”

⁹¹ Saka ndakakwira kumusoro, ndokugara pasi. Zvino pandakazviita, paiva nemanera anofamba, maiva muchitoro cha J.C. Penny, zvino manera anofamba aya aiunza vanhu kumusoro. Zvakanaka, ndakanyatsorwara nemudumbu, ndichiona madzimai aya achiuya kumusoro ikoko; vaduku, vakuru, uye nevakasiyana, vakaputana zviso, vaduku, uye nenzira dzose, vakapfeka zvikabudura zviduku; mitumbi yavo ichisemesa, nemadzimai aya aive akapfeka zvinokwezva varume, vaine

misoro iya mikuru saizvozvo, zvino hevanoi vachiuya. Zvino paiva nemumwe akanga achiburuka kubva pamanera aya anofamba, achingunokwira saizvozvi, pandakanga ndigere kumashure muchigaro, ndigerepo ndakakotamisa musoro wangu.

⁹² Zvino ndakatendeuka ndokuona. Zvino mumwe wavo akanga ari kukwira nemanera aiti, “Ooh,” achitaura chiSpanish, kune mumwe mudzimai. Akanga ari mudzimai wechichena akanga ari kutaura kumudzimai wechiSpanish. Zvino pandakatarisa, [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti.] kamwe-kamwe ndakabva ndashanduka. Ipapo, ndakange ndakambozviona kumashure. Maziso ake, munoziva zviri kuita madzimai iye zvino, vachipenda maziso avo, nguva shoma yapfuura, sekiti, munoziva vachizviisa kumusoro sezvizi, uye vakapfeka magirazi ekiti nezvimwe zvole, munoziva, vaine maziso kumusoro sezvizi, uye nezvinhu zvegirinhi zviri muzasi memaziso avo. Hecho chinhu chiya chandakaona ndiri mwana muduku. Heunoi mudzimai wacho chaiye-iyeye. Zvino ndakabatwa nechiveve muviri wose, ndokutanga kutarisa kwese-kwese, zvino hevanoi vanhu vaya vachin’urun’uta, munoziva, vachitaura nezvemitengo nezvimwe muchivakwa ichi. Zvino ndakango . . .

⁹³ Zvakaita sokunge ndakashanduka kwechinguvana. Zvino ndakatarisa, ndokufunga, “Ndizvo zvandakaona mugehena.” Hevanoi avo, kuora kuya. Ndakafunga kuti nokuda kwekuti vari mugehena ndizvo zvakavaita kuti vave sezvavari, girinhi kunge blue muzasi memaziso avo. Zvino hepanoi madzimai aya akapenda negirinhi kunge blue, sezvakanga zvakaita chiratidzo chiya makore makumi mana akanga apfuura.

⁹⁴ Munooni, kuda makore makumi mana akapfuura, ndizvo zvazvakange zviri. Ndine makore makumi mashanu nemana; ndaive negumi nemana. Saka kuda makore makumi mana akapfuura, ini . . . Uye ndiyo nha—nha . . . Ndiyo nhamba, zvakadaro, yekutongwa, munooni. Zvino paiva ne . . .

⁹⁵ Ndazviona izvozvo ndakatadza kana kutaura nemudzimai wangu paakauya. Akanga ari ikoko achiedza kuwanira Sarah nevana chimwe chinhu, kunge se—serokwe kanawo chimwe chekuchikoro, zvino ini—ini ndakatotadza . . . Ndakatotadza kana kutaura naye. Mudzimai akati, “Bill, waitwa sei?”

Ndikati, “Mudiwa, ndaita sokunge . . . Ndave kunge munhu akafa.”

Zvino iye ndokuti, “Chii chanetsa? Uri kurwara here?”

Ndikati, “Kwete. Pane chimwe chinhu changobva mukuitika.”

⁹⁶ Zvino hapana chaanziva. Akatomirira kuti tepi ino idzoke. Hapana wandati ndamboudza. Zvino ndakafunga

kuti ndichamirira, sekuvimbisa kwandakaita, kuzviunza kukereke kutanga. Maona? Kuzviunza kukereke. Ndiyo yaiva vimbiso yangu. Uye muchacherechedza, mushure meusiku huno, chikonzero sei ndichiedza kuchengeta vimbiso yangu. Maona?

⁹⁷ Ndakafunga zvino, pandakacherechedza maziso seane chirwere emadzimai aya. Paivapo nemaSpanish, maFrench, nemaIndia, nevachena, vose pamwe chete, asi misoro iya mikuru, munoziva, vhudzi rakakamirwa kunze, nemakamu, makamiro avanoriita kumashure, zvakanyatsokura, zvino rozobuda kunze. Munoziva, munoziva maitiro avanoita, vachirigadzira semaitiro avanoriita. Uyezve nemeso anenge ane chirwere, maziso ane pendi, achienda kumashure semeso ekiti. Zvino vakanga vari kutaura, ndipo pandaive zvakare, ndakamira imomo muchitoro cha J.C. Penney, ndadzokera mugehena zvakare.

⁹⁸ Nda—nda—ndakatya zvikuru. Ndakafunga, “Ishe, zvirokwazvo handina kufa, uye Mazondirega ndichiuya kunzvimbo ino zvakadaro.”

⁹⁹ Zvino have avo, vachiita . . . varipo saizvozvo, semuchiratidzo chiya, waingozvinzwira pasi-pasi nenzeve dzako, munoziva. Kun’run’uta vachienda mberi, kwevanhu, uye madzimai aikwira nemanera anofamba aya vachifambafamba imomo, nezviya, “ooh, ooh!” Hevo avo vaiva nemaziso aya egirinhi, asinganzwisisike, nekuungudza.

¹⁰⁰ Zvino mudzimai akauya. Zvino ini ndikati, “Chimbondisiya ndiri ndoga kweminiti, mudiwa.” Ndikati, “Kana usina hako basa nazvo, nda—nda—ndave kuda kuenda kumba.”

Zvino akati, “Wave kurwara here?”

¹⁰¹ Ndikati, “Kwete, chingoenderera hako mberi, mudiwa, kana pachiiine zvimwe zvauchiri kuda kutenga.”

Akati, “Kwete, ndapedza.”

¹⁰² Zvino ini ndakati, “Rega ndikubate ruwoko.” Maona? Zvino ndokubva ndafamba ndichibuda.

Mudzimai akati, “Ko chii chanetsa?”

Ndikati, “Meda, nda—nda—nda . . . Pane chimwe chinhu chaitika kumusoro uko.”

¹⁰³ Zvino ndichiri pasi paizvozvo, ndakafunga izvi, “Tiri kurarama muzuva ripi? Uku ndiko here kunogona kunge kuri iko Kudhonza kweChitatu?” Zvino ndine zvimwe zvinyorwa pano.

¹⁰⁴ Jesu. Tinoona kuti, Jesu, mushumiro yaKe, mushure mokunge aparidzira vanhu. Iye zvino tichange takanyatsomira paMagwaro pane izvi. Mushure mokunge Jesu apedza shumiro yaKe, uye shumiro yaKe yakarambwa nevanhu. Zvino muchaverenga pakati pemitsara, mozviwanira kunzwisisa kwenyu. Rangarirai zvandakakutaurirai pakutanga. Mushure mokunge iYe aparidza . . .

¹⁰⁵ Akauya seuYo akavimbiswa wezuva iroro. Tose tinozviziva. Magwaro akazivisa Jesu Kristu saMhesiya. Ndizvozvo. Zvizere, zvakasimba, akasimbiswa naMwari neShoko raKe, kuti Aive Mhesiya. Hapana mubvunzo. Kana pakava neane mubvunzo nazvo, kana ukadaro, zvino unofanira kuuya kuartari, kuti, “Akanga asiri Mhesiya.” Akaratidzwa zvakajeka saMhesiya. Asi mushure iYe zvakajeka. . . Mwari vakaMuzivisa.

¹⁰⁶ Sokutaura kwakaita Petro neZuva rePentecosti, apo akataura neSanhedrin ipapo, pane mana. . .mushure memazuva angaita mana. Akati, “Jesu weNazareta, Munhu akasimbiswa naMwari pakati penyu nezviratidzo nemashura, ayo Mwari vakaita Naye pakati, izvo zvose zvatiri zvapupu. Maona? Makatora, uye nemaoko ane utsinye, mukaroverera pamuchinjikwa Muchinda weUpenyu; uyo akamutswa naMwari, nokuratidza zvinhu zvose izvi zvamuri kuona.” Maona? Kristu akaenderera mberi achirarama. Zvirokwazvo, achiri kurarama nhasi.

¹⁰⁷ Mushure mokunge Jesu anyatsouya, akaZvizivisa; Mwari vakaMuzivisa, uye Akaporofita. Zvino mushure memazuva ekuporofita kwaKe, kunyange akanga aziviswa neMagwaro, vanhu vakaMuramba. Ndizvozvo. Zvino Akaparidza mushure mokunge vaMuramba pano, kune avo vaigona kunge vakaponeswa. Rangarira, paAiparidza, paiva nemukana wekuti chero munhu aponeswe. Hatizivi kuti ndivanaani. Vakatemerwa. Asi iYe akaramba achiparidza.

¹⁰⁸ Asi mushure memazuva okuparidza kwaKe, shumiro yaKe yakaenderera mberi, nokuti boka raAkapedzisira kuparidzira yaive mweya yaive mugehena, yaive isisagone kuregererwa. Ndazviverenga zvakajeka kubva muBhaibheri pano, kubva muna Petro weChipiri. Maona? Akaenda ndokunoparidza kumweya yaive mutorongu, rinova gehena, yakapfigirwamo kusvikira paZuva reKutongwa.

¹⁰⁹ Nokuti, munoona, Kutonga handi zvino, uye hakuna gehena rine moto zvino. Mumwe munhu akakuudza, “Munhu uya ari mugehena rine moto zvino,” izvozvo handizvo. Maona? Mutongi wenyika ino ane nduramo yakakwana haapomere munhu kusvikira aunzwa kuzotongwa. Uye Mwari havazokandi munhu mu—mubiravira remoto kusvikira kutanga apomerwa nemirairo yaMwari pachaKe. Akaramba tsitsi, saka, munoona, anofanira kutanga atongwa, zvino kutongwa Chigaro Chikuru Chichena cheKutonga. Asi zvino ari pane nzvimbo inonzi imba yehusungwa.

¹¹⁰ Sekuona kwandakaita chiratidzo chenzvimbo idzi mbiri, nenyasha dzaMwari. . .Ndinotaura izvi kwete sekumhura, uye, kana zvisizvo, Mwari vandiregerere. Ndinotenda kuti ndakaenda kunzvimbo idzi dziri mbiri, munoona, munzvimbo mbiri idzi. Uye ndakaona vadzikinurwa, vakaropafadzwa;

uye ndakaona vakarasika, uye nekwaivaive vari. Uye ndicho chikonzero ndakamira sehama yenyu, nhasi, kukuyambirai kuti mutize nzira iyi inodzika pasi. Usafe wakaenda nenzira iyoyi. Uye une zvose zvokuraramira, nzira iyi yakaropafadzwa inokwira kumusoro, uko vadzikinurwa vari mumufaro nerugare, uye havakwanise kutadza. Havakwanise—kwanise kuva neurombo. Havakwanise. Ikoko, hakuna chiriko; vakakwana. Ndakaona nzvimbo mbiri idzi! Ndinoziva kuti chitaurwa chinotyisa chokuti munhu ataure, asi, Mwari ari Mutongi wangu, ndinotenda zvachose kuti ndakaona nzvimbo mbiri idzi. Ndi—ndinozvitando.

¹¹¹ Uye, o, zvisambofa zvakaitika kuti munhu upi zvake apinde munzvimbo iyi yevakarasika! Dai wainge wakamira uine waya dzinopisa dzakabairirwa dzichipfuura nemauro, uchitambudzwa nenzira dzose, hazviite sekutambudza kwadhiyabhorosi ikoko munzvimbo iyoyo. Hapana chinhu chingagona... Pfungwa yemunhu hayaigona, pfungwa yemunhu haikwanise kuti ibate izvo zviru nzvimbo dzevakarasika. Hapana nzira yokuzvitsanangura. Uye hapana nzira yokutsanangura zviru nzvimbo dzevakaropafadzwa, zvakanatsokura. Uku kunotyisa zvikuru, uye Uku kuno—kunofadza zvachose, zvinobva pane zvakaipisa kusvika kune zvakanakisisa. Saka kana chero ani akandinzwa...

¹¹² Zvino ndava kuve munhu wachembera. Handizive kuti ndichine nguva yakadini. Nenguva shoma ndichange ndave nemakore makumi mashanu nemashanu ekuzvarwa. Uye ha—handizive, zvichienderana nemasikirwe, ndinogona kunge ndisisina makore akawanda. Handizive kuchaenda tepi iyi. Asi regai munhu wese anzwe, ari pano neari patepi, kana kwese kwainogona kuenda. Usambofa wakafamba wakananga kunzvimbo dzevakarasika. Haukwanise kuisa mufananidzo wegehena rakaipa zvakadaro. Uye chose chaungaite, usambofa wakawana chipi...kukanganwa izvi, kuti nzvimbo dzevakaropafadzwa...Ndingataura izvi, naMutsvene Pauro, “Ziso harisakamboona, nzeve haisakambonzwa, kana kutombopinda mumoyo wemunhu, izvo Mwari akachengetera avo vanoMuda.” Saka mira, kana uri kuteerera tepi, dzima muchina, ugotendeuka kana usina kuponeswa, uye ugadzirisane naMwari.

¹¹³ Ndiri kutaura izvi semunhu akapfuura nemazviri, sokutenda kwandinoita mumoyo mangu. Uye ndinoti, kana izvi, kana zviratidzo zvandinyengera, Mwari ave nengoni kuti ndiite chitaurwa chakadaro. Asi nokuperera kuri mumoyo mangu, ndichiziva kuti hapana chimwe chete chezviratidzo chakambokundika, ndinotenda kuti ndakaenda kunzvimbo mbiri idzi. Zvisambofa zvakaitika kuti munhu upi zvake aende nenzira inodzika pasi!

114 Zvino, Jesu, mushure mokunge apedza shumiro yaKe, akaparidzira kumweya iyo yakanga isisaponeswe, yakanga isisakwanise kuti iponeswe. Zvino Bhaibheri rinotiudza izvozvo. “Akaenda akanoparidza kumweya yaive mutorongo, isina kutendeuka.” Apo tsitsi padzakapiwa kwavari, vakaramba tsitsi, uye zvino vakamirira Kutongwa. O, yaive nguva yakadini iyi! O, ndinoshuva kuti dai paiva neimwe nzira yandaizunguza nyika nazvo, kuvaita kuti vaone zvazvakanyatsoita.

115 Uye Jesu akati, pachaKe, “Sezvo Baba vakaNdituma, naizvozvo Ndinokutumaiwo.” Uye sezvo Baba vakaMutuma kunoparidza kune va—vapenyu, kune avo vaiva netariri, uyezve nokuzosvitsa Mharidzo imwe chete kune avo vasina tariro, zvinoita sezvinopindirana, panguva ino, kuti izvozvo zvinofanira kuitwa, nokuti Mweya waKristu uri kugara matiri haushandure hunhu hwaKe, kana kuti haushandure hurongwa hwaMwari. Anofanira kunge ari zvimwe chete muchizvarwa choga-choga. Anofanira kunge ari zvimwe chete. Akati, “Sezvo Baba vakaNdituma, naizvozvo ndinokutumaiwo.”

116 Shumiro dzacho dzinofanira kunge dziri zvimwe chete, zvokuti iYe akati. . . Ndiri kuona vamwe venyu vachinyora Magwaro pasi. Mutsvene Johane 14:12, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa andinoita naiyewo achaaita.” Munoono, “mabasa,” kuparidza kune vakarasika, kupodza varwere, uyezve nekune avo vasingagoni kuti vaponeswe. Maona? Basa rakaenderera mberi zvakadaro. Saka, izvi zvakaitika, (izvi zvakambovapo?) regai ndizvitaure kudai, shumiro yaJesu Kristu ichidzokazve iri munyama yemunhu muKereke yaKe muzuva rino rokupedzisira. Ndizvo zvatintenda vazhinji vedu. Ndinotenda pamwe nemi. Ndinotenda izvi. Dai ndanga ndisingazvitendi, pane chimwe chinhuwo chandaiita pamusoro pazvo. Nokuti, chaizvoizvo, ndini wacho ane bas- . . . ane basa imo muno. Uye kana Mweya waMwari uri mauri, une hanyn’a nevanhu.

117 Pane Gwaro raigara richindinetsa, kuti Mosesi akagona sei kutaurira Mwari zano raive nani pane raiva naMwari, kusvikira ndakazoono kuti waive Mweya waKristu waive muna Mosesi. Maona?

118 Mwari vakati, “Mosesi, zvipatsanure kubva kwavari. Ndichaparadza zvose, ndotanga newe.”

119 Akati, “Ishel!” Akazvikandira pamukaha, ndokuti, “Nditorei ini. Dzimai zita rangu.” Vanhu chaivo ava vakanga vapanduka, moyo wake wakabatikana navo. Maona?

120 Uye kana mushumiri ane vanhu pamoyo wake. . . Ko ndaizonzwa kururamiswa kune vekwangu. . . pamberi paMwari, uye nekwandiri, kuti uchengete zvinhu kubva kuvanhu vaunoda kudarika madiro aunozviita. Ko munhu angatore mumwe munhu achimuisa muchechi nokumujoinhisa nokukwazisa ruwoko, kana kusasa mvura, kana rumwe rubhabhatidzo

rwenhema, kana zvimwewo, zvino wovarega vakagara pasi pe—perunziro yenhema uye uchiziva kuti Bhaibheri rirere apo, zvino woti unoda munhu wacho?

¹²¹ Kunyange ndikapemha kuti ndirarame, chingave chii, regai ndive ndakatendeka kuna Mwari nevanhu, kuvaudza Chokwadi. Regai ndisambova munyengeri. Ko ndinganyengera sei avo vandinoda? Kunyange ndichifanira kuvarwadzisa, zvakadaro ndinovada. Ndicho chikonzero uchirova mwana wako, nokuda kwekuti unomuda. Kwete nokuti haumude; nokuti unomuda. Kana akanganisa, anouraiwa kana ukasamugadzirisa.

¹²² Zvino, ndizvo zvanga zvirimo shumiro. Sezvayakambova, ndizvo zvairi nhasi. Yakaparidzwa, uye ikasimbiswa zvizere neShoko raMwari, haaigona kuva munhu, aitofanira kuva Mwari. Zvinofanira kudaro. Cherechedzai, zviratidzo zvimwe chete zvemweya zvakaitwa naJesu, zvaitika zvakare panyika mumazuva okupedzisira. Chiratidzo chaicho chimwe chete chemweya chaAkaZvizivisa nacho saMhesiya, chaMuzivisa nhasi. Achingori Mhesiya! Zviratidzo zvimwe chete zvinobatika zvakaoneka panyika, zvakaonekwa nokuda kwaKe, izvo zvaAive. Shongwe yeMoto imwe chete yakaonekwa naMutsvene Pauro, Imweyo, zvose zvave kuitikazve zviine hunhu humwe chete mazviri, nokuita zvinhu zvimwe chete.

¹²³ Jesu akataura kuti hapana chaAiita kunze kwekunge Baba vaMuratidza. Zvino Baba ndiwo Mweya Mutsvene, tinocherechedza kudaro. Inongori hofisi yaMwari. Kana isiri, zvino ndeupi wavo anova ndiye Baba waJesu Kristu? Jesu akati Mwari ndiye akanga ari Baba vaKe, zvino Bhaibheri rakati Mweya Mutsvene ndiye akanga ari Baba vaKe. Zvino, haungaMuite kuti ave mwana weupombwe, saka Mweya Mutsvene ndiMwari, saJesuwo akanga ari Mwari. Saka, Mwari, Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene ndi... Ndiwo... Mahofisi matatu aMwari mumwe chete. Hunhu hutatu, Mwari mumwe chete.

¹²⁴ Uri chikamu chaMwari, uye ini ndiri chikamu chaMwari, munoono; asi handisi wese Mwari, uye newewo hasi wese Mwari. Maona? Maona? Hunhu hwaMwari huri patiri, sevana vakaitwa vana naJesu Kristu. Iye, Mwari pachaKe akava nyama, kuti agotifira.

¹²⁵ Zvino, Mweya Mutsvene waigara uchiMuratidza zvinhu zvaizouya, uye haAna kumbobvira akanganisa. Nguva dzose zvainge zvirimo izvo chaizvo. Ndizvozvo here? Haana kumboti ndiYe aizviita. Akapa mbiri kuna Mwari. Akati, “Mwanakomana hapana chaanogona kuita pachaKe asi izvo zvaAnoono Baba vachiita.” Uye Baba, Mweya Mutsvene, ndiye aiva Baba vaKe. Ndizvozvo here? “Josefa, mwanakomana waDhavhidha, usatye kutora Maria mukadzi wako, nokuti Ichu chakagamuchidzwa mukati make ndecheMweya Mutsvene,” uyo akange ari Baba

vaKe. Uye Mweya Mutsvene wairatidza Jesu zvinhu zvaizouya, ukamuudza zvinhu zvakaitika.

¹²⁶ Zvino ndiYe aiva Mwari-Muporofita. Nokuti, Shoko raShe rinongouya chete kumuporofita; kuratidza kuti maShoko akauya, muchiyero chakaderera, vaporofita vakanyora zvavakaudzwa naShe. Asi Iye hapana chaakanyora, nokuti Ndiye aive Shoko. Aive Shoko.

¹²⁷ Cherechedzai, Mweya Mutsvene mumwe chete wairarama maAri, “Asi kwechinguvana, nyika haichazondiwoni zvakare; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndiinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Ndichauya kwamuri,” Akadaro. “Ini,” ndivo Baba vaiva maAri, “vachauya kwamuri.” Uye Akati, “Kana Mweya Mutsvene uchinge wauya pamuri, Achazarura zvinhu zvose izvi zvandakakudzidzisa, uye nokukuratidzai zvinhu zvaizouya.” Hezvo izvo zvino.

¹²⁸ Zvino tinocherechedza, kuti sekushanda kwakaita Mweya Mutsvene muKereke kareko, saizvozvowo Mweya Mutsvene waita zvinhu zvimwe chete chaizvo nhasi; kuzivisa neShongwe yeMoto, chaizvo sezvazvaiva pakutanga, chinhu chimwe chete. Uye tichiona izvi zvichiuya pana Jesu, Johane akazvivisa parwizi Jorodhani. Uye akasimbisa zvose, kunyange mifananidzo yazvo yesainzi. Hazvirambike. Zvakaitwa nesainzi. Zvakaitwa nezvinobatika. Yakanga isiri pfungwa yokufungidzira. Zvakanga zvisiri zvekuverenga pfungwa. Sezvo George J. Lacy akati, “Ziso remuchina wemufananidzo harikwanise kutora zvepfungwa. Chiedza chakarova ziso remufananidzo.”

¹²⁹ Zvino ko imi, kereke, kwava nemwedzi ingaita mitanhatu kana misere pano, uye ndimire pano, ndichiti, “IZVANZI NAJEHOVHA, kuti ndiri kuenda kuTucson, Arizona. Pachava nekuputika, zvino Ngirozi nomwe dzichaonekwa.” Munozvirangarira? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] Pasina kana . . . Mwari vachinyatsoziita kuti zvive zvemazvirokwazvo kusvikira magazini ye*Look* vakatora mifananidzo yazvo. ZveMweya, zvakafanoonekwa, zvika zvinhu zvinobatika chaizvoizvo, Ngirozi nomwe, dzakaunza kukomberwa kweMagwaro ose. Nokuti, zvakavanzika zvose zveMuBhaibheri rose zviru muZvisimbiso Zvinomwe. Tinoziva kuti Iri ndiro—ndiro Bhuku, Chisimbiso charo, naCho chakazarurwa. Ichakavanzika cheBhuku rose, chiri mune izvo Zvisimbiso Zvinomwe, izvo Isha vakatendera kuti tizviunze.

¹³⁰ Uye pane varume vagere muno, nhasi, vakanga varipo ipapo pamwe neni pazvakaitika. Magazini ye*Look* yakasimbisa chinhu chimwe chete, kuti cha—chakanyatsoitika. Nokuti, Vaiva Mwari vakazvita. Vaiva Mwari vanomira seri kweShoko raVo, kuti vaRiite kana Vati Vachaziita. Nokudarwo, haasi mumwe

munhu, munhu wenyama seni pachangu, ari pakati penyu vanhu. NdiMwari wemuna Ziendanakuenda.

¹³¹ Anoshandisa vanhu. Ichokwadi. Hapana chaanoita kunze kwezvaAnoita achishandisa vanhu. Tinozvicherechedza izvozvo. Iye, ndiye mumiririri waKe—waKe. Ndiye waAkasarudza. Sei, handizive. Aigona kunge akaita kuti zuva riparidze Evhangeri. Anogona kuita kuti mhengo iparidze Evhangeri. Aigona kuita kuti mhengo iite zvinhu, asi Akasarudza vanhu.

¹³² Ndiyo yaiva pfungwa yaKe, kuti munhu azotaura kune mumwe munhu; kwete iye pachake, asi, “Shoko raShe rakauya kuvaporofita,” avo vanoporofita, vaparidzi. Zvino uyo anoporofita anoramba Shoko repakutanga, ko angazova sei muporofita wechokwadi? Maona? Haakwanise, nokuti ari kuramba Chokwadi cheShoko. Uyezve kana rikasazviita, zvino Shoko iri, pachaRo, paRinoparidzwa muzvokwadi yeShoko nemuzvokwadi yeMweya Mutsvene, Rinoratidza vimbiso yose yaRakavimbisa. Ndiwo maziviro atinoita kuti ndere mazvirokwazvo here kana kuti kwete. Ndizvo zvakataurwa naJesu, “Kana Ndikasaita izvo zvakanyorwa nezvaNgu kuti ndiite, zvadaro musaNditenda.” Maona? Zvino tinoona zvinhu izvi.

¹³³ Rangarirai, Zvisimbiso Zvinomwe zvakapedzwa, zvino kana zviya Zvokwadi zvinomwe zvakazarurwa . . .

¹³⁴ Chimwe chazvo, haAna kutitendera kuti tichizive. Isu . . . Vangani vakanga vari pano paZvisimbiso Zvinomwe, vakanzwa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Imi mose, ndinofungidzira kudaro. Munoono, Chisimbiso che—cheChinomwe, haAna kuchitendera.

¹³⁵ Akanyatsomira mukamuri imomo ndokuzarura chimwe nechimwe chawo. Uye kana ndakamboparidza chimwe chinhu muupenyu hwangu, chakafemerwa, zvaiva izvozvo. Uye zvinofanira kuva zvechokwadi, kwamuri. Ndakamira pano ndikakutaurirai kuti zvichazoitika, uye nokutozoendako chaiko, uye zvokuti sainzi nezvimwe zvose, vanonzvera vesainzi nezvose, chakavanzika kuvanhu, zvakaraidza kuti zvakaikita ipapo chaipo. Uye ndokudzoka ndokunzwa zvichibhedhenuka, nokuita kuti Shoko rose rive remazvirokwazvo. Tiri kurarama muzuva ripi? Tiri papi?

¹³⁶ Uye rangarirai, muChisimbiso cheChitanhatu, umo, munorira Hwamanda dzose Nomwe pasi peChisimbiso ichi cheChitanhatu. Kana tazosvika kune izvozvo, muchazviona. Dzose (nomwe) Hwamanda dzakaitika muChisimbiso ichi cheChitanhatu.

¹³⁷ Chechinomwe chinogara chiri chakavanzika. Cherechedza chechinomwe ichi, ndiwo magumo. Ndiko kwaiva Kuuya kwaShe. Denga rakanga rakati zii, rakanyarara, hapana aifamba. Nokuti, Jesu akati pachaKe, “Hapana kana Ngirozi

yeKudenga inoziva pandichadzoka. Handitomboziviwo, pachaNgu, nguva yacho. Baba vakazviisa mupfungwa dzaVo.” Mwari voga ndivo vanozviziva, iwo Mweya. Akati, “Handairiziva.” Ipapo, rakanga risina kuzarurwa. Pakarira Hwamanda yeChinomwe... kana kuti Mutumwa weChinomwe, chi—Chisimbiso chakazarurwa, zvino pakava nerunyararo Kudenga. Munoono, hazvina kutaurwa, zvakanga zviru kuzoitika.

¹³⁸ Asi pasi peChisimbiso cheChitanhatu, ndipo pakazarukira Hwamanda idzi. Rangarirai, pasi ipapo, tinozoono kuti Gwayana rakauya mberi, ndokuuya panzvimbo. Akanga abva paChigaro cheTsitsi. Basa raKe rekudzikinura rakanga rapera. Zvino Akauya ndokutora Bhuku kubva muruwoko rwerudyi rweuYo aive agere paChigaro, zvino “nguva yakanga yapera.” Zvino pakarepo ngirozi yakaonekwa muchitsauko chechinomwe, kana kuti chitsauko 10 pandima 7, ichiti... Ngirozi iyi yakaburuka ndokupika, kuti, “nguva pakanga pasisina.”

¹³⁹ Asi, munoono, muBhuku iri maiva nezvakadzikinurwa. Raiva Bhuku reRudzikinuro. Uye vose vaAkadzikinura vaive vakanyorwa muBhuku iri. Vose vaAkafira vaive vakanyorwa muBhuku, Uye haAikwanisa kubva paChigaro chaKe chokureverera kusvikira Adzikinura zvachose. Uye haAna kukwanisa kuvadzikinura pamuchinjikwa, nokuti vaive vakatemerwa muBhuku reUpenyu reGwayana, uye Akatozoramba ari Ipapo achireverera kusvikira munhu wekupedzisira adzikinurwa. Girori!

¹⁴⁰ Asi rimwe zuva Akasimuka kubva Ipapo, ndokuuya mberi. Bhuku rakanga riripiko? Rakanga richiri mune Muridzi waro asingabatike, Mwari Samasimba. Zvino Johane akatarisa kwese-kwese, ndokuchema, nokuti pakanga pasina munhu akakodzera kutarisa Bhuku uye, kunyanya, kuzarura Zvisimbiso, kuzarura zvaive chakavanzika chakavanda.

¹⁴¹ Zvakavanzika zvaive muZvisimbiso Zvinomwe. Apo Zvisimbiso Zvinomwe pazvakazarurwa, zvakazarura Bhaibheri rose. Zvisimbiso Zvinomwe; Zvaive zvakasimbiswa neZvakavanzika Zvinomwe, uye muZvisimbiso Zvinomwe ndimo maiva makabatwa zvakavanzika zvose zvaZvo. Uye raive Bhuku reRudzikinuro, Testamende Itsva.

¹⁴² Kwete Yekare. Yaifanoreva nezveTestamende Itsva. “Vakaitwa... havagone kuva vakakwana vasinesu,” vaHebheru 11. Maona? Maona? Zvino, rudzikinuro rwakangouya Mudzikinuri paAkafa. Uye mukumiririrwa vaive pasi peropa rehwayana, kwete Mudzikinuri; vakanga vasati vadzikinurwa, kusvikira Mudzikinuri auya.

¹⁴³ Cherechedzai zvino apo Mudzikinuri uyu... Johane akatarisa kwese-kwese, zvino hepanoi Mwari agere paChigaro,

aine Bhuku muruwoko rwaKe, raive rakasimbiswa neZvisimbiso Zvinomwe, uye zano rose rerudzikinuro raive riri mariri.

144 Zvino rakanga raraswa nerudzi rwevanhu, Adhama. Zvino Mwari . . . Rakadzokera kupi? Satani haana kukwanisa kuritora; akangomuita kuti arasikirwe naro. Asi Bhuku rakazoendepi zvino? Rakanga risiri rerudzi rwevanhu. Maropafadzo akanga asiri epano; pano rudzi rwevanhu rwakanga rwarasikirwa naro. Saka rakadzokera kuMuridzi waro wepakutanga, aiva Mwari.

145 Heunoi Agere naRo, zvino Akadana munhu, mumwe munhu, kuti auye azoRitora.

146 Johane akatarisa kwese-kwese, zvino pakanga pasina munhu Kudenga, pasina munhu panyika, pasina munhu, pasina Ngirozi, hapana chaigona kutora Bhuku kana kusunungura Zvisimbiso, kana kutomboRitarisa. Hapana munhu akanga akakodzera. Johane anoti akachema zvikuru.

147 Zvino imwe Ngirozi yakauya kwaari, ndokuti, “Usachema, Johane, nokuti Shumba yeRudzi rwaJudha yakunda, uye Yakakodzera.”

148 Zvino Johane akatarira kuti aone gwayana . . . kana kuti kuona shumba, zvino chii chaakawana? Gwayana, uye raive Gwayana rizere neRopa, Gwayana rakanga rabaiwa. Kubvira riinhi? Kubvira kumavambo enyika.

149 Gwayana rakauya, ndokufamba richienda kune Uyo aiva akabata Bhuku muruwoko rwaKe rwerudzi, ndokugamuchira Bhuku; ndokukwira paChigaro ndokugara pasi. Ndizvozvo. Zvakanga zvapera (riinhi?) pakazarurwa Zvisimbiso. Apo wekupedzisira, zvaiva izvo zvose zvaAkanga adzikinura, hapana chaivepo . . .

Akauya kuzodzikinura.

150 Ungati, “Sei asina kuvadzikinura makore makumi mana apfuura? Zviuru zviviri zvevakore zvapfuura?”

151 Munoono, mazita avo ari muBhuku reUpenyu, muBhuku imomo. Zvino Aifanira kumira pano, nokuti chaive chiri chinangwa chaMwari chokuvadzikinura. Mazita avo akaiswa muBhuku reUpenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Gwayana rakaiswa ipapo naro, kuti riuraiwe. Hero Gwayana richiuya, rauraiwa, richidzoka kuzoreverera.

152 Richerechedzei! Pachava nekutevedzera kwakawanda, zvose zvakangowanda, asi zvirokwazvo pakanga pachazova nemumwe munhu akanga achizoponeswa, nokuti iYe . . . Kereke yakatemerwa kunge isina gwapa kana kuunyana. Ichange Iriko. Uye Gwayana ndizvo zvarakafira. Zvino apo zita rokupedzisira raive muBhuku iri parakadzikinurwa, Gwayana rakauya ndokutora Bhuku, “Ndini Wacho akazviita!”

153 Ngirozi, maKerubhi, Vakuru vane makumi maviri nemana, Zvipuka, zvose, zvakakurura korona, ndokuwira pasi pamberi peChigaro, ndokuti, “Imi makakodzera!”

154 Johane akati, “Zvinhu zvose Kudenga nepasi zvakandinzwa ndichidanidzira, ‘Amen,’ ndichidanidzira, ‘Hareruya,’ uye nerumbidzo kuna Mwari.” Kudanidzira kwakakwira kumusoro. Sei? Mazita avo akanga ari muBhuku iri, kuti agozarurwa, zvino Gwayana rakanga rarizarura.

155 Gwayana rakanga raridzikinura, asi haRaikwanisa kuuya kusvikira zita rose razarurwa, zvino izvi zvakanga zvirikuitika pasi peChisimbiso cheChitanhatu, cheChinomwe chisatichazarurwa. Zvino vasina gwapa. . . Zvino Gwayana rakavinga zvarakanga Radzikinura. Rakauya kuzotora zvarakanga Radzikinura. Rinotori nazvo kare, imo muno muBhuku, rakaRitora kubva muruwoko rwaKe. Iye zvino Arikuyya kuzogamuchira zvaAkadzikinura. Ndiro basa raKe. Apedza. Auya kuzorigamuchira. O, i—inguva yakadini! Azviratidza, Chisimbiso cheChinomwe chakazviratidza. Adzoka kuzotora Bhuku reRudzikinuro!

156 Cherechedzai, yaizenge iri Mharidzo yeNgirozi yechinomwe yaizozarura chechinomwe, Zvisimbiso Zvinomwe. Zvakazarurwa 10:7, zvino, muchaiwana. Maona?

157 “Zvino akaona Ngirozi iyi ichidzika, ndokuisa tsoka yaYo panyika nepagungwa,” aiva Kristu, “aiva nemuraraungu pamusoro pemusoro waKe.” Mucherechedzei iYe, munoMuwana muna Zvakazarurwa 1, zvakare, “aine muraraungu pamusoro pemusoro waKe; achiratidzika sejasipisi nesardio,” nezvimwewo. Heunoi Anouya, ndokuisa ruwoko rumwe. . . “Tsoka imwe panyika, imwe pamvura; ndokusimudza ruwoko rwaKe. Aiva nemuraraungu pamusoro pemusoro waKe,” nazvino. Iyi isungano. Aive Mutumwa weSungano, akanga ari Kristu; akaitwa muduku zvisihoma pane Ngirozi, kuti atambudzike. Heunoi Anouya, “Zvino ndokusimudza mawoko aKe Kudenga, ndokupika naiYe anorarama nokusingaperi-peri,” Uyo wemuna Ziendanakuenda, Baba, Mwari, “kuti nguva haingazovapo,” kana izvi zvoitika. Yopera. Zvaita. Hakuchina.

158 Uyezve Gwaro rintoti, “Zvino pa—paMharidzo yemutumwa wechinomwe wepanyika,” mutumwa ari panyika, Zera reKereke rechinomwe rokuguma, “pakutanga kweshumiro yake,” painotanga panyika, panguva iyoyo, “chakavanzika chaMwari, cheZvisimbiso Zvinomwe izvi, chinozoziviswa panguva iyoyi.” Iye zvino tinoona patave. Kuti ndizvo here, vashamwari, kuti ndizvozvo? Cherechedzai, zvose zvinogoneka.

159 Zvose zvakanga zvadzikinurwa muBhuku, Akauya kuzodzikinura. Zvose zvaizodzikinurwa zvaive zvirikuitika muBhuku, zvakatemerwa nyika isati yavambwa. Akauya kuzoRidzikinura. Zvose zvaAkanga adzikinura zvaive zvakanyorwa imomo.

160 Ndinoda kukubvunzai mubvunzo iye zvino. Nemi vanhu muri patepi, nyatsoteeresai. Meso aya anotyisa, musoro uya unotyisa, ndicho chikonzero here sei Mharidzo ino yanga ichipikisa zvikuru madzimai ezera rino rechimanjemanje? Kuti ino ndiyo ingava here Mharidzo yemutumwa wokupedzisira? Chii chaAkataura zasi kuya parwizi, makore angaita makumi matatu nematatu apfuura? “SaJohane akatumwa,” munoono, “kuzivisa kuuya kwaKristu kwekutanga, Mharidzo yako ichazivisa Kuuya kwechipiri.” Kupoterredza nyika, ndizvo zvayaita, zvino Kuuya kunofanira kunge kwave pedyo. Cherechedzai zvinoitika zvino.

161 Sei? Ndakakwenya musoro wangu. Ndakapinduka-pinduka papiro yangu. Ndakafamba-famba pasi. “Chii chiri kukunetsa?”

162 Mazuva mashoma apfuura, ndakabvunza varume vaviri vandaityaira pamwe chete navo. Ndakabvunza Jack Moore pane imwe nguva. Uye imi mose munoziva Jack Moore. Ndiri kuenda kwaari kuShreveport. Ndakati, “Hama Jack, manga muri shamwari yepedyo yandakava nayo panyika.” Zvino ndisati ndamubvunza, ndakabvunza mudzimai wangu.

163 Kana paine munhu anoziva chimwe chinhu nezvangu, zvakaipa zvangu ne—nezvose, mudzimai wangu, munoono, munhu anodikanwa. Zvino ndakati kwaari rimwe zuva, ndakati, “Mudiwa, semurume wako, ndiri mushumiri weEvhangeri. Handidi kuunza kushorwa pane Uyo wandinoda. Kwete. Handidi kukurwadzisa. Handingambodi kuunza kushorwa kupi zvako pauri. Mwari vasatendera kuti ndiite chimwe chinhu chinokukuvadza. Ko kuzoti pave nechinhu chinokuvadza Mwari, nemadiro andinoMuita! Uri mudzimai wangu; iYe Muponisi naMwari wangu. Ndinoda kukubvunza mubvunzo. Ingotaura sezvazviri. Nditaurire chokwadi.” Ndikati, “Ndanzvera zvakananyisa . . .”

164 Uye ndanga ndichingofunga. Ndiri, ndi—ndiri mumaumbirwo, munhu akati siyanei, asinganzwisike. Ndinozviziva izvozvo. Munhu wese akati, “Imhandoiko yemunhu!” Zvakanaka, munoono, haukwanise kuzvigadzira pachako. Uri zvaari, nenyasha dzaMwari.

165 Zvino nda—nda—ndakati, “Ndarasikirwa here nepfungwa dzangu zvishoma, munoziva, uye—uye dzoita sokunge dzapera?” Ndikati, “Seiko ndiri kutsiura madzimai ayo, nguva dzose, asi ndichivada?”

166 Vanofona, voti ndiri “muvengi-wemadzimai,” handingovengi . . . ndinongo “venga madzimai.” Maona? Handizvo. Ndinoda madzimai, ndinoreva, sehanzvadzi dzangu.

167 Handisi kuzokubhabhadzira kumusana, ndichiona wakanganisa. Ndinogona kukuudza izvozvo. Ndinokuda zvakananyisa kudarika izvozvo. Vamwe varume vanoita zvakadaro, ndeimwewo mhando yerudo yakasiyana.

Maona? Ndinokuda nokuti ndinoda zvauri; uri mubatsiri kumwanakomana waMwari, uye uri chikamu chake. Maona? Uye ndi—ndinokuda nokuda nokuti—kuti wakagadzirwa uri mumufananidzo wemurume, uye murume akagadzirwa ari mumufananidzo waMwari, saka nokudaro, pamwe chete, muri chinhu chimwe muna Kristu. Ndosaka ndichikudai. Chimwe, chinhu hacho, hachinei nazvo. Mwari vanozviva izvozvo, upenyu hwangu hwese. Maona? Ndizvozvo. Ndinokudai. Ko ndingasimukirei uye ndichingoramba. . .

¹⁶⁸ Paya pavanoti, “Udza madzimai ose, paye, kana vave kuenda kunonzwa Hama Branham vachiparidza, vakame vhudzi ravo zvakasiyana. Pfeka nguwane kana chimwe chinhu kanawo zvimwe, nokuti achatanga kutsiura vhudzi pfupi, uye neyenyu. . . Usazora mhando ipi zvayo yependi,” uye nezvimwewo zvakadaro. Ndizvo zvavakaita. “Zvose zvaakataura pamusoro pazvo!”

¹⁶⁹ Mumwe munhu akati, “Ko wadiniko. . .” Ndokuti, “Vanhu vanotenda kuti uri muporofita. Ko wadini wadzidzisa madzimai kuti vangagamuchira sei zvipo zvikuru zvemweya, nezvimwe zvakadaro, panzvimbo yokuedza kuvadzidzisa zvinhu zvakadaro?”

¹⁷⁰ Ndikati, “Kana vakasadzidza maABC avo, vangazoziva sei algebra?” Maona? Ita zvakanaka, kutanga.

¹⁷¹ Zvino pandinowedzera kuparidza, zvinowedzerawo kuipa. Zvino unoti, “Ko unodini hako kurega?” Kwete, changamire. Panofanira kuva neinzwi, chapupu chinopikisana nazvo.

¹⁷² Mumwe wevakurusa mushumiro nhasi, akaisa maoko pamusoro pangu nguva shoma yapfuura, ndokuti, “Ndinoda kukunamatirai, Hama Branham, kana mukanditendera kuti ndizviite, kuti Mwari agobvisa izvozvi mumoyo menyu.” Ndokuti, “Siyai madzimai aya akadaro, muzvinhu izvo.”

¹⁷³ Ini ndikati, ndikati, “Hamutende mazviri here, changamire? Muri muparidzi wehutsvene.”

¹⁷⁴ Akati, “Zvirokwazvo. Handizvitende, asi,” ndokuti, “izvozvo—izvozvo zviri kuna. . .”

Ndikati, “Kwete.”

Akati, “Zviri kuvafundisi.”

Ndikati, “Havasi kuzviita.”

¹⁷⁵ Pane anofanira kuzviita. Rukova runofanira kuyambukwa. Ganda rinofanira kufunurwa. Handidi kuzviita. Mwari vanozviva kuti handidi kuzviita. Vazhinji vemadzimai aya vanopa chokudya kuvana vangu, uye vanogona kundifira, potse-potse. Munofunga, nenyasha dzaMwari dzakadururwa neMweya Mutsvene, munofunga kuti ndingashaya chokuita ndichiona munhu anonzvisa urombo achiwira uko muna Ziendanakuenda pasina tariro, kana ndikasadanidzira ndichizvitsiura?

176 Kwete kuzviita munhu akangwarisa; asi mweya wenyika ino, mweya wechechi, hausi Mweya waKristu, zvino; mweya wechechi, sangano, watsvairira madzimai aya kumarara aya kunze uko. Uye ndinongori inzwi, riri kudana, “Budai kubva mazviri. Tizai kubva mutsvina iyo.” Usarega dhiyabhorosi achiita chinhu chakadaro kwauri. Zvakashata!

177 Nemi imi veAssemblies of God, kurega madzimai, kurega madzimai achigera vhudzi, asi munovarambidza kupenda kumeso. Hapana chaizvoizvo Gwaro rinopikisa kupenda kumeso, asi riripo rinopikisa kugera vhudzi rako. Mudzimai haana kana kukodzera kunamata pamberi paMwari, Bhaibheri rinodaro. Murume wake ane maruramiro ekumuramba nokumusiya. Ndizvozvo. Anozviratidza kunyika semudzimai ane tsvina. Bhaibheri rakadaro. Anozvidza murume wake paanzviita. Ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri. Maona?

178 Zvakanaka, asi mudzimai akapenda kumeso, tinoona mudzimai akazviita muBhaibheri, mumwe oga. Aiva Jezebheri. Ndiye wacho. Munhu woga muBhaibheri akambopenda kumeso, aiva Jezebheri, zvino Mwari kamwe-kamwe akamupa ku—kuimbwa kuti adyiwe. Akava chinyadziso, uye kunyange yake . . . Zvose, chinhu chose chakaipa chinonzi Jezebheri.

179 Haufanirwe kuita zvakadaro. Hausungirwe kuzviita. Chii chinokuita kuti uzviite zvino? Mweya wadhiyabhorosi.

180 Hamuzvicherechedze. Ndinoziva kuti hamudaro. Muri—muri vanhu vakanakisisa. Makanaka. Munondibata chishanu, munotaura neni.

181 Uye ndinokudai. Ndizvozvo. Asi kana ndikaona izvozvo, handingava here munyengeri . . . Pauro akati, “Handina kurega kukuudzai Zano rose raMwari.” Dai pakashaikwa ropa remumwe mudzimai pamusoro pangu neZuva iroro, kana romurume. Ndakakuudzai Chokwadi. Uye ndanga ndakavenga kuzviita; kwete kuzvivenga nokuda kwekuti handidi kuita zvandinenge ndaudzwa naMwari kuti ndiite, asi ndinokudai. Handidi kukurwadzisai, saka ndodini? Asi Rudo rwakachena, rwaMwari rwunokumanikidza kuti uzviite.

182 Jesu akatonamata kuti anzvenge muchinjikwa. “Zvinokwanisika here kuti mukombe upfuure?” Ndokuti, “Zvisinei hazvo, kwete kuda kwaNgu, kweNyu.”

183 Ndini ndiri kufanira here kuzova munhu anotaura izvi? Ndiri kuzofanira here kutora madzimai akakosha akaisvonaka nezvimwe zvole, ndongovatemala-tema kuita zvidimbu-zvidimbu? Ndiri kuzofanirwa here kuzviita? Ndiri kuzofanirwa here kutora hama dzangu vashumiri, ndigomira ipapo ndovaudza kuti vanoda mari nesa—sangano kudarika kuda kwavanoita Mwari? Ini, kuhama dzangu dzakakosha vanoisa ruwoko rwavo . . . O, ndinofanirwa here kuzviita? O Mwari, musandirega ndichizviita.

184 Asi handina kurega kukuudzai Zano rose. Rudo rwechokwadi rwakandiitisa izvozvo.

185 Ndicho chikonzero here sei Mharidzo ino yanga iri sezvairi? Hakuna kumwe kwairi munyika. Iripiko? Zvakanaka. Vanotya. Maona? Asi yanga isingatye. Ndizvozvo. Mwari vanogara nguva dzose vakadaro, munoona. Zvakanaka. Ndicho chikonzero here sei madzimai akatsiurwa zvikuru neMharidzo ino? Ndisingazvizive, zvakazarurwa. Ndakazviratidzwa, asi hazvina kuuya kwandiri kusvikira musi uno. Maona? Tarirai uko. Zvakanaka. Ichokwadi zvinoenderana neshumiro.

186 Zvino mira zvishoma. Pakambove here nenguva apo nyika yakanga iri yemadzimai? Hongu. Maererano nenhoroono, mumazuva aEriya, paivapo nemumwe mudzimai ainzi Jezebheri. Zvino akawana hutongi pamusoro pekereke yaMwari, izvo zvinotaurwa neBhaibheri kuti achazviita zvakare mumazuva okupedzisira; mweya wake, kubudikidza nemucheche, rimwe sangano. Uye achange ari chipfeve, uye makereke ose naye achange ari mhombwe, sezvaari. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

187 Zvakazarurwa 17, yakati, “Iye chipfeve, uye ndiAMA I VEMHOMBWE.” Havangambova varume. Madzimai. Maona? Zvino vakakandirwa vose, vari vapenyu, muDziva reMoto, ndokuparadzwa. Ichokwadi? Hezvoka.

188 Cherechedzai, apo Jezebheri uya paakauya panzvimbo, pane murume akasimuka achizvipikisa. Mwari vakaunza murume. Hatitombozivi kwaakabva. Haana nhoroondo yekutanga kweshumiro. Haana kubvira akambove muprisita kanawo zvimwe. Akauya, munhu wemasango akwegura akakwasharara aiva nezita rokuti Eriya, uye akanyatsodzika demo pamudzi wemuti, uye vaimuvenga. Kwete izvozvo zvoga, asi ungoro yake yose yaimuvenga.

189 Uye pane imwe nguva akafunga kuti aive akamira oga. Akati, “Kwete, Ndine zviuru zvinomwe zviri pamwe newe.” Maona? Ndiro raiva boka riya rakasanangurwa, munoona. Panogara paine boka iroro. Ndokuti, “Usatye, Eriya. Ndinoziva kuti unofunga kuti warambwa, nokuti masangano vakakudzingira uko pamusoro pechikomo. Asi,” ndokuti, “Ndine zviuru zvinomwe zvinotenda zvinhu zvimwe chete zvauri kuparidza. Unoona, Ndinavo.”

190 Zvino mushure mezuva rake, Roma yakatora simba rokutonga, zvino ndokubva pava nenguva yakava yemadzimai zvakare, mafashoni ose e—emadzimai, kuti vaiuya vakapfeka mabhoneti nezvimwewo, munoona. Zvino Mwari vakasimudza mumwezve aiva neMweya mumwe chete paari, Mweya waEriya. Ndizvo here? Zvino akati, “Demo radzikwa pamudzi wemuti.”

191 Zvino paiva nemumwe mudzimai muduku nzenza imomo, akanga aroorwa... akasiya murume wake, ndokuroorwa

nemuramu wake, Herudhe. Herodhiasi, aiva munhu wenyn'ambo aizvipe—penda kumeso muzuva iroro, aitamba. Akadzidzisa mwanasikana wake kutamba. Aiva nemwanasikana, nevamwe baba, vamwe ba—baba; nababa, mukoma wake. Herodhiasi! Ndiye aiva mwanasikana we—we—wemudzimai. Zvino akamudzidzisa kutamba, uye akava mutambi chaiye anoita zvokukurura hanzu, kufanana naamai vake. Zvino akafunga kuti aigona kuroorwa kana kana kashanu, nokuita zvose zvaaida kuita.

¹⁹² Zvino heunoi Herudhe akauya. Vaive vose maJudha, zvino rangarirai. Vaive vanhu vemuchechi. Heunoi Herudhe achiuya, nechечи yake, kuti vanzwe muporofita uyu, aitendwa nevanhu kuti aive muporofita.

¹⁹³ Akanyatsofamba pamberi pezviso zvavo vari vaviri, ndokuti, “Hazvikodzere pamurairo kuti iwe uve nemudzimai uyu.” Zvino zvakamuita kuti aputike! Maona?

¹⁹⁴ Zvino, mumwewo munhu wamazuva ose aigona kunge akati, “Makadiniko, Herodhiasi? Tiri kufara zvikuru kuva nemi muungano yedu nhasi.” Asi kwete Johane.

¹⁹⁵ Jesu akati, “Makaenda kunoona ani, paya pamakaenda kunoona Johane? Makaenda here kunoona uya akanga akapfeka semuprisita? Kwete, zvinogona, mhando yakadaro inosvepura mwana nokuviga vakafa.” Maona? Akati, “Makaenda kunoonei? Mhepo, tsanga inopupurutswa nemhepo yese-yese? Vanoti, ‘Uya kuno, Johane. Tinokubhadhara zvakawedzwa kana ukatiparidzira. Uye, isu, ndisu sangano gurusa?’” Kwete Johane. Kwete, haana kumboenda kunoona izvozvo.

¹⁹⁶ Ndokuti, “Makaenda kunooneiko, zvino, pamakaenda kunonzwa nokuona Johane, muporofita?” Akati, “Uye Ndinoti, kwamuri, anodarika muporofita! . . . munogona kuzvigamuchira, uye ndiye uya akataurwa nemuporofita kuti ari kuuya, ‘Ndichatumira mutumwa waNgu mberi kwechiso changu, uye achagadzirira nzira yaShe.’” Ndiye aive mutumwa weSungano. Akati, “Hapana kumbova nemunhu, akazvarwa nomudzimai, mukuru sezvaari.” Maona?

¹⁹⁷ Ndiyo mhando yemurume akasimudzwa naMwari muzuva iroro, Eriya, munhu wemumasango. Johane, ndizvo zvimwe chete. Maona? Mweya waEriya waiva pana Johane. Uye Anoti, kana kwasvika zuva remadzimai zvakare, kuti Mweya uya uchasimuka zvakare, “Kuuya kwaShe kusati kwasvika, apo nyika ichipiswa, uye vatsvene vachafamba nepamusoro pe—pamadota evakaipa, semadota pasi petsoka dzavo.” Akazvivimbisa, zvakare, mumazuva ano. Cherechedzai, Mweya Mutsvene wakazvivimbisa. Zvinoenderana nenguva yatiri kurarama mairi.

¹⁹⁸ Panofanira kuita mumwe munhu anosimuka. Anofanira kuuya, nokuti iZVANJI NAJEHOVHA, Maraki chitsauko 4.

Ndizvo chaizvo zvaAkati zvichange zvakaita chiratidzo, “Zuva guru raShe rinotyisa rave kuda kusvika, Ndichakutumirai Eriya.” Uye achaitei? “Achadzoredza moyo yevana kuDzidziso yemadzibaba, kudzokera kuBhaibheri,” kubva pakupesana uku kwemasangano, “uye nokudzoka kuBhaibheri, kudzoka kuna Mwari.” Ndizvo zvaanozaita. Cherechedzai kuti inguva huru yakadini yatiri kurarama mairi.

¹⁹⁹ Vaporofita vaitsiura madzimai echimanjemanje emumazuva avo, uye vose vakazvibhadharira neupenyu hwavo. Nhoroono inoratidza kuti imwe neimwe yenguva idzi yaive nyika yemadzimai, apo madzimai aitungamirira.

²⁰⁰ Onai zvazviri nhasi. Tichava naye, Mutungamiri wenyika, rimwe remazuva ano, zvichiita sokunge zvinogona kutoitika izvozvi. Chaizvoizvo, mudzimai ndiye Mutungamiri wenyika. Maona? Murume anongori musimboti. Pano nguva shoma yapfuura, mune imwe nyika, airumbidzwa zvakanyanya nezvose kubva kuvanhu vose, kusvikira Mutungamiri wenyika, pachake, akati, “Ndiri murume wake.” Mutungamiri wenyika yeUnited States, munoono. Ndiye anounza mafashoni, madzimai ozvitevera, munoono, sezvakangoitwawo naJezebheri. Makanzwa mharidzo yangu ye*Chinamoto ChaJezebheri*. Munoziva. Munoziva nezvayo. Munoono here kwatave zvino?

²⁰¹ Makaona here zvakaiteka pano, svondo kana maviri apfuura, muno muguta? Mushumiri weFaith Lutheran akakoka muprisita weKatorike weSacred Heart kuti auye agomuparidzira, zvino ndokutozviita, zvino mushumiri weFaith Lutheran akadzika kumuprisita weKatorike ndokunomuparidzira.

²⁰² Kanzuru yemachechi uko zvino, vari kusangana kuRome. Tsamba iyi yaaizivisa iyo shamwari yangu yakanaka, David duPlessis; pandakagarapo ndikamuchemera nokuda kwayo, paFourteen-Mile Creek, nguva shoma yapfuura; asiri kucherechedza kuti aendesa kereke mukati chaimo meBhabhironi, apo munhu wese ari kuti, “O, machechi ose achazove chinhu chimwe chete zvino.” Hongu, ndinozviziva, munoono, chaizvo zvakanyorwa mubhuku rangu rezviporofita muna 1933, kuti zvaizoitika. Sei, musingacherechedze kuti ndiSatani ari kubatanidza pamwe chete? Bhaibheri rinozvita. Uye mushure zvisvoma, mushure mechinguvana, pavanongova chinhu chimwe chete, zvino zvemubatanidzwa wemasangano zvinenge zvapera, munoono. Ndipo pachava munembo wenyu wechikara, ndizvo. Maona?

²⁰³ Kungoti handina nguva yokupinda mune izvi, asi, dzave kuda kusvika quarter of twelve. Munoono, ndinoda kupedzisa izvi, kutaura chinhu ichi. Ndiri kungoisa Magwaro aya muno pokuti munogona kuona zvinogona kuitika panguva yatave, zvino tinozovhara hedu mushure memaminiti mashoma.

²⁰⁴ Zvino cherechedzai zvakanyatsoitika. Va—vaporofita vakatsiura madzimai aya mumazuva iwayo uye vakanzi “vavengi-vemadzimai.” Ndizvozvo. Nhorooondo inoratidza kuti zvaive zvakadaro.

²⁰⁵ Zvino mira kweminiti. Muri kunyora pasi Magwaro, munofanira kunyora pasi Timotio weKutanga 5:6. Bhaibheri rakati, “Mudzimai anorarama mu—mumafaro enyika.” Haagoni kuva mafaro aMwari; saka inofanira kuve izvozvo, munoono. “Mudzimai anorarama mumufaro wenyika akafa kunyange achirarama.” Ndizvo zvakataurwa nemuporofita, Mutsvene Pauro, “Mudzimai anorarama muchinhano chino chenyika akafa kunyange ari kurarama.” Zvino kana akaramba tsitsi, anogona kuyambuka mutsara unopatsanura apo kunenge kusisina nzvimbo yake zvachose. Zvino aripiko mudzimai, nemeso ake akapendwa, vhudzi rakadimurwa? Zvino ayambuka mutsara, pasisina nzira yokudzoka, zvino panofanira kuva neshumiro inoparidzirwa kwaari. Asi rangarira, panguva iyoyo, zvinenge zvose zvapera. Zvapera. Kunongori kutyiswa.

²⁰⁶ Pachava neshumiro icharatidza zvishamiso zvikuru, Joero akataura kudaro, asi pachange pasisina nguva yerudzikinuro. Zvapera. Gwayana rinenge ratora Bhuku raRo, uye vadzikinurwa vaRo vanenge vakwaniswa. SaJesu pakutanga akaparidza uye ndokurambwa, uyezve ndokuenda kunoshungurudza vaya vaivamo, ndokuparidzira avo vaiva mutorongo, vakanga vasisagoni kutendeuka, hapachina nguva yeruponiso, shumiro imwe chete ichatofanira kudzokororazve. Ko kana kuri iko Kudhonzwa kweChitatu, kune avo vakarasika zvachose Nokusingaperi. Ko kana iri yasvika? Ndinovimba kuti handizvo. Ko kana kuriko? Chingozvifunga kweminiti zvino. Ko kana zviri izvo? Mwari vasatendera. Ndine vana. Maona? Asi zvinoratidzika kuva pedyosa zvino.

²⁰⁷ Ko sei chiratidzo chiya chakauya pandaive mwana mudiki? Sei ndisina kana kumbofunga nezvazvo kumashure? Ko sei chiratidzo chiya chakauya mumba muya nerimwe zuva, ndokuti, “Hezvinoi izvi”? Zvinyatsori pakati pe...mwe—mweya yakarasika. Uye Jesu akavaparidzira, ndokupupura, asi ha—havana kutendeuka. Uye pandinowedzera kuparidza, vanowedzerawo kushata. Hapachina kutendeuka. Hapachina nzvimbo yako.

²⁰⁸ Gwayana rakatora Bhuku raRo apo, Chisimbiso chechinomwe chakange chave kuda kuti chichizarurwa, Chisimbiso cheChitanhatu. Rangarirai, Akavanza Chisimbiso cheChinomwe kubva kwatiri. Haana kuzviita. Apo Ngirozi yakamira, zuva nezuva, ichizvita, asi zvakadaro haAna kuzviita pane ichochi. Akati, “Pane runyararo Kudenga.” Hapana aiziva. Kwaive kuuya kwaShe.

“O,” unoti, “handizvo.” Ndine tarisiro yekuti handizvo.

209 Ngatingoendai mberi zvishoma pano. Ndine zvimwe zvakanorwa pasi, munoona. Zvakanaka.

210 Rangarirai, “Uyo anorarama mumafaro enyika,” wezvinhu zvemunyika, kuita saiyo. Mudzimai anogona kuenda kuchechi uye agoita semutsvene, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo, munoona, asi, “mudzimai akafa kunyange achirarama.”

211 Onai masangano zvaamuita. Amuita mubati weShoko Dzvene, zvinova zvinopesana neBhaibheri. Vakamuita muparidzi. Zvinorambidzwa neGwaro. Kana kumuita zvino kuti ave mutongi, meya, magavhuna, zvinhu zvose munyika, nemushumiri muimba yaMwari.

212 Apo, mudzimai ane mhosva yechivi chose chakamboitwa, ndiye akazvikonzeresa. Ndizvozvo. Zvino, handisi, handisi kutaura nezvekodzero. Ane mhosva. Ndiye akasakisa kuti mwana wese azvarwe ari bofu. Ndiye akakonzera kuti guva rose richerwe. Ndiye akakonzera chivi, chirwere, kusuwa. Amburenzi haingarira kunze kwekunge mudzimai azvikonzeresa. Hapana mhosva ingaitwa, hapana chivi, hapana rufu, hapana kusuwa, hapana kutambudzika, asi mudzimai ndiye akazviita. Uye Mwari vanomurambidza kuti aende papurupiti kunoparidza, asi zvakadaro vanozviita. Masangano, onai pazvave?

213 Mudzimai ndimwarikadzi. Dhiyabhorosi ari pabasa zvakadini! Handiti, vanhu vechiKatorike vanovaita, madzimai, vanamwari, vanonamata kwavari; ndizvozvo, mwarikadzi Maria, nezvimwe zvakadaro. Ndinoona apo muEcumenical Council vakati zvichaitika kuti vachawedzera zvishoma kunamata kuna Jesu kana zviri zvingabatsira kuti maProtestanti apindewo imomo. Maona? Maona? O, zvakangozorwa tsvigiri! “Hazvishanduke,” vanodaro. Maona? Achingori dhiyabhorosi mumwe chete wakare. Bhaibheri rakati, “Uye akaita kuti vose vagamuchire munembo pahuma dzavo, avo vakanga vasina kunyorwa mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana.”

214 Ndiri kutaura kuKereke yakatemerwa, kwete avo vari kunze uko. Kwete, changamire. Kubva muboka roga-roga, Akazvuvva vaKe vakatemerwa. Ndivo vaAri kvinga, muzera roga-roga.

215 Asi heunoi amire apo. Heunoi uyo. Ndiye iye; anoparidza Shoko, anobata Shoko, obva ava chimwarikadzi, uye honzero yechivi chose. Bhaibheri rakati, “Handitendere mudzimai kuti adzidzise, kana kuva nesimba, asi vave mukuteerera sokutaura kwemu—murairo.” Maona? Uye haakwanise kuzviita. Asi vanomuita mutongi wenyika, meya, gavhuna; nokukasika achava Mutungamiriri wenyika. Ichokwadi. Hezvoka. Ndiyo nzira, ndiwo mafambiro azvinoita, maona. Uye vanhu vanoita izvozvo nokuti havana hanyin’ a neShoko rino. Havambofa vakariona.

216 Tarisai maJudha ayo amire apo, vadzidzi, varume vakanaka. Zvino Jesu akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhorosi.”

217 Ko dai ndikaMuunza iye zvino kuzotongwa pamberi penyu? Regai timbozviedza kweminiti, uye Mwari vandiregerere kutora divi rokuVapikisa; asi kwechinguvana, kungokuratidzai chimwe chinhu.

218 Ko kana ukati, “Zvakanaka, ini, Mwari ngaarumbidzwe, ndakataura nendimi! Hareruya! Ndinoziva. Ini, hongu, ndi—ndinaWo. Mwari aropafadzwe. Hongu!” Uh-huh, wakauwana?

219 Rangarirai vanhu veIsraeri. Bhaibheri rakati, mushure mokunge Adanira vanhu kunze, nokuvaponesa kubva muEgipita, Akavaparadza nokuti havana kutevera Mharidzo. Maona? Vakadya mana yakabva Kudenga. Vakadya mana iyo Mwari akavanaisira panyika kuti vadye, uye ndokumira pamberi pemutumwa, ndokuona Shongwe yeMoto, nokunzwa Inzwi raMwari, nokuriona richisimbiswa. Uyezve, nokuda kwekuti vaida kutenda Kora, “Panogona kuvewozve nevamwe varume vatsvene. Panogona kuve neizvi, izvo, kana nezvimwe. Tinofanira kuvawo vatsvene, zvakare. Tinofanira kuita zvose izvi. Vanhu vose vatsvene.”

Mwari vakati, “Zvipatsanure kubva pavari. Ibva ipapo.”

220 Mosesi akati, “Vose vari kudivi raShe, uyai neni.” Ndizvozvo. Maona? Zvino Vakangozarura nyika ndokuvamedza vose. Maona?

221 Vaive vanhu vakanakawo, zvakare. Chokwadi, ndizvo zvavaive. Vaive vanhu vakaisvonaka. Hongu, changamire, asi izvozvo hazvina zvazvakaita. “Havasi vose vanoti, ‘Ishe, Ishe,’ asi uyo anoita kuda kwaBaba vaNgu.” “Kwete uyo anotanga; ndeuyo anopedza.” Nokuti, hapana nzira dzokudimbudzira; unoshaiswa mubairo pamagumo emujawo. Hapana nzira dzokudimbudzira. Unofanira kunyatsouya nenzira yakataurwa neGwaro.

222 Kana Rikati, “Tendeuka, ugobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, uye uchagamuchira chipikirwa cheMweya Mutsvene,” hapana nzira dzokudimbudzira, kukwazisana noruwoko, kujoinha chechi kana sangano. Chingouya neNzira iyoyo! Kunze kwekunge wafa kune zvauro, zvino wobva wabarwa neMweya waMwari, waka—waka—wakarasika. Ndizvo zvoga. Hapana nzira dzokudimbudzira.

223 Unoti, “Zvakanaka, ndiri nhengo yechechi.” Ndinoziva. Zvakanaka. “Zvakanaka, amai vangu...” Handizvipokane izvozvo, asi iwe ndiwe wandiri kutaura naye. Maona? Unofanira kuuya neNzira iyoyo, nokuti hapana nzira dzekudimbudzira; unoshaiswa mubairo paKutongwa. Uya neNzira imwe chete.

224 Pane Nzira imwe chete, uye Kristu ndiye Nzira yacho. Uye Kristu iShoko rinorarama mauri, rinosimbisa zvinhu zvose zvaAkavimbisa mumwaka wazvo. Maona? Mazvibata here izvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Zvino cherechedzai.

225 Vamwe vanoti, “Vanhu ava vakanaka.” Ichokwadi. Handisi kuti vanhu vakaipa. Handisi kuti Musande Cecilia nevamwe vose vakanga vasiri madzimai akanaka; ndizvo zvaivewo amai vangu, asi handinamate kwavari. Kwete zvachose. Zvirokwazvo, ndakaona vanhu vakawanda vakanaka, asi havasi vanamwarikadzi. Vanongori madzimai, varume. “Pane Murevereri mumwe chete pakati paMwari nemunhu.”

226 Ko sei, seiko murume, wePentecosti, murume wemunyika . . . tsamba iya yeziviso iyo Hama Duplessis, hama yedu yakakosha, yavatumira kwese. Pamwe vamwe venyu makaiwana. Kugara . . . Hongu, makaiwana. MuEcumenical Council, zvaave padivi rapapa, ndokuti, “Zvaive zviri zvemweya zvikuru.” Ndiko kunzvera mweya, handiko? “O, Mweya waShe wakanga uripo, zvemweya zvikuru.” Hongu. Hezvoka izvo.

227 Sei? Nokuti mukana wokubatanidza maProtestanti navo pamwe chete, zviri zvatagara tichirwisa kwemakore, uye Bhaibheri rakazvimiririra uye rikatiudza kuti zvaizouya. Uye wedu . . . mumwe wevatungamiriri vedu mukurusa ndokunyatsopinda, ndokuti, “Ndizvozvo. Ndizvo zvatinaita,” zvino chechi dzose dzemaProtestanti dziri kuzvigamuchira.

228 Uye ndizvo chaizvo, kana ukatarisapo, ZVANZI NAJEHOVHA. Kutanga, Shoko rakazvitaure. Uyezve Mweya waShe wakati, muna 1933, ukataura zvinhu zvose izvi zvenyika dzichienda kuhondo, uye kuti michina ichange yakadini, nezvimwe zvose zvakaita saizvozvo, zvichinzi ndizvo chaizvo zvaizoitika kumagumo. Uye hezvinoini izvi. Hazvina kumbokundika. Uye pano tinozviona zvichiumbika.

229 Munorangarira mharidzo yangu ye*Chinamoto ChaJezebheri* nguva shoma yapfuura? Munorangarira Erisha achidzika nenzira mangwanani aya, kunovaudza? Izvozvo, ndakaparidza nezvazvo. Maona? Uye kuti ndakaporofita ipapo kuti nguva ichasvika kuti Ecumenical Council iyi ichapedzisira yava munembo wechikara, nokuti ichabatana nechikara. Iri kuzviita. Muzera rangu, ndararama ndikazviona. Uye pano maProtestanti, vari mamiriyoni, vari kuzvifarira. Sei? Ndizvo zvavari kutsvaka.

230 Mapofu! Jesu akaudza vaFarisei vaya, “Vatungamiriri vemapofu imi muri mapofu. Kana bofu rikatungamirira rimwe bofu,” Akati, “havangawire here vose mugomba?” Zvino ndimo mavanowira. Ko ndingakwanisa kutenda sei kuti munhu akamira neni ndokutaura neni, angagona kugara otaura chitaurwa chakadaro! Munooni, “Zvakavanzwa, meso, kubva kune vakachenjera nevakangwara, uye ndokuZvizarurira kuvacheche vanoda kudzidza.”

231 Ndinoziva kuti nerimwe ramazuva ndichazvifira. Ndizvozvo. Zvichadaro, asi pano Chokwadi chiri kuzivikanwa. Uh-huh.

Wekutanga kufira hurongwa uhu hweMweya
Mutsvene,
Aive Johane Mubhabhatidzi, asi haana kutya;
akafa semurume;
Zvino kwakazouya Ishe Jesu, vakaMurovera
pamuchinjikwa,
Akaparidza kuti Mweya waizoponesa vanhu
kubva muchivi. (Ndizvo here?)

Zvino vakazotaka Stefani nematombo,
akaparidza achipikisa chivi,
Akavashatirisa zvikuru, vakatswanya musoro
wake;
Asi akafira muMweya, ndokubuditsa mweya,
Ndokunobatana nevamwe, boka riya rinopa
upenyu.

Ikoko kuna Petro naPauro, naJohane
wekudenga,
Vakapira hupenyu hwavo kuti Evhangeri
ipenye;
(Vakaitei?) Vakasanganisa ropa ravo,
nevaporofita vakare,
Kuitira kuti Shoko raMwari rechokwadi
rigotaurwa muzvokwadi.

Mweya iri pasi peartari, yaichema, “Kusvika
riinhi?”
Kuti Ishe varange vose vakaita zvakaipa;
Asi kuchava nevamwezve vachadeura ropa
reupenyu hwavo (hongu, ndizvozvo)
Nokuda kweEvhangeri iri reMweya Mutsvene
nemaflashama aro matsvuku.

²³² Inoramba ichijuja ropa! Hongu, ichazviita rimwe zuva, asi ndakamirira nguva yacho pazvinenge zvapera.

²³³ Imwe hanzvadzi ichangobva mukuva nechiroto. Vakachitumira kwandiri, ndokuti, “Ndakavaona, chechi iyi yakagadzira nzira yavachauraya” ini, zvakavanda, pane imwe nguva apo ndinenge ndave kubuda mumotokari yangu, ndave kupinda, ndopfurwa kubva...Asi ndokuti, “Zvino Mweya ndokuti, ‘Kwete panguva ino, asi zvichaitika munguva inotevera.’” Uh-huh.

²³⁴ Mwari vasatendera kuti ndirerutse pane chipi zvacho. Hapana zvandinoziva kunze kwaJesu Kristu Uyo wakarovererwa pamuchinjikwa. Tiri kurarama muzuva rakashata zvikuru. Chivi ndicho chakazviita. Hongu. Va—vakataka Stefani nematombo. Vakaita kuti Johane adimburwe musoro, mukadzi uyu akazviita. Handizive kuti hwedu tichahupirawo sei, asi zvichava saizvozvo rimwe zuva. Zvakanaka, cherechedzai.

235 Muna Mutsvene Johane, kana manga muchida Gwaro racho raizvozvo. Mutsvene Johane 6:49, ndipo pavakadya mana, uye Jesu akati, “Zvino izvozvi, vose, vakafa.”

236 Unoti, “Zvakanaka, hanzvadzi ya—yangu, nda—ndakaona mudzimai uyu achitamba muMweya.” O, hongu. Uh-huh. “Ndinovaona vachizviita. Ndakambomuona achitaura nendimi. Ndakambomuona . . .” Hongu.

237 Jesu akati, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroro, vachiti, ‘Ndakaita zinhu zvose izvi.’” Maona? “Vakadya mana murenje,” Jesu akati, “uye ivo, vose, vakapatsanurwa zvemuna Ziendanakuenda. Vakafa.” Kunova kuparara zvemuna Ziendanakuenda. Vakapararira imomo murenje.

238 Munorangarira vaHebheru chitsauko 6, “Avo vakambozviswa Chokwadi, zvino ndokuramba kufamba maChiri, hapachisina kutendeuka kwavari.” Munooona, mutendi wepamugan- . . . Kana Chokwadi charatidzwa kumunhu kekupedzisira, zvino oramba kuChigamuchira; maererano neBhuku ravaHebheru, munooona, vachadaro . . . hapana kana chinhu munyika chinogona kuvaponesa.

239 Vatoparara. Hapana kutendeuka, hapana ruponiso, hapana chakasara kwavari. Vakapatsanurwa zvemuna Ziendanakuenda. Bhaibheri rakataura kudaro, “Kutarisira moto unotyisa nehasha zvichamedza muvengi.” Uye kana Chokwadi cheVhangeri kana charatidzwa, chasimbiswa zvizere, zvino wotendeuka wotanga kufamba uchibva paChiri, vatoparara zvachose. Ndizvo zvoga. Hazvifadze, asi ndinofanira kuzvitaure.

240 Rangarirai Ngirozi dzisina kuchengetedza nzvimbo dzadzo dzepakutanga, asi dzakasiwa imomo muimba yehusungwa murima, umo nyika mairi kufamba mutorongo rimwe chete, hapana kutendeuka.

241 Munorangarira makore mashoma apfuura, ndakati, paya pandakabva kuChicago, “Zvichaitika kuti America ichazvigamuchira gore rino, kana kuti haisi kuzozvigamuchira zvachose.” Munooona kwayaenda? Hongu.

242 Zvino handizivi kuti uku ndiko here Kudhonza kweChitatu? O Mwari, dai zvikasava izvozvo nekure! Ndiro basa here rezviri Kudhonza kweChitatu? Zvingava izvozvo? O, zvangu ini! Pafungei, vashamwari. Pafungei; ini handidi kudaro.

243 Jesu akati, “Iyi mhando yehunyengeri . . .” Kana muchida kuzvinyora pasi, Mateo 23,-nomwe. Ndi—ndine pano, “verenga izvi,” asi munooona. “Imi vaFarisei mapofu!” Ngati . . .

244 Mungavawo nemaminitsi mashoma asara? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Regai tione. Ngatingozarurei pazviri, nokuti ndati “zviverenge.” Panga paine zvimwe zvinhu ipapo zvandinoda kuverenga pasati. . . Zvino zvichida ndichasiya zvimwewo kunze, asi regai—regai tingotora izvi kweminiti.

Mateo 23, mirai zvishoma, zvakanaka, zvino tichatangira pandima 27. Chingoteererai zvino. Mozoverenga zvose kana maenda kumba, kana muchida. Towedzera mamwe maminiti mashoma.

²⁴⁵ Zvino tarirai pano. Mateo 23, uye tichatangira pandima 27, “Mune nhamo imi, vanyori!” Zvino, rangarirai, ava varume vatsvene vaAri kutaura navo.

Mune nhamo imi, vanyori nevaFarise, vanyengeri! nokuti makafanana nemarinda akacheneswa (ava vanhu vakafa, munoono), marinda akacheneswa, anoonekwa seakachena kunze kwawo, asi mukati muzere namapfupa avakafa, netsvina yose.

²⁴⁶ Hunyengeri negodo nekurwisana, mukati mavo; kunze, “Ndini Chiremba Ngingi-ngingi.”

Saizvozvo nemiwo munowonekwa navanhu kunze kwenyu makaita samakarurama, (Tarirai kuEcumenical Council nemaPentecosti agere apo), asi mukati muzere nokunyengera nokusarurama.

²⁴⁷ Chii kusarurama? Chimwe chinhu chaunonyatsoziva kuti chakarurama zvino hauchiite. Jesu, zvino cherechedzai izvo zvaAka . . . chizvarwa chaAnoisa izvi zvino.

Mune nhamo imi, vanyori navaFarisei, vanyengeri! nokuti munovaka marinda avaporofita, nokushongedza marinda avakarurama, munoono, “O, vaporofita!”

Muchiti, Dai taivapo pamazuva ayo amatateguru edu, tingadai tisina kuvabatsira kuuraya vaporofita.

²⁴⁸ “Tingadai takatenda Shoko raShe dai takararama kareko.” Tarisai.

Saka munozvipupurira, kuti muri vana vavakuuraya vaporofita.

Zvino chizadzisai chiyero chatateguru enyu.

²⁴⁹ Ndizvo chaizvo zviri kuitika. Zvino tarirai zvaAri kutaura pano.

Imi nyoka, imi chizvarwa chenyoka, muchatiza seiko kutongwa kwegehena?

²⁵⁰ Ko munozviita sei? Zvino Ari kutaura kuvashumiri, munoono, ndizvozvo, varume vatsvene. Ko ungamira sei uchiziva kuti Bhaibheri rinoporofita uye nokuudza vanhu kuti vasadaro, zvino ugokwanisa kumira uchirerutsa kuitira tumadhora tushoma tusina nebasa rose, tunonhuwa, kuitira mukurumbira, uye kuti mumwe munhu akubhabhadzire kumusana achikudana kuti “Chiremba”? Ko ungatei sei unoda vanhu ivava?

Ndiri kuparidza pamatepiwo, zvakare. Maona?

²⁵¹ Ko ungarirei, ko ungatei sei unoda vanhu ava, zvino ugorega chinhu chakadaro chichiitika? Maona? Imi—imi

vaFarise, imi mapofu, imi nyoka, imi chizvarwa chenyoka, ko muchatiza sei kutongwa kwegehena? Kana iwe. . .Ko munhu seiko nhasi, anoziva kuti zvinhu izvi zvakatsveyama, zvino omira ipapo kubata ungoro yake, achiita kuti sangano rake rikure, otadza kuudza madzimai nevarume? Ko uchapunyuka sei kutonga kwegehena, apo rakagadzirirwa iwe? Ko uchazviita sei? Maona?

²⁵² Teererai, teererai zvino. Zvichange zvakadini? “Saka. . .” Ndima 34.

. . .tarirai, ndinotumira kwamuri vaporofita, . . .

²⁵³ “Ndicha,” munguva iri mberi. Havo vaFarise venyu vari kudzoka zvakare. Maona?

. . .vakachenjera, . . .vanyori: *muchauraya vamwe vavo nokuvarovera pamuchinjikwa; mucharovesa vamwe vavo mumasinagoge enyu, nokuvadzingirira mumaguta ose:*

²⁵⁴ Akafanotaura kuti Aizovatumira vaporofita, vaine Shoko raShe. Zvino vaizoitei? Zvimwe chetezvo zvakaitwa nemadzibaba avo, nokuti ndizvo zvamuri. Munoono, mweya haife. Vanhu vane mweya iyi ndivo vanofa, asi mweya haife. Akati, “Imi ndimi vana. Ndimi vacho.” Uye nyatsocherechedzai zvakaita zvinhu izvi.

²⁵⁵ Kuti Mutsvene Pauro akamirapo (munotenda aiva muporofita?) uye ndokutsiura madzimai, kugera vhudzi ravo; ndokutsiura masangano avo; ndokuzivisa kuti munhu wose asina kubhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu anofanira kuuya obhabhatidzwa zvakare. Ndizvozvo.

²⁵⁶ Zvino nhasi vanorerutsa nokunatsurudza. Havazive mutsauko, zvachose. Zvinosiririsa. Kana nguva yapera, ndingataura izvi, munoono: vaive vakapofomara, vakatemerwa kuva mapofu. Mwari atinzwire ngoni. Havana kukwanisa kuzviona.

²⁵⁷ Jesu akati, “Muri mapofu. Imi vanyori nevaFarise mapofu, vanyengeri! Pamunoverenga Shoko rimwe chete rakaverengwa nevamwe vose, zvino mouya moNdipomera. Uye Ndiri izvo chaizvo vakataurwa neShoko kuti zvaizove muzuva rino. Ndaifanira kuva Mutumwa wezuva rino. Ndini Mhesiya,” Akataura, mumashoko akawanda. “Ndini Mhesiya. Ndakundika here kuzviratidza? Kana ndisina kuita zvakanyorwa nezvaNgu, zvadaro Ndiwanirei mhosva. Zvino imi vaFarise mapofu munotungamirira vanhu venyu muchinhu chakadaro, uye motumira boka rose.” Akati, “Zvakanaka, bofu rikatungamirira rimwe bofu.” Akati, “Muri. . .”

²⁵⁸ Makati, “O, dai takararama kare munguva dzanaMutsvene Pauro, hongu, ndingadai ndakatora divi raPauro.”

259 Imi vanyengeri! Maona? Ko madini matora divi neDzidziso yake? Mungadai makaita chinhu chimwe chete kareko zvamaita nhasi, nokuti muri vana vemadzibaba enyu, madzibaba enyu emasangano: vaFarisei, vaSadhuse, nevehutsvene hwekuzvipa. Ndi—ndizvo. Uh-huh. Ndinokuudzai, uye—uye kusvika panguva yatiri kurarama mairi, handizive kuti izvi handiko here Kudhonza kweChitatu? Kweminiti zvino, munoono, Jesu akati, “Mhando iyi inogamuchira kutongwa kwakakura.” Maona? Handi zvakashata here?

260 Semumwe mukuru wemuAmerica, pane imwe nguva, apo muvengi akanga ave kuda kutora nyika ino, pane murume panguva dzepakati peusiku, akachirikira pabhiza ndokutasva akadzika nenzira, achidanidzira, “Muvengi ari kuuya!” Aive Paul Rivere.

261 Ini ndiri munhu wemuAmerica, zvakare. Uye ndakatasva, panguva ino yepakati peusiku, ndisiri kuti muvengi ari kuuya, asi ari pano! Haasi kuuya; atori pano kare! Atokunda. Ndinotyia kuti zvapera; kukunda, munguva ino yepakati peusiku.

262 Rangarirai, paTucson, Ngirozi nomwe, kuti Mharidzo yaiti kudini, “Kupedziswa kwechakavanzika chaMwari.” Pakarepo mushure maizvozvo, kuuya zvichidzika negomo . . .

263 Mose makanzwa nezvemakomo. Cherechedzai. Hama Fred vane mimwe mifananidzo yazvo, naHama Tom. Uye ndine mimwe mifananidzo, mabhaisikopo, zvose. Tichazoviratidza pano rimwe zuva, kukuratidzai chaipo pazvaive. Mose munoziva nyaya yacho.

264 Tarisai, nhongonya nhatu. Akati, “Ndipo pane yako yoKutanga, yeChipiri, neyeChitatu.”

265 Zvino Hama Fred vane mumwe mufananidzo waro unoshamisa, apo ivo neHanzvadzi Martha pavakapfuura. Makore akanga asimuka kubva muhunyoro hwaive pasi, zvino akanga avanza mamwe ose, uye zvichingoratidza Kudhonza Kutatu; imwe *pano*, imwe *pano*, neimwe *apo*. Maona? Manomwe!

266 Tarisai, oKutanga, matatu. Nhatu kukwaniswa. Ndipo apo shumiro yakaenda.

267 Kudhonza kweChipiri kwaive kunzvera mweya, chiporofita. (Kutanga kwaiva kupodzwa kwevarwere.) Kwechipiri chaiva chiporofita chakabuda, uye chikaziva zvakavanzika zvemoyo, apo Shoko pachezvaRo rakaratidzwa. Zvinova, nyasha.

268 Asi, rangarirai, chechinomwe kupedzisa. Kutu uku kungava iko Kudhonza kwekupedzisa, zvatopera? Zvingava zviri izvo? Pafunge zvino. Ingofunga. Ko uri papi? Maona? Chechinomwe ndicho nguva dzose kupedzisa. Kudhonza Kutatu!

269 Shumiro yaJesu yaiva neKudhonza Kutatu. Wanga uchizviva here? Cherechedza! Uye iva wakaperera, kana

wakambozviita muupenyu hwako, iye zvino kweminiti, maminitisi mashoma.

²⁷⁰ Kudhonza kwaKe Kwekutanga kwaiva kupodza varwere. Akava munhu aiva nemukurumbira zvikuru. Munhu wese aiMutenda, pakuratidzika kwazvo. Ndizvozvo here? PaAkaenda achipodza varwere, munhu wese aiMuda muchechi yake.

²⁷¹ Asi rimwe zuva Akatendeuka ndokutanga kuporofita, nokuti aiva Shoko, uye aiva Muporofita uya akataurwa nezvake naMosesi. Zvino paAkaenda kunovataurira, uye kuvaudza mararamiro avaiita, nezvinhu zvavakanga vari kuita, haana kuzombofarirwa zvachose. Ndiko kwaiva Kudhonza kwaKe Kwechipiri.

²⁷² Handizive kana zvisina kudzokorora zvakare? Ingozvfunga kweminiti. Kuti ndizvo? Kwekutanga, kupodza, munhu wese. Kwechipiri: “O, aigona kunge ari Jesu Oga. Aigona kunge ari Bheerzebhuri, zvinogona kunge...” Ndicho chinhu chimwe chete chavakaita ipapo. Maona? Mweya mimwe chete ichirarama mumhando imwe chete yevanhu, vanhu vakatongerwa kuparara vasingagoni kuponeswa, nokuti vakapomerwa kare; ivo, saJudhasi Iskarioti, akabarwa ari mwanakomana wekuraswa.

Imi munoti, “Judhasi?” Ichokwadi.

²⁷³ Rangarirai, aiva munhu wezvekunamata zvikuru, asi haana kuenda nzira yose neMharidzo. Aikwanisa kutora chimwe chikamu chayo, asi zvimwe zvose akanga asingakwanise kuzvigamuchira. Vanogona kutora kupodzwa nezvimwe zvakadaro, asi kana zvasvika apo Mwari vanotaura tsindi kuti dzivepo, zvino izvozvo zvinenge zvanyanyisa kudzika kwavari. “Hazviite!” Uyo aiva Judhasi. Mweya wake unokwanisa kurarama kusvika panzvimbo iyoyo. Haakwanise kupfuurira kubva ipapo. Maona?

²⁷⁴ Vaigona kugamuchira Mosesi zvakanaka paakazarura Gungwa Dzvuku, nezvimwewo zvakadaro. Asi paakasvika ava kuvataurira, havaifanira, vose zvavo havaifanira kuita *izvi* kana *izvo*, kana *nezvezvo*: “Ari kuzviita Mwari, pamusoro pedu.” Munoono, havaigona kuzvigamuchira, Kora nevamwe. Saka, vakatozova nesangano, nokudaro Mwari vakangovamedza.

²⁷⁵ Shumiro yaJesu, paAipodza vanorwara, “Aishamisa, muporofita muduku uya weGarireya! Sei, Anoita kuti mapofu aone. Akatomutsa vakafa. Tine zviitiko zvitatu zvakadaro. Akatonyatsomutsa vakafa.”

²⁷⁶ Asi rimwe zuva akatendeuka, Akati, “Imi chizvarwa chenyoka. Munochenesa kunze kwendiyo. Munoitika sokunge muri vatsvene, asi mukati menyu, hapana zvamuri kunze kwekuva boka renyoka.” O, apo chiporofita ichi pachakaenda, achitsiura sangano iroro, zvino zvakashanduka. VakaMumukira.

Ndizvozvo. Zvino pakupedzisira, vachiMuramba, vakaMuroverera pamuchinjikwa.

²⁷⁷ Asi haukwanise kuuraya Shumiro. Inoenderera mberi. Munogona kuradzika mutumwa nerufu, asi hamukwanise kudaro Mharidzo. Uh-huh. Ndizvo. Akaramba ari mupenyu. Zvino cherechedzai apo Kudhonza kweChitatu kweshumiro yaKe pakwakauya. KweKutanga kwaiva kupodzwa kwevarwere.

²⁷⁸ Kwechipiri kwaiva kutsiura masangano, nokuporofita; zvavakanga vaita, zvavaive, uye nezvavakanga zviri kuuya. Izvo zviripo, izvo zviripo, zvichauya; uye nezvavakavapo, zviripo, nezvichazovapo. Ndizvo zvaAkaita. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²⁷⁹ Asi Kudhonza kwaKe Kwechitatu ndeapo paAkaparidzira vakarasika vakanga vasisakwanise kuponeswa zvachose. Vakanga vari zasi uko kwaiva nevaya vemaziso makuru, akapendwa, “Ooh, ooh!” Akaparidzira kumweya yaiva mugehena, yakanga isina kugamuchira tsitsi, asi vakapatsanurwa zvachose zvemunaZiendanakuenda kubva muHupo hwaMwari. Asi zvakadaro vaitozofanira kuzvicherechedza, zvaAiva, nokuti Mwari vakaMuisa ikoko.

²⁸⁰ Handizive kuti shumiro yaKe ichakwira here nenzira imwe chete mumazuva okupedzisira, sezvayakambova? “Sezvo Baba vakaNdituma, saizvozvo Ndinokutumai. Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaita.”

²⁸¹ Vakarasika, havachakwanisa kuponeswa. Vakanga varamba tsitsi. Ndiko kwaiva Kudhonza kwaKe Kwechitatu.

²⁸² Zvino pane here mubvunzo? Kudhonza kwaKe Kwekutanga, Akapodza varwere. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Shumiro yaKe yeChipiri, Akanga ari kuporofita. Shumiro yake yeChitatu Akanga ari kuparidzira vakarasika zvemuna Ziendanakuenda. Makomo matatu, nezvakadaro; vakarasika, Ziendanakuenda!

²⁸³ Shumiro yaNoa, shumiro dzose, dzakaita zvimwe chete. Noa akaparidza. Ndizvo chaizvo. Akapinda muareka. Zvino paakapinda muareka, pakava nemazuva manomwe pasina chakaitika. Chapupu chake chakaparidzira kune vaizoparadzwa.

²⁸⁴ Sodhoma neGomora! Jesu akataura nezvawo ari maviri kuti ari kuuya. “Mwanakomana wemunhu asati auya, ndizvo zvazvichange zvakaita semazuva aNoa, ndizvo zvazvichange zvakaita semazuva eSodhoma.” Akataura nezvaNoa.

²⁸⁵ Noa aiva neKudhonza Kutatu, uye kwake kweChitatu kwaiva kune vakarasika mushure mokunge mukova wapfigwa. Nokuti, Mwari vakairega igere ipapo, pokuti hapana aigona kupinda kana kubuda. Vaive mukati. Nokuti, (sepagomo

rechinomwe) gomo refu pane ose, ndipo paAkagadzika ngarava, gomo. Maona? Ndizvozvo?

²⁸⁶ Mumazuva eSodhoma, Kudhonza kweKutanga aiva Roti wakarurama. Uye Bhaibheri rakati, “Zvivi zveSodhoma zvaishungurudza mweya wake wakarurama mazuva ose,” mazvibatiro nemaitiro aitiwa nemadzimai.

²⁸⁷ Munorangarira, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa.” Vakanga vari kuitei? “Vaidya, nokunwa, nokuwana, nokuwaniswa.” Madzimai, munoona, madzimai. Chakanga chiri chii mumazuva e—eSodhoma? Madzimai.

²⁸⁸ Zvino mharidzo yoKutanga aiva Roti. Vakamuseka vachimuzvidza.

²⁸⁹ Zvino vakatumira vamwe vatumwa, vaviri vavo, ndokudzikako. Ndiko kwaiva Kudhonza kwaKe kweChipiri kuna Roti . . . kuSodhoma.

²⁹⁰ Asi tarirai kune Uyo akaenda kwekupedzisira, pane kuwedzerwa nokuwedzerwa kwetsitsi. Zvakanga zvatopera ipapo, zvatopera panguva iyoyo. Mutumwa uya wechitatu akadzikako, Kudhonza kweChitatu, Aiva chii? Aiva neshumiro yemhandoi? Akagara nevasanangurwa, ndokuvaudza zvakanga zviri kuitika shure kwaKe. Ndizvozvo? Asi paAkapinda muBhabhironi, kana kuti muSodhoma, Aida kuwana . . .

²⁹¹ Kunyange Abrahama, achichema, “Kana ndikawana makumi mashanu vakarurama?” Ndokudzika kusvika pane “gumi vakarurama?”

Mwari vakati, “Hongu, wana gumi vakarurama.”

²⁹² Rega ndikuudze chimwe chinhu, hanzvadzi, mira zvishoma. Unogona kunge uri wechinyakare, asi une chimwe chinhu icho anamambokadzi veruchiva ava chavasina. Une chinhu chaasingambofa akawana. Ndizvozvo. Unogona kunge uri wechinyakare pamapfekero ako, uchipfeka semudzimai kwaye. Vanogona kuti, “Tarirai kuna muumburuki mutsvene uyo.” Usanetseke. Ane chimwe chinhu icho aka kamambokadzi keruchiva, kane nyika yose yakatarisa kunze uko, chakasina. Haatombokwanisa kuva nacho. Akarasika, zvemuna Zindanakuenda. Atoparara. Maona? Haambofi . . . Une hunhu; une simba. Iye hapana chaainacho. Ane muteyo unobata mweya yakarasika uchiyiisa mugehena. Mapofu anofamba achipinda imomo. Zvino, iwe une chimwe chinhu.

²⁹³ Unoziva, unogona kunge usiri pabhuku rechechi, asi hunogona kunge huri hupenyu hwako hwakarurama huri kudzivisa hashu dzaMwari panyika nhasi. Nyika haimbozvitendi. Iwe mudzimai unonzi muumburuki mutsvene, iwe murume muduku asina hake chaanoziva, asi unochema kuna Mwari, masikati neusiku, nokuda kwezvivi zvenyika, unogona kunge uri iwe uri kudzivisa hashu dzaMwari. “Kana

ndikawana gumi, Ndicharegedza kuiparadza. Kana Ndikawana gumi!” “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichazovawo.” Munoono zvandiri kureva?

²⁹⁴ Kwete kuti, “Kana ndikawana maMethodisti gumi, kana ndikawana maBaptisti gumi, kana ndikawana maPentecosti gumi, kana ndikawana vamhanyi gumi, kana ndikawana maseneta gumi, kana ndikawana vashumiri gumi.”

²⁹⁵ Asi, “Kana ndikawana vakarurama gumi!” Pane Mumwe akarurama, ndiKristu. Kristu achirarama mune Mumwe, ivo gumi, munoono, “Ndichaisiya yakadaro.”

²⁹⁶ Asi Mutumwa wekupedzisira uyu akaparidzira kune vaizoparadzwa. Munoti . . . Akaenda zasi ikoko. Gwaro haritaure zvakaitika, asi moto wakaburuka zuva rakatevera, ndizvo, mushure mokunge Aita zviratidzo zviya, pakarepo mushure mokunge Aita shumiro yaKe yechiporofita. “Seiko Sara aseka?”

Iye ndokuti, “Handina.”

Akati, “Hongu, waseka.” Maona?

²⁹⁷ Zvino, pakarepo mushure maizvozvo, Akapinda muBhabhironi, kana kuti akadzika muSodhoma. Haana kumbovawana, nokudaro moto wakadonha. Akawana Roti nevanasikana vake vaviri, ndokuti, “Chitobudai muno iye zvino.” Maona? Yakabuda kunze. Akadzika zasi ikoko. Rangarirai, Akanga ari munzira yaKe yokudzika ikoko. Akatumira nhume mberi kwaKe, asi Akadzikako pachaKe, ndizvozvo, kuti azvionere kana zvinhu zvose izvi zvaive izvo. Zvino akaiona izere nechii? Madzimai akapenda kumeso. Mharidzo kune vekuparadzwa. Chii chavakaita? Vakazviseka.

²⁹⁸ Chii chavanoita nhasi? Chinhu chimwe chete. “Ndiri weAssemblies. Ndiri weOneness. Ndiri—ndiri . . . Ndakatamba muMweya. Mwari ngaarumbidzwe, ndinotaura . . .” Zvakanaka, enderera mberi. “Ndichadimbura vhudzi rangu kana ndichida. Ndichaita *zvokuti*. Ndicha—ndichangotaura *zvokuti*. Handisungirwe kubhabhatidzwa muZita raJesu. Ini—ini handina basa nezvataurwa. Pauro munhu anovenga madzimai, saizvozvo. Ndiwo . . .” Zvakanaka, enderera mberi.

²⁹⁹ Rimwe remazuva ano, ndokunge kana usati, uchayambuka muganhu uya. Hauzombova nechido zvakare chekuita zvinhu zvakana. Manzwa here zvandataura? Pane nyaya. Hama, hanzvadzi, munocherechedza here zvataurwa? Uchadarika muganhu uya, uye hauzomboda kuzviita. Ucharamba uchinzwa Evhangeri, zvemazvirokwazvo, asi haufe wakaRigamuchira. Haukwanise kuRigamuchira. Asi Evhangeri ichaparidzirwa kune vokuparadzwa, avo vakarasika zvemuna Ziendanakuenda, havachagona kuponeswa, zvachose. Watova panzvimbo iyoyo, uye hauzvizive. Unofunga kuti uri kurarama mumafaro enyika, uye wakafa uri mupenyu.

³⁰⁰ O, teerera. Vose vakaramba Mharidzo yenguva, pasati pava nokuparadzwa, Evhangeri yakaparidzirwa kune vaizoparadzwa, kutanga, vasati vaenda; vasina tsitsi. Noa, akavharirwa, aive chapupu. Mwari vakapfiga musiwu, mushure meKudhonza kweChitatu. Mushure meKudhonza kwake kweChitatu paSodhoma, mikova yakavharwa. Pakanga pasisina tsitsi. Vaya vane gumi havana kuwanikwa. Uye vakarasika vakaparidzirwa Evhangeri, vakanga vasisakwanise kuponeswa, nokuti zvakanga. . . Zvagara zvakadaro muzera roga-roga, zera roga-roga rakaramba Mharidzo kutongwa kusati kwasvika.

³⁰¹ Vazviita zvakare here? Zviri kuoneka here muShongwe yeMoto zasi uko parwizi? Zviri kuoneka here muMharidzo yekutsiura madzimai, uye nokukandira nzvimbo padzinofanira kunge dziri, nekutsiura vashumiri vava vanotora nzvimbo pamwe nemasangano panzvimbo yokugara paShoko? Apo, Mwari vasimbisa zvizere kuti Ndivo, uye kwete chimwe chinhu chinosuwisa chisingazivi chisina kudzidza semunhu. NdiMwari! Zvino tasvika here iye zvino panzvimbo yokuti Kudhonza kweChitatu kunodzoka zvakare kune avo vakarasika, zvemuna Ziendanakuenda?

³⁰² Ndizvo here zvandakapirwa chiratidzo chiya, sekamukomana kaduku kunze uko? Zvino ndakaenda Kumadokero, zvino hoyo uyo Muchinjikwa wendarama weEvhangeri uchipenyera pasi, wakazivisa chiratidzo chakabva Kudenga, nemazvo. Rangarirai, Muchinjikwa wainge uri panzvimbo yakatambanuka, wakavakwa, se—sepiramidhi, zvakare. Maona? Zvingareva here kuti pachikamu chemusoro ndipo pazvinoperera, uye zvakatangira kubva *pano* zvino ndokukwira kusvika kumusoro?

³⁰³ Sepiramidhi, rakauya nemuna Ruther, Whisiri, Pentecosti, uye kuiswa kwedombo repamusoro. Kuti zvingava zviri izvozvo? Kana zviri izvo, tave papi? Izvi, zvinogona kudaro. Ndine tariro yekuti handizvo, asi zvinofanira kudaro. Zvichava saizvozvo. Chingorangarirai, shumiro idzi dzinotofanira, dzinogara nguva dzose dzichipfekerana-pfekerana zvimwezvo, imwe neimwe. Zvinofanira kuitika. Uye Mwari haashanduke. Pafunge ipapo!

³⁰⁴ Ruma hana yako nemeno ako emweya, zvino ugoona kuti tave papi. Ko kana zviri izvo, uye iwe uchiri sezvauri? Zvino chitongofamba hako. . . Maparara, imi muri kunze. Mushure mokunge Bhuku ratorwa neGwayana, Chisimbiso cheChitanhatu chinozarurwa neZvisimbiso zvose, zvapera. Zvinogona kunge zviri izvo. Ndinotarisira kuti handizvo. Zvinogona kunge zviri izvo. Zvakanaka.

Zvino, ndicho here chikonzero Kudhonza kweChitatu kwamirira nguva yakareba zvakadai?

³⁰⁵ Macherechedza, Kudhonza kweKutanga neKudhonza kweChipiri kwakabva pane kumwe kuchienda pane

kumwe. Ndakafanotaura, munorangarira, pandakatanga, nezvekweKutanga. Uye ndikati, “Pachauya nguva yokuti Uchaziva zvakavanzika zvemoyo.” Munorangarira? Vangani? Handiti, mose imi munozvirangarira, mumisangano yangu kwese-kwese. Zvino umwe usiku ndakangofamba ndichipinda muRegina, kumusoro uko, ndokufamba papuratifomu; uye Hama Baxter ipapo, zviuru zvevanhu zvakawanda. Zvino munwe murume akafamba ndokuuya papuratifomu, [Hama Branham vanoridza munwe wavo kamwe chete—Mupepeti.] zvino hezvo izvo ipapo. Zvino kubvira ipapo zvanga zviru zvimwe chete.

³⁰⁶ Asi ave makore kubvira ndakabva kumunda wekuvhangera, mana, kana kuda mashanu kubvira ndakabvako. Ko chii? Chii chaita izvi? Ndosaka here zvakaita sezvazvakange zvakaita pakutanga, muna Genesi, “Moyo murefu waMwari”?

³⁰⁷ Rangarira, paAkagadzira nyika, zuva rechinomwe hapana chaAkagadzira. Akazorora. Maona? Mwari vakaita moyo murefu mugore riya rechitanhatu, vasingadi kuti pawanike mumwe anoparara, asi vose vagosvika pakutendeuka. Mwari vaiva nemoyo murefu.

³⁰⁸ Zvakare, uyezve, muna Genesi 15:16, kana muchida kuzvinyora pasi, 16, 15. Akaudza Abrahamu, “Uko munyika yavaAmori, kusarurama kwavo,” vaive vaHedheni zvino. “Handikwanise kukutora ndokuisa imomo iye zvino, nokuti kusarurama kwavaAmori, vaHedheni, hakusati kwazara. Asi ndichavatonga. Ndichauya muchizvarwa chechina, zvino ndichatonga nyika iyoyo netsvimbo yedare.” Ndizvo here?

³⁰⁹ Zvatora nguva yakareba here, kuti moyo murefu waMwari, shumiro nguva dzose, nemumatapi nezvimwe zvose, yatekeshera pasi pose, kuona kana pachiine mumwezve? Asi zvichida wokupedzisira akauya nguva shoma yapfuura. Kwanga kuri here kusarurama kwa—kwatora nguva yakareba? Kana Jesu ari mumwe chete, zvinova ndizvo zvaAri, vaHebheru 13:8, Mharidzo yaKe inofanira kunge iri zvimwe chete. (Tave kuda kuvhara.) Maitiro ake anofanira kuva mamwe chete.

³¹⁰ Kana Kudhonzwa kweKutanga nekweChipiri hakuna mubvunzo! Pane here mubvunzo mupfungwa dzako pamusoro peKudhonzwa kweKutanga nekweChipiri? Kwakaitika here sezvaAkataura? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka munoitirei mubvunzo pane kweChitatu? Maona? Ko munoitirei mubvunzo nezvaKo? Kwekutanga kuviri kwakaratidzwa neGwaro. Ndakuratidzai mangwanani ano kuti kweChitatu kunoziviswa neGwarowo, zvakare.

³¹¹ Tarirai panyika, muone payave. Onai marambiro avaita Chokwadi, uye kuti kwakanyatsoziviswa nemazvo, chikamu chechiporofita. Zvino tave papi? O Mwari, ivai nengoni! Izvozvo

zvinoita kuti moyo wangu ujuje ropa mandiri. Zvamboita sei? Tave papi?

³¹² Rangarira, nhongonya nomwe kumusoro uko, dzinogona kukuudzai. I...Hapana imwe nhongony'n'a mberi kwadzo. Zviri paContinental Divide. Inoenda mungwenga, kubva ipapo zvichienda mberi. Ziendanakuenda rinobva ratanga. Nhongony'n'a nomwe, pamusoro chaipo peContinental Divide. Zviri chaipo pakati pechakanaka nechakaipa. Uye pamagumo azvo, Kudhonza kweChitatu ndiko kwakava Kudhonza kwekupedzisira pamakomo aya. Ndizvozvo here? Maona? Zvakanaka.

³¹³ Noa akapinda, zvino mushure memazuva manomwe, hapana chakaitika, munoono. Mumazuva manomwe kutongwa kwakauya. Dai chete...Teerera zvino, mukuvhara. Dai chete, munguva yaNoa, vakagona kuziva chiratidzo ichi! Dai vainge vakangoziva! Zvino ndave kuvhara. Dai vainge vakangoziva chiratidzo chiya, nyika muzuva iroro! Icho, Mwari varatidza pano, nekuverenga Gwaro, nguva shoma yapfuura, Akaparadza vanhu ava.

³¹⁴ Kwete kuti vasina tsitsi; tsitsi dzakatumirwa kwavari nemuporofita. Havana kuzvitenda. Mwari vane tsitsi, asi, Akatumira tsitsi asi vakaramba kudzigamuchira. Nguva dzose anotumira tsitsi, kutanga.

³¹⁵ Ko dai vakaziva kuti chiratidzo ichi chiratidzo chekuguma kwenguva? Zvino pavakaona, kamwe-kamwe, ruponiso hapachina. Hapana munhu, munoono. Ipapo, chinhu chokutanga chaunoziva, mukova wakanga wavharwa. Dai vaka...Paiva nemunhu mumwe chete aiziva chiratidzo ichi, aiva Noa neboka rake. Ndivo voga vaiziva. Zvino mukova pawakavharwa, Noa akazviziva. Noa akaziva kuti ndiwo aiva magumo. Aizviziva. Ndizvozvo. Dai waingoziva chiratidzo!

³¹⁶ O, dai vainge vakangoziva chiratidzo chiya, pavakaona Uya achiuya, akambenge ari kumusoro uko naAbrahama!

³¹⁷ Dai vainge vakaziva kuti Billy Graham wechimanjemanje wezuva iroro, akadzika zasi ikoko, iye naOral Roberts, ndokuparidza mharidzo iya kuvanhu vakapofomadzwa! Dai vainge vakaziva, maMethodisti nemaBaptisti vakare vakarurama kareko kuti vaive chiratidzo kune avo vezuva iroro, Roti, apo zvivi zvaishungurudza mweya yavo chaiyo. Ko maBaptisti nemaMethodisti vakazovei? Sezvakaitwa naRoti, zvimwe chete. Asi vakarurama, veikoko, vakabuda kunze. Zvemazvirokwazvo.

³¹⁸ Ko dai pari ipo apo Billy Graham paakadzika zasi, vachienda kunotoro sarudzo, vachitsenga chingamu, vachitamba zvokurovana nezvibhakera, nokuseka, vakagera vhudzi, vakapenda kumeso, nokusamboita kana hany'n'a nezvazvo. Ukadzoka ramangwana, zvino Billy akati, "Ndine zviuru

makumi matatu; ndodzoka mushure mugore iroro, handina kana makumi matatu.”

³¹⁹ “O, ndatora sarudzo. Ini—ini—ini handichaendi kugehena; ndiri kuenda Kudenga, munoona,” vachituhwina mukati mechivi. Dai vainge vakango. . .

³²⁰ Uyezve Evhangeri iri kuparidzwa muSimba, nezviratidzo nezvishamiso, neShongwe yeMoto pamusoro pazvo, nezvinhu zvose zvichiendeka nemazvo, uye zvakafanotaurwa nekurongwa. Dai vainge vaka. . . Vakati, “Boka ravaumburuki. Ndezve kuverenga pfungwa. Imwe mhando yemweya wehuroyi. Dhiyahhorosi, ndizvo zvoga zvaZviri. MusaZvitenda. Hazvisi musangano redu. Hatinei nechekuita naZvo.” Dai vainge vakangoziva chiratidzo! Dai vainge vakangoziva!

³²¹ Jesu akataura, akati, “Dai wainge wakangoziva zuva rako, Jerusarema. Dai wakangogona kucherechedza! Asi.” ndokuti, “zvino wasiwa uri wega.” Maona? “Dai wakangoziva. O Jerusarema, Jerusarema, kangani kandingadai ndakakuvhumbamira, sezvinoita huku nhiyo dzayo, kubva pane kutongwa kwave kutouya! Asi hauna kuziva zuva rako.” “Iwe wakataka vaporofita nematombo, nokuuraya vakarurama, dai wakangoziva zuva rako! Dai wakangoziva, uye nokunge uri paGwaro rako, uye nokuziva kuti kuuya kwaNgu chaive chiratidzo chekuguma kwako. Zvino uri bofu. Zvino watsiurwa. Nguva yako yapera.” Uye zvaive saizvozvo. Ndizvozvo. “Dai wainge wakangoziva nguva!”

³²² Tarira, Jesu paakaita chitaurwa ichi, nyika yakaenderera mberi. Maona? Nyika yakaramba ichienderera mberi, samazuva ose. Sei? Nokuti havana kuziva nguva yavo.

³²³ Nyika yakaramba ichienderera mberi, apo Noa akapinda muareka. Nyika yakaramba ichifambira mberi. Vaseki, muzuva iroro, vaiva nemapati ekutorana kwevarume nemadzimai muhupombwe. Vakaramba vachidya, vachinwa, vachiwanana, nokuita zvinhu zvose zvavanoita nhasi. Chaizvoizvo, samazuva ose. “Ha-ha! Muumburuki mutsvene uya avhara musiwo. Zvino, mati makambonzwa here chinhu chakadaro? Ha-ha! Munoziva zvaanotaura? Tose tiri ‘kuzonyudzwa mumvura.’ Hazvina maturo! Ko mvura yacho iri payi?”

³²⁴ Vaseki, mumazuva aNoa. “Zvichava saizvozvo pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Zvakanaka. Noa aiziva chiratidzo. Zvimwe chetezvo mumazuva aRoti. Zvimwe chetezvo mumazuva aJesu. Ndizvo zvazviriwo nhasi. Vanoseka nguva yavo yokupedzisira. . .? . . .

³²⁵ Zvimwe chete paSodhoma, havana kumboziva. Apo Mutumwa paainge akamira ipapo, Mharidzo yakabva kuna Mwari, vakangovaseka ndokuedza kuvatsveyamisa kuti vaite mabasa avo. Ndizvo here? “Pinda ubatane nesu. Iva mumwe wedu.” Ndizvo here? “Pinda ubatane nesu, uve mumwe wedu.

Uchava mumwe wevakomana. Uya, utijoinhe.” Maona? Havana kumboziva chiratidzo chavo.

³²⁶ Havana kumboziva kuti apo Mharidzo yaienderera mberi, kuti chaicho . . . Havana kukwanisa kuzviona, kuti moto nehasha dzekutonga, apo Mwari, moto waibvira wesurufu wakanga uri kutungira mumatenga. Havana kugona kuzviona. Vatumwa vaikwanisa. Uh-huh. Roti akazvizivawo, zvakare. Aiziva kuti wakange uripo. Zvirokwazvo.

³²⁷ Zvimwe chete zvazviri nhasi, chinongori chinhu chimwe chete. Hasha dziri kutungira, mabhambu eatomiki akaremba, zvinhu zvose zvave kumagumo. Zvimwe chete iye zvino.

³²⁸ Tarirai, vanhu, teererai. Maimboziva here . . . Munoti, “Hama Branham, o, ko zvose izvi?” Munoziva, vanhu vanogona kuenda mberi vachiparidza Evhangeri sezvavagara vachingoita, zvavanoti Evhangeri, zvinogona kunge zvapera. Vakazviita mumazuva aNoa. Vakazviita mumazuva aRoti. Vakazviita mumazuva aJesu. Ndizvozvo?

³²⁹ Kunyange vaJudha, mushure mokunge Jesu avaudza kuti hasha . . . “Maparara. Mapera. Hapachisina. Maparara.”

³³⁰ “O,” akati, “muumburuki mutsvene uya. Akambobva kuchikoro chipi chacho? Akabva, nekupi?”

³³¹ Rangarirai, Akanga agadzirira zvino Kudhonzwa kwaKe kweChitatu. Uh-huh. Ndizvozvo. Akati, “Ndakanga ndichida kukuvhumbamira zvakadini!”

³³² Roti wakaita kudana kwake kwekupedzisira . . . kana kuti, ndinoreva, Ngirozi ndiyo yakadaro, mutumwa, kuti ainge Ari ani. Mwari akamiririrwa muzuva rino, Mwari akamiririrwa munyama yemunhu, akaita chiratidzo chokupedzisira, akaita basa rokupedzisira. Zvakanga zvapera zvino.

³³³ Noa akaparidza mharidzo yake yokupedzisira; musiwo ndokuvhara shure kwake. Ndizvo zvoga. Vakazviseka, nokuita dambe nazvo.

³³⁴ Fungai, vanhu vanogona kuenda mberi vachiparidza! VeEcumenical Council vanogona kubatana nekereke yeKatorike, sekuvimbisa kwavakaita kuzviita. Masangano ose anogona kuuya, asi munembo wechikara watovapo. Vanoutora, muna izvozvo. Maona? Uye vanoti, “O, hareruya, Mwari aropafadzwe, pane vakawanda vakaponeswa zuro manheru.” Vakaponeswa? “Vakatamba muMweya. Vakataura nendimi.” Izvozvo hazvina chimwe chete chazvinoreva. Maona? “O, vanyoro uye vakazvityora uye vakazvininipisa. Hongu, changamire. Vane chibereko cheMweya.” Handicho chiratidzo. Kwete nepaduku pose.

³³⁵ Regai ndikupei chibereko cheMweya, pakati paJesu nevaFarise, mooni kuti ndeupi aiva nechibereko cheMweya. Dai kuri kunzi ndamira, sezvandatanga kutaura nguva shoma

yapfuura, ndichipesana naKristu zvino kwenguva shoma? Mwari vandiregerere kutombozvitauro kwandiri kuita, munoono, asi kungokuratidzai chimwe chinhu.

³³⁶ Toti dai ndauya kwauri ndichiti, “Nhai, imi ungoro, ndiyani shamwari wenyu? Ndiyani anoratidza chibereko cheMweya? Muprisita wenyu ane mutsa. Ndiyani anouya kwauri muchipataro kana warwara? Muprisita wako uya munyoro. Ndizvozvo. Ndiyani uyo nguva dzose anokukweretesa mari kana wawomerwa, uri pakamanikana? Imi nhengo dzeungano yake, hamuende here kumuprisita wenyu ane mutsa okukweretesei mari? Maona? Ndiyani uyo anogara aine rudo netsitsi, uye achiratidza chibereko cheMweya? Muprisita wenyu ane mutsa.

³³⁷ “Ndiyani uyo akadzidza kwemakore nemakore, musinagoge zasi kuno, uko kwakabva sekuru vasekuru vasekuru vasekuru vasekuru vasekuru, zvichidzika nzira yose zasi? Ndiyani akadzidza ndokuwana... akashanda nesimba ndokuwana madhigirii achiremba nemaPhD nemaLLD, kuti azive Shoko iri, omira pano oriunza kwamuri Svondo mangwanani oga-oga muungano yake? Muprisita wenyu ane mutsa.

³³⁸ “Ko ndeupiko uyu mupanduki, anonzi, ‘Jesu’? Akabva kuchikoro chipiko? Chikoro chipiko kwaAkabva nako? Riripiko kadhi raKe rehunhengo? NdeWesangano ripi?

³³⁹ “Chii chaanoita kana makakavadzana semhuri? Ndiyani anouya kwamuri? Muprisita wenyu ane mutsa, kuedza ku... Uye waita gakava nemuvakidzani weuko, zvino muprisita wako ane mutsa anouya okuyanaisai. Oti, ‘Mose muri vana vaMwari. Hamufanire kudaro.’ Ndizvo izvo iye... .

³⁴⁰ “Ko uyu Jesu weNazareta akaitei? Akazvibvarura zvose. Chii chaanoita? Anotuka sangano renyu. Chii chaanoita? Akadana muprisita wako kuti ‘bofu rinotungamirira mapofu.’ Akamudana kuti ‘nyoka iri muuswa.’ Akatora chibairo chakatemerwa naMwari, ndokukudubura matafura, nokukandira mari panze, ndokuvatarisa nehasha. Wati wamboona here muprisita wako achiratidzika zvakadaro?” Zvino chiripi chibereko cheMweya? Uh-huh. Uh-huh.

³⁴¹ Kwete nokutaura nendimi. Kwete nokutamba muMweya. Kwete nokujoinha chechi. Kwete nechibereko cheMweya; Christian Science inogona kukudarikai mose pane izvozvo, munoono, uye vachiramba kuti Jesu Kristu aiva Mwari. Kwete izvozvo.

³⁴² Asi iShoko, rinorarama! Hezvoka izvo. Dai vainge vakangotarisa, Aive Mhesiya. Aive Shoko rinorarama, rakaratidzwa.

³⁴³ Zvino munhu ane Mweya waMwari maari, kana mudzimai, anorarama Shoko iroro, rinorarama nemavari. Ndiko kurova

kwemoyo, vakatemerwa, nokuti Shoko raShe rinouya kwavari, uye ivo ndivo Shoko kuvanhu. “Tsamba dzakanyorwa dzinoverengwa nevanhu vose.” Ndizvo here? Ko Kudhonza kweChitatu kwave kuitika here?

³⁴⁴ Vanhu vari pamatepi, imi muri kuteerera tepi ino, ndinoshuva kuti dai mambotarisa unyama iyi panguva ino. Uhuh. Ndine tariro yokuti muri kunzwa nenzira imwe chete.

³⁴⁵ Ko kana zviri izvo? Tarirai Magwaro akaita murwi pano. Kuti ndizvo? Kudhonza kweChitatu kuparidza here kune vachaparadzwa zvachose zvemunaZiendanakuenda vakaramba Mharidzo yeruponiso?

³⁴⁶ “Saka,” iwe unoti, “chechi icha...” Hongu, vachadaro. Vachaenderera mberi, zvakadaro.

³⁴⁷ Asi, rangarirai, nguva yose iyi, Noa akanga ari muareka. Mwenga akasimbiswa pamwe naKristu, nhengo yokupedzisira yakadzikinurwa. Chisimbiso cheChitanhatu chazviratidza. Chisimbiso cheChinomwe chinoMudzosa pano panyika. Gwayana rakauya ndokutora Bhuku kubva muruwoko rwerudyi rweuYo, ndokugara pasi ndokusuma izvo zvaive zviri zvaKe, zvaAkanga adzikinura. Ndizvozvo? Kwagara kuri Kudhonza kweChitatu kuya.

³⁴⁸ Zvitatatu kukwaniswa. Shumiro yakasvika pakukwaniswa kwayo payakararidza Kristu zvakare munyama, pakati pevanhu, sezvakafanotaurwa, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti.”

³⁴⁹ O, pafungei, vanhu vanogona kuenderera mberi vachiparidza, vachifunga kuti vari kuponeswa, vachitenda kuti masangano avo ari kukura, ichokwadi, uye pasisina tariro kana nepaduku pose. Zvino kana chiratidzo chiya zviri izvo, uye changa chakaoma zvikuru kumadzimai, tasvika panguva yacho. Mukova wavharwa, vaenda, Bhuku ratove muruwoko rwaKe. Pafungei ipapo.

³⁵⁰ Regai ndikutaurirei izvi tave kuda kuvhara zvino. Ndave kuvhara. Zvakanzi, kunenge kuIreland, kwakatarisa kumvura. Kwaiva nemutundurundu pagungwa wakakura waidzika uchitevedza divi remahombekombe, wozokwidza nepachikomo chikuru. Zvino paivapo nemumwe murume aienda, aifamba naipapo rimwe zuva, ipapo—ipapo panguva yokuti mafashama anenge ouya. Zvino paiva nemumwe murume anoremekedzwa aigara pachikomo ichi, aiziva mafashama aya. Aiziva nguva yezuva apo mafashama aizofanira kuuya. Aiziva nguva apo mafashama emvura aisvika. Muchinda uyu haana kuita basa nazvo kuti inguvai. Aiva mumwe wevaya vanatinoziva-zvose. Aivawo nepfungwa dzake. Aiva munhu wekumhanya, akachenjera, muchinda akangwara, asi akanga asingamboziva nguva dzemafashamu emvura. Akanga asingazive nyika yacho.

Akanga asingazive nguva apo chiratidzo chakanga chamira zvakanaka, apo mwedzi wakange wafuratira nyika.

³⁵¹ Zvino kana Mwari akangobvisa Mweya wake kubva panyika, hama, yatoparara, zvatopera.

³⁵² Iwo mwedzi kana ukangobva panzvimbo yawo, mvura dzinofukidza nyika sezvazvaive zvakaita Mwari paakaitanga, muna Genesi 1. Asi mwedzi unogara ipapo, zvino kana ukangotendeutsa musoro wawo, mafashama anotanga kumhanya achipinda.

³⁵³ Mutana uyu ane huchenjeri aigara ikoko muhupo hwazvo, aiziva kuti yaiva nguva ipi. Muchinda uyu akanga asingazive. Haana kumbozvidzidza. Haana kumboita hanyin'a nazvo. Zvino mutana uyu ane huchenjeri akamhanyira kwaari, zvino ndokuti, “Munhu wangu akanaka, chitorega zvako kuenda mberi. Dzoka, nokukasika. Pane madziro. Haukwandise kukwira madziro. Unoparara. Chi . . . Zviratidzo zvavepo, panguva. Ma—mafashamu achasvika kamwe-kamwe, zvino hauzokwanisa kudzoka. Chirega kuenda mberi.”

³⁵⁴ Zvino murume uyu akatendeuka, ndokumuseka, ndokuti, “Enda unozvionera zvebasa rako. Ndinoziva zvandinogona kuita nezvandisingagone.” Zvino mafashama akamubata. Maona?

³⁵⁵ Nguva inogona kunge yopera kudarika zvatinofunga. Maona? Achakubata. Chirega kuenda mberi. Musazviite, vanhu. Kana wagara uchitenda mandiri kuti ndiri muranda waMwari, tora shoko rangu mangwanani ano, kana wakambozviita. Zvichida nguva hapachina. Pane Magwaro akawanda anoratidza kuti zvakadaro. Zvino, rangarirai, handisi kuti ndizvo. Handizive. Asi ingotaraisai.

³⁵⁶ Zvino ndatodimburira kuda mapeji gumi pano, zvatandya kukutaurirai. Maona? Maona? Mai Woods vanozviziva, naVa Woods. Pandadzika mangwanani ano kuti ndinovaona, ndati, “Ini—ini handikwanise kuvaudza izvozvo, handikwanise kusvika ikoko. Ndichangoisa Magwaro akawanda sezvizvi, ndozvisiya vainazvo, nokuti zvichange zvichitepwa.” Ichaenda.

³⁵⁷ Zvino vanhu vachaseka Mharidzo ino. Zvakanaka, zvinenge zvdarika pokuti ungapadzoka, rimwe ramazuva. Enda mberi, ingova nhengo yechechi. Dimbura vhudzi rako, penda kumeso kwako. Enda mberi, ugotora “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” kana uchida, izvozvo, vaite vanaMwari vatatu wobva wava muhedheni. Enda mberi, rambira musangano rako. Zviite, kana uchida.

³⁵⁸ Iti, “Ndakatamba muMweya, ndikatura nendimi; ndinaWo.”

³⁵⁹ Ndakaona madhimoni achiita zvinhu zvimwe chete. Ndakaona varoyi vachitaura nendimi pamwe nokuidudzira; nokunyorwa nendimi dzisingazivikanwe, nokudzidudzira;

vakanwa ropa kubva mudehenya remunhu, ndokudana pana dhiyabhorosi, ndokutamba mumweya.

³⁶⁰ VaMahomadhi vanotamba mumweya, saizvozvo, kusvikira vanogona kutora zviminzwa vozvipfekera pasi peminwe yavo; uye vanotora pfumo vozvibaya kumeso, saizvozvo, vorizvomora, zvino hapana kana donhwe reropa rinobuda kubva imomo.

³⁶¹ MaIndia vanofamba pamoto, netsoka dzisina shangu, zvakadzika mafiti matatu; uye mana-, matatu-kana hwasha hwemafiti mana; vofuridza, vopumha marasha kusvika achena nekupisa; uye vorega kana kumbotsva patsoka dzavo, uye vachiramba kuti kune chinhu chakaita saJesu Kristu.

³⁶² Kwete, kwete, shamwari. IShoko rinozvitaure. Vanhu neShoko vanofanira kuva chinhu chimwe. Maona? Jesu neShoko vaive chinhu chimwe; Aive Shoko. Zvino kana Jesu ave kugara mumunhu, zvinomuita iye neShoko chinhu chimwe. Usa... Upenyu hwako hunotaura zvauri.

³⁶³ Zvino chingozvitarisa muchiringiro chaMwari, uti, “Ko ndiri kuratidzika sei mangwanani ano?” Patiri kunamata.

³⁶⁴ [Imwe hama inotaura nendimi. Imwe hama inopa dudziro. “Vana vangu, nhasi, ndinoti kwamuri. Hongu, kunyangwe Ini, Mwari Samasimba, ndatarisa panyika nhasi. Ndaona kuipa uko zvisikwa izvi kwazvasvitswa. Hongu, ndinoona chivi icho munhu, muzuva rino, ari machiri. Hongu, hamuzive here kuti ndakakuitirai chinhu chikuru? Hongu, ndakatumira munhu muzuva rino rokupedzisira, hongu, kuti ave iye muromo kuchizvarwa chino. Asi Ndinoti kwamuri, nhasi, vanhu vangu, vazhinji vakaseka zita iri. Hongu, vakafuratira zvinhu zvaakataura. Asi ndinoti kwamuri, avo vachanzwa maShoko aya, Ndichaita kuti maropafadzo makuru awire pavari. Nдини Mwari Samasimba. Ndichapa mubairo, nhasi, kune avo mukuperera vachagamuchira maShoko aya, ndizvo zvataura Jehovha.”—Mupepeti.]

Ndambeya kure naMwari,
Zvino ndave kuuya kumusha;

Namata, kana wati wambonamata!

Tambanudzai mawoko eNyu erudo,
Ishe, ndave kuuya kumusha.
Ndouya...

³⁶⁵ Apo muri kuenderera mberi nokuimba, ndiri kuda kukubvunzai chimwe chinhu. Pane imwe nzvimbo here mumoyo mako inoita sokunge yakasvibiswa nechivi? Kana zviri izvo, ino ndiyo nguva yokuzvibvisa, iye zvino, kana pachiiine tsitsi dzasara.

³⁶⁶ Izvi, ndine tariro, yokuti handizvo. Ndine tariro yokuti hatisati tasvika. Asi hazviratidzike here sokunge ndizvo?

Teererai zvataurwa neMweya Mutsvene pakati pevanhu, mushure mokunge ndapedza, “Inzwi kwamuri.”

367 Uye kana paine, kana uine rima muhupenyu hwako, hamungauyewo here ipo pano paartari zvino, patiri kuramba tichiimba. Iko zvino, kana paine kunetseka, kana paine imwe nzvimbo, chirega kuramba uchizviendesa mberi.

368 Tiine tariro nokuvimba kuti handizvo; asi zvichazovako, rimwe ramazuva, uye anogona kuva nhasi.

Zvino, Ishe, ndave kuuya . . .

369 Nemweya waunofema nemhuno dzako wakakupoterredza! Dai vanhu vari pamatepi vagona kuona zviri kuitika pano zvino; vanhu vari kumanikidzirana, vachichema, zvichibva kwese-kwese.

370 Kuti chiratidzo chiya, pandaive mukomana muduku, ndiyoyi here nguva yacho? Ndiyoyi here nguva apo vana vanoratidzika kuneta, vachisuwa; gehena richisikwa ipo pano panyika?

371 Maartari nemunzira, nezvose, zvazara zvino. Kana ukatadza kuuya paartari kana munzira, papi zvapo pakati pemazana ari pano; ingosimuka, kana ukati, “Ndinoda kumira ndinamate, kuitira kuti vanhu vazive,” kana pfugama, kana chero zvaungada. O, zvangu ini! Zvino haukwandise kuona kana munhu akagara pasi. Vanongori vanhu vakamira kwese-kwese.

372 Regai nditaure izvi. Mwari zvisaitike, Mwari zvisaitike kuti zvanataura ndezvino. Dai ndikazvinzwisisa, munhu wese; Mwari zvisaitike. Pane . . . Ndine vana vasati vapinda. Ndine vanasikana vaviri nemwanakomana. Ndine vanin’ina. Ndine hama dzangu vasati vapinda. Mwari zvisaitike kuti nyasha dzatisiya; kuti zvose izvi kunenge kwangova kuyedzesera.

373 Pane nyasha dzasara here, Ishe? Regai ndinge ndakanganisa pane izvozvi, Ishe. Ngazvisave izvo panguva ino. Kuti ini, handizvo, kuti vanhu havachagona kuponeswa. Zviitei, Ishe. Ndanamata, nokuisa unganano iyi kwaMuri zvino, nemuZita raJesu Kristu.

374 Munhu wese namata zvino, sokunge . . . Ko kana zvanga zviri izvo? Iye zvino, handizive kuti ndizvo, asi ko kana zvanga zviri izvo? Iwe namata nenzira yako. Chingonamata nenzira yaunoda kunamata. Ko dai izvi changa chiri chokwadi, ko taiita sei, vashamwari? Ko taiita sei? Chii, chii chichaitika? Zvino namata, munhu wese. Ingo—ingochema, ingonamata nenzira yaunoda. Ingochema chaiko kuna Mwari, nenzira yako. O Mwari!

Mawoko enyu erudo,
O Ishe, ndave kuuya kumusha.

375 “Ishe, ndaida kuzviita kare-kare. Ndamirira kwenguva yakarebesesa here, Ishe? Ndizvo, zvapera here? O Mwari, tambanudzai mawoko eNyu erudo mundigamuchire. Chimwe chinhu mumoyo mangu chiri kuzvikumbirisa, Ishe. Zarurai

zvakare. Kana zita rangu ranga riri muBhuku reGwayana, taurai kwandiri zvino, Ishe. Regai ndirigamuchire iye zvino. Ndapota zviitei, Mwari.”

Ndouya kumusha, ndouya kumusha,
O, kwetezve, handichazviiti, Ishe,
kuteterekazve;
Tambanudzai mawoko eNyu erudo,
O Ishe, ndave kuuya kumusha . . .

³⁷⁶ Bhaibheri rakati, pavachacherechedza Jesu, kuti, “Mumwe nomumwe achaungudza sokunge mwanakomana wavo mumwe chete auraiwa.”

. . .-uya kumusha,

³⁷⁷ Imi muri kunze, imi muri mudzimotokari, nemasaisai eredhiyo, imi makamira makapoteredza chivakwa, vazhinji venyu, chingozendamisa musoro wako pachivakwa, iti, “Ishe Mwari, ivai netsitsi kwandiri.”

Ta- . . .

Ivai makaperera kunge mave kutofa, vashamwari! Fungai kuti tiri kurarama munguva ipi! Tave papi?

. . .rudo
Ishe, ndave kuuya zvino kumusha.

Ndouya kumusha, . . .

³⁷⁸ Ishe Jesu, ndaita zvandinogonesesa zvandinoziva kuitwa kwazvo. Ndaita zvose zvandinoziva maitirwo azvo. Itai, Ishe, kuti mikova yetsitsi inge ichakazaruka. Kune ava mazana, chaiwo mazana ari kuKutsvakai panguva ino, bvisai dzvanga rose rechivi, Ishe, muvapiuze nhasi.

³⁷⁹ Ndi—ndinokumbirisa, nemoyo wangu wose, sezvo tisiri kungoona ari mumwe munhu achitaura, asi, Gwaro pachezvaRo richitiunza panguva ino iyi. Uye chiratidzo chiya, chemukomana muduku, achiona vanhu vaya muchinhano chiya; uye zvino, kufunga, kuti gehena pacharo, tsitsi dzabviswa panyika, uye zvino gehena pachezvaro rave pano, uye vanhu, Ishe, vari muchinhano ichi chinotyisa.

³⁸⁰ O Mwari Samasimba, paKereke iyi yakaSanangurwa, ndinonamata, Mwari, kuti muchadurura maropafadzo eNyu, kuitira kuti vagogamuchira shu—shumiro yechapupu, seyakava naRoti, seyakava naNoa, seyakava naJesu, kune vakarasika zvemuna Ziendanakuenda, ndokunge kana kuriko; kuti ivo pachavo vakasimbiswa muHumambo hwaMwari, asi vachipupurira Jesu kuti mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zviitei, Ishe. Dai Mukagamuchirawo chikumbiro chedu, patiri kukumbirisa nemuZita raJesu.

³⁸¹ Ingonamata nenzira yaunoda kunamata nayo zvino. Usapinde muchimbichimbi. Usapinde muchimbichimbi. Ko kana uri iwe zita rokupedzisira kuenda paBhuku?

Ndave kuuya kumusha.

Ndouya kumusha, ndouya kumusha,

³⁸² Hama Neville, imi endai kumusoro munovanamatira. Mufundisi ari kuzonamata zvino nemi pamuri kunamata. Ndichaimba.

Tambanudzai mawoko eNyu erudo,
Ishe, ndave kuuya kumusha.

Ndouya kumusha, ndouya kumusha,
Handichateterekizve; (Hongu, Ishe.)
Tambanudzai mawoko eNyu erudo,
Ishe, ndave kuuya kumusha.

Ndouya kumusha, ndouya kumusha,
Handichateterekizve;
Tambanudzai mawoko eNyu erudo,
Ishe, ndave kuuya kumusha.

³⁸³ [Hama Branham neungano vanoimba chimbo chiri pamusoro panguva iyo Hama Neville vainge vachinamata. “Mwari Samasimba, Baba vedu voKudenga, sokunge, nhasi, tinofara zvikuru kuti Matipa, sokunge, nguva ino kuti tigokwanisa kufunga pamusoro penzira dzedu pamberi peNyu. Mwari wangu, nhasi, kubva pakadzika pemweya yedu, tinochema kwaMuri, Ishe, takamirira, kwete isu toga, asi mumwe nomumwe. Itai kuti nguva ino, Mwari, ive nguva, mangwanani ano, Baba, apo Imi muchagona, kana Matambanudza tsitsi, Baba, ngazviitike, kuti ava muzuva ranhasi vasiya kuzvikudza kwavo kwese, kushamisira, nezvimwe zvinhu. Ishe Jesu, nhasi, tinonamata kuti Muchaita kuti ava vakapfugama, o, uye vakakotamisa musoro wavo muchivakwa chino chose. O Mwari, regai Inzwi riya, rinobva Kudenga, ritaure mangwanani ano. Ipai kugutsikana, Ishe. Itai kuti varume ava, vari varume nemadzimai vari kufa, Jesu, itai kuti tiwane, muzuva rino, kunyaradzwa kweChapupu chiya chabva Kudenga mangwanani ano. NemuZita raJesu Kristu, tiri kukumbirira, Ishe, kana pachiine kuwedzerwa kwetsitsi kubudikidza neRopa, ngadziuye pamusoro pemumwe nomumwe, nhasi, sokuuya kwavaita. Ngazvive saizvozvo, nhasi.”—Mupepeti.]

[Hama Neville vanoenderera mberi vachinamata. “Uye dai mumwe nomumwe, Ishe, agutsikana, nhasi, kuti Imi muri Mwari Samasimba. Kana uku kuri kuwedzerwa kwetsitsi, ngakuve kune mumwe nomumwe, pachake.”] Zviitei, Ishe. [“Ngazvive iye zvino, Baba. Uye regai rugare rwaMwari, rwagara rwuchidarika kunzwisisa, regai rwuuyezve kumoyo yakamirira.”] Hongu, Ishe. [“Itai kuti ino ive nguva yacho.”]

Hongu. [“Tinotenda kuti Manzwa kubva Kudenga.”] Mwari, zviitei. [“Chose chatakachengeterwa, kana chadarika, zvino, Ishe, tinoziva kuti magumo acho akadini.”] Hongu, Ishe. [“Asi, kana zvisiri izvo, itai kuti Chapupu chiuye.”] Hongu, Ishe. [“Itai kuti ava vauya, itai kuti vawane rugare muzuva ranhasi,”] Zviitei, Ishe. [“kubudikidza naJesu Kristu. Uye nemuZita raKe tanamata. Amen.”—Mupepeti.]

³⁸⁴ Ishe Jesu, ndinonamata kuti Mugoponesa Becky naSarah naJoseph, naivowo, zvakare, Ishe. Musarega izvi zvichiitika kuvana vangu, Ishe. Musarega izvi zvichiitika kuvanin’ina vangu neshamwari dzangu. Zviitei, Ishe.

³⁸⁵ Hatizive, hatizive, asi tiri kuona chimwe chinhu, Ishe. Chiratidzo here ichi chinozunguza iye zvino pamberi pedu? Zviitei, Ishe. Tiswededzei pedyo neMi, nokukasika, Ishe. Tinokudai uye tinoKushuvai. Itai kuti, Baba, Mwewa Mutsvene utipe kunyaradzwa mumoyo yedu iye zvino.

³⁸⁶ Tinonamata tigova zvapupu kwaMuri munguva ino, nokuti tinoziva kuti izvi zvinofanira kuitika. Zvakafanotaurwa nemuzera, zvino tinofanira kutarisana nazvo, kuti tave panguva yokuguma patinoona zviratidzo izvi zvichionekwa. Tinoziva, uye kwemakore akawanda zvino, kuti chinhu ichi chichaitika. Iye zvino tiri kuzviona zviru pamukova wedu, hashu huru dzine simba dzaMwari dziri kufamba mumigwagwa, dzichibvisa vasina kudzingiswa. Panenge pasina Ropa pamukova, ngirozi yerufu inoshanya; uye vanoenderera mberi vachirarama, asi vakafa kunyange vachirarama, vasina tsitsi, vasina Mwari, uye havakwanise kuponeswa.

³⁸⁷ Mwari, tinokutendai zvakadini nokuda kweava vakaponeswa! Tino. . . Maropafadzo makuru zvakadini kumoyo yedu, kuva mukati zvino, pasi peRopa, apo ngirozi yokupedzisira iri kupfuura nemunyika, ichibvisa avo. . .

³⁸⁸ Avo vari kunze kweRopa, vakafa vasina tsitsi. Ndiko kwaiva kudhonza kwaMosesi kwekupedzisira. Kwekutanga, mu—mujaya achitaura neIsraeri; kwechipiri, akadzika kunovadzikinura; kwechitatu, yaiva mharidzo yokupedzisira. Zvishamiso zvakanga zvaitwa, Mosesi akanga ari munzira yake yokuenda kunyika yechipikirwa, aine vakadzikinurwa.

O Mwari, ivai netsitsi, ndanamata, nemuZita raJesu.

³⁸⁹ Zvino ndiri kuda kubvunza izvi. Imi muri kunamata, imi muri kunzwa kuti mawana tsitsi, uye kuti (Mwari) unonzwa kuti uri muHumambo hwaMwari, unonzwa kuti—kuti kuti waiswa hoko neimwe nzira, kuti muna Kristu une kutenda kwekutenda kuti uri Mukristu, wakabarwa patsva uye unoziva kuti uri Mukristu, uye pasina kupokana. Ndinoshuva kuti dai mose masimuka, imi munozvida, munozvitenda, kuti tsitsi idzi dzaunzwa kwauri zvino, uye muri Makristu, uye iwe—uye iwe

unotenda kuti—kuti Ropa rakaiswa pamoyo wako, uye—uye—uye kuti waregererwa chivi chose.

³⁹⁰ Ichi changa chiri chinhu chakaoma zvikuru kuti nditaure kunemi vanhu. Ndinotenda zvikuru, uye nokuona vanhu vachibva kwese-kwese. Uye imi, ini—ini saka . . .

³⁹¹ Handizivi kuti chinhu ichi ichokwadi, asi zvinofanira kuva saizvozvo, pane imwe nguva. Munooona, zvinofanira kusvika ipapo, uye anogona kunge ari iye zvino. Maona? Munzira yose, nyika icharamba ichienderera mberi. Vanhu vacharamba vachiuva kuartari, vacharamba vachichema, asi hapana zvazvichabatsira. Maona? Vanenge vaparara, munooona, zvinenge zvapera. Panenge pasisina tsitsi. Zvirangarirei izvozvo. “Zvino nzvimbo tsvene inopfungaira chiutsi.” “Uyo ane tsvina, acharamba aine tsvina; uyo akarurama, anoramba akarurama; uye uyo ari mutsvene, acharamba ari mutsvene.” Hapachisina tsitsi, kana Gwayana ratora Bhuku; ndizvozvo, ndizvo zvose. Zvino zvinoratidzika zvikuru kuti anogona kunge ari iye zvino.

³⁹² Pamwe tine rimwe zuva; pamwe nhasi ndiro zuva racho. Pamwe mangwana ndiro reku- . . . Pamwe manheru ano ndiwo manheru okupedzisira. Pamwe rino ndiro gore rokupedzisira. Handizive, vashamwari. Ndiri kukuudzai, handizive. Handizozviudzwi.

³⁹³ Asi kana Mwari vatora zita riya rokupedzisira voridzikinura kubva muBhuku reUpenyu, ndizvo zvose. Munooona, havagone kuva vakawedzerwa, zvakadaro. Havakwanise kuva vakawedzerwa, zvakadaro. Ndizvo zvoga. Zvapera.

³⁹⁴ Vangani vanoziva kuti iChokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka. I—ichokwadi. Zvino nokuti tave kunzwa . . .

³⁹⁵ Uye ndinoona ungoro ino yandaparidzira nokuyambira, makore ose aya, uye nokuona Mharidzo seino yanda . . . iyo yanda—ndaunza nenzira yakareruka. Uye ingorangarirai, ndinozvitaure kudaro kuti muzvinzwisise, nzira *yakareruka*; zvimwewo zvinhu zvaitopotsa zvakuvhundutsai zvikuru, munooona. Asi ndangozvisiya, ndanzwa kudaro, nokuti handina chokwadi. Kana ndisina chokwadi nepandiri kufamba, ndinofamba zvinyoro-nyoro, munooona, asi ndiri kungokuudzai.

³⁹⁶ Teererai. Hamusi kufara here? Pangava here nechimwe chinhu chinodarika pakukura, chaungafunga, chawakaita muhupenyu hwako?

³⁹⁷ Ko kana zvapera zvino? Ko kana zvose zvaitwa? “O,” unoti, “Hama Branham, pamwe . . .” Hongu, ndinoziva. Vaigona kuenderera mberi. Vakazviita, nguva dzose. Ndazvitsanangura uye nokuzviratidza neMagwaro, munooona, nyika yakaramba ichifambira mberi, asi zvainge zvapera. Maona?

398 “Hupenzi hwekuperidza hunoponesa vakarasika. Uye hupenzi, kuvanhu. Huchenjeri hwaMwari.” Maona? Mwari Mweya. Anoshanda nenzira dzemweya, munoona, paanoita mashura aKe; nzira dzinoshamisa. Asi, isu tiri vanhu, tinogumirwa. Hatizive; tinongotarisa pane zvatinooona. Asi Chimwe chinhu mukati medu. . .

399 Paunofamba uchibuda mukamuri iyo pano, kana usina kumbozviona muupenyu hwako, usina kumboona chiedza chezuva, unoziva kuti wabuda mukamuri ino pano, uchipinda muchiedza chezuva kana zvimwewo. Kunodziya. Unogona kuzvinzwa. Dai pasina manzwiro emumutumbi wako unozvzivisa, waizoziva, o, pasina nzira yokuona kuti uzvione. Pasina nzira yokuona miti yegirinhi, yokuona zvisikwa; usingaoni, pasina anoona. Unoziva kuti uri muhupo hwechimwe chinhu; manzwiro ako anokuudza kudaro. Unozozviziva. Kana ndikaedza kukutaurira, “Izuva. Rine chadzera. Rinoratidza zvinhu.” Munoona, unozoziva kuti riripo nokuti unorinzwa nemanzwiro ako. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

400 Zvino, tinoziva kuti Kristu ari pano. Maona? Pamwe hauMuone nemeso ako. Maona? Pamwe haudaro. Asi nemuchiratidzo, ndinokuudzai, Ari pano. Tinozvinzwa. Tinoziva kuti pane Chimwe chinhu pano icho manzwiro edu haagone kuzivisa. Mweya ndiwo unozvzivisa, kuti Kristu ari pano.

401 Ndinonzwa kuti Akatidzikinura. Ndinonzwa kuti mazita edu ari paBhuku raKe. Ndinotenda kuti takadzikinurwa neRopa reGwayana.

Ndinokudai, uye ndinoziva kuti munodanana.

O, Ngachiropafadzwe chisungo
chinotibatanidza
Moyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
Zvakaita seizvo zviru Kumusoro.

402 Tinofanira nguva dzose kunzwa zvakadaro mumwe kune mumwe. Munoona, tinofanira, tinofanira kunzwa zvakadaro kune mumwe nomumwe. Maona? Nokuti, patinodanana, tinoda Mwari. “Unogona here kuvenga hama yako yawaona, ugoti unoda Mwari Uyo wausati waona?” Tinofanira kudanana. “Hakuna munhu ane rudo rukuru kudarika Uyo akaradzika upenyu hwaKe nokuda kwemhandu yake, kuitira kuti dzigova shamwari dzaKe.” O!

403 Munoziva here chimbo, *Ngachiropafadzwe Chibatidzo Chinosungu?* Hazvishamise here? Ngachiropafadzwe chisungiso! Mungatipawo here kodhi yacho, hanzvadzi, apo? Chingochiridzai kwenguva shoma.

404 Ko kana zvapera? Ko kana Kudhonza kweChitatu, kuri kuuya zvino, kuri kuzoparidzira vakarasika? Ko kana

mifananidzo yose iyi iri kuzoratidza zvino? Uye tirimo, uye tirimo, hazvingave zinoshamisa here? Kuyanana kwakadini!

O, ngachirofafadzwe chisungu
chinotibatanidza (hezvinoi zvinozviita)
Moyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
Zvakaita se . . .

405 Changa chiri chii? Kuyanana kwepfungwa dzine ukama. “Humambo hweNyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe.” Maona?

406 Tinoedza kuita Mwari semu—mukomana watinotuma, anotumwa kanawo zvimwe, “Mwari, itai *izvi*, itai *izvo*.”

407 Jesu wakati, “Namatai, ‘Humambo hweNyu ngahusvike. Kuda kweNyu ngakuitwe pano pasi, sezvakuri Kudenga.’” Zvakadaro, Denga rinodzikiswa zasi kwatiri, zvino tino—tinosisimudzirwa Kudenga, uye tigere kunzvimbo dzeKumatenga zvino muna Kristu Jesu. Tose tinotenda kuti Mharidzo ndeyeChokwadi, kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, anotidzikinura.

408 Ngativharei meso edu zvino tosimudza mawoko edu, patinenge tichichiimba.

Ngachirofafadzwe chisungu chinotibatanidza
Moyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
Zvakaita . . . (Rambai muchichiridza.)

409 Zvino, pashaye kana mumwe ari kunyemwerera. Ino haisi nguva yekunyemwerera. Nokuperera kwakadzama, apo chimbo ichi chiri kuridzwa, ngatikwazisanei mawoko nemumwe munhu ari pauri, uti, “Mwari vakurofafadze, Mukristu,” nokuperera.

410 Mwari vakurofafadzei, Hama Neville. [Hama Neville vanoti, “Ropafadzwai, Hama Branham!”—Mupepeti.] Makore makumi mashanu nemapfumbamwe ekuberekwa. [“Ndizvozvo.”] Nguva ndefu!

Mwari vakurofafadzei, Hama . . . ? . . .

Iye zvino ngatisimudzei mawoko edu kwaAri.

Kana takaparadzana,
Zvinotipa marwadzo emukati;
Asi ticharamba takabatana mumoyo,
Uye totarisira kusanganazve.

411 Iye zvino ngatikotamisei misoro yedu, uye, pamwe chete, tisingazive zviru mune ramangwana, panguva ino, tisingazive kunze kwekuti zvapera. Handizive. Hapana chandinogona kutaura. Hapana chandinogona kutaura. Handizive. Asi takatarisana nezvinhu zviripo zvatazarura mangwanani ano, ngatinamatei munamato watakaudzwa naShe kuti tiite.

Kunyange zviriro izvo, “Humambo hweNyu ngahuuye. Kuda kweNyu ngakuitwe.” Ngatiuitei pamwe chete.

⁴¹² [Hama Branham neungano vanoita munamato unotevera pamwe chete, kubva muna Mateo 6:9-13—Mupepeti.]

. . . *Baba vedu vari kudenga, zita renyu Ngarikudzwe noutsvene.*

Hushe hwenyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika, sezvakunoiwa kudenga.

Mutipei nhasi zvokudya zvedu zvinoringana.

Mutikanganwire mhosva dzedu, sezvatinokanganwirawo avo vane mhosva nesu.

Regai kutiisa pakuedzwa, asi mutirwire pane wakaipa: Nokuti ushe ndewenyu, nesimba, nokubwinya, nokusingaperi. Ameni.

⁴¹³ Iye zvino takakotamisa moyo yedu. Bhaibheri rakati, “Vakaimba chimbo, ndokubuda panze.” Rangarirai, pavakazviita Mugwaro, nokuda kwekuti vakanga varoverera pamuchinjikwa shumiro yaShe yeKudhonza kweChipiri, zvino Kudhonza kweChitatu kwakanga kwagadzirira kupinda. Maawa mashoma mushure mazvo, akakwira mugehena ndokunoparidzira vakarasika vakanga varamba tsitsi dzavo.

⁴¹⁴ Kodhi ya *Kutenda Kwangu Kunotarisa KwaMuri.*

Kutenda kwa—kwangu kunotarisa kwaMuri,
Iwe Gwayana ReKarivhari,
Muponesi wekudenga;
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisai zvivi zvangu zvose,
Kana kundirega . . . kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

Apo ninga nhema dzeupenyu ndofamba,
Uye kusuwa kwondimomotera,
Chivai Imi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rive chiedza nhasi,
Sukai kusuwa, kutya zvibve,
O ndiregei kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

⁴¹⁵ Ishe vakuropafadzei, vaite kuti Mwanakomana wavo nenyasha zvipenyere kwamuri. Uye Ishe vakupei Upenyu hwemuna Ziendanakuenda, uye vave nemi mune ino nyika, nemunyika ichazouya. Uye, Upenyu hwemuna Ziendanakuenda, dai maMushumira nemunguva dzisingaverengeki dzichazouya.

⁴¹⁶ Kana ino iri iyo nguva, uye tasvika panzvimbo yacho, handinyare nezvandaparidza. Uye kana mushumiri wese achizofanira kumira neungano yake otongwa, sezvandakaona muchiratidzo, ndinotenda nokuda kweEvhangeri

yandakaparidza, nokuti ndiyo Evhangeri imwe chete iyo yakaparidzwa naPauro nevamwe.

⁴¹⁷ Ndinofara nokuda kwenyu. Ndinofara nokuda kwekuti magamuchira Kristu seMuponisi wenyu. MuMude, uye munamate.

⁴¹⁸ Uye ndichakuonai nhasi masikati, Ishe vachida, na seven o'clock, pano pachechi. Mwari vakuropafadzei. Masunungurwa kuchienda.



MWEYA IRI MUTORONGO IYE ZVINO SHO63-1110M
(Souls That Are In Prison Now)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 10 Mbudzi, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org